

**TOPONIMI NAMA PANTAI WONTEN ING KABUPATEN GUNUNG
KIDUL : KAJIAN ETNOLINGUISTIK**



**Dening :
Enggar Ariwardani
17714251007**

**Thesis menika katulis kangge njangkepi saperangan syarat
kangge pikantuk gelar Magister Pendhidhikan**

**PROGRAM STUDI PENDIDIKAN BAHASA JAWA
PROGRAM PASCASARJANA
UNIVERSITAS NEGERI YOGYAKARTA**

2020

SARINING PANALITEN

ENGGAR ARIWARDANI: Toponimi Nama Pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul (Kajian Etnolinguistik). **Tesis. Yogyakarta : Program Pascasarjana, Universitas Negeri Yogyakarta. 2020.**

Panaliten menika gadhah ancas kangge ngandharaken toponimi nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul kanthi ngginakaken kajian etnolinguistik. Panaliten menika ngrembag cara anggenipun suka nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul saha konteks budaya nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul.

Panaliten menika ngginakaken jinis panaliten kualitatif-naturalistik. Data wonten ing panaliten menika awujud tembung, nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul ingkang dados panggenan wisata saha gadhah orientasi minangka panggenan wisata kirang langkung 33 data. Sumber datanipun wonten kalih inggih menika primer saha sekunder. Sumber data primer menika saking informan, wondene data sekunder saking buku nama pantai Dinas Pariwisata Kabupaten Gunung Kidul saha medhia sosial. Caranipun ngempalaken data kanthi observasi, dokumentasi, saha wawancara. Caranipun analisis data ngginakaken analisis deskriptif induktif.

Asiling panaliten menika ngandharaken bilih cara anggenipun suka nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul, wonten gayutipun kaliyan kabudayan masarakat menika, inggih menika: kapitadosan utawi religi, pegawean, organisasi sosial, kawruh, saha pirantos. Konteks budaya saking nama pantai menika adhedhasar gagasan, aktivitas, saha pirantos. Konteks budaya menika ngandharaken kadospundi nilai budaya ingkang tuwuh saking nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul. Nilai budaya ingkang wonten ing saklebetipun toponimi nama pantai Kabupaten Gunung Kidul inggih menika kadosta, (1) gegayutan antawisipunipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya saha nglestantunaken alam), (2) gegayutan antawisipunipun manungsa kaliyan manungsa sanesipun (ngajeni, tulung tinulung), (3) gegayutan antawisipunipun manungsa kaliyan masarakat (rukun, patebayan, welas asih, tepa selira), saha (4) gegayutan antawisipun manungsa kaliyan piyambakipun (andhap asor saha ngati-ati).

Pamijining tembung : toponimi, konteks budaya, etnolinguistik

ABSTRACT

ENGGAR ARIWARDANI: Toponymy of Beach Names in Gunung Kidul Regency (Ethnolinguistic Study). **Thesis. Yogyakarta: Graduate School, Yogyakarta State University, 2020.**

This study aims to explain the toponymy of beach names in Gunung Kidul Regency using ethnolinguistic studies. This study discusses the system of naming of the beaches in Gunung Kidul Regency and the cultural context of the beach names in Gunung Kidul Regency.

This research uses qualitative-naturalistic research type. The data in this study are in the form of words, the name of the beach in Gunung Kidul Regency which is a tourist attraction and oriented to become a tourist attraction; there are approximately 33 data. There are two data sources in this study, that is primary and secondary. The primary data come from informant, while the secondary data come from the beach name book of the Gunung Kidul Regency Tourism Office and social media. The data collection techniques are observation, documentation, and interviews. The data analysis technique is inductive descriptive analysis.

The results of this study demonstrate that the system of naming the beach in Gunung Kidul Regency has a relationship with the culture of the community, those are faith or religion, livelihoods, social organization, knowledge, and equipment for life. The cultural context of the beach name are based on ideas, activities and objects. The cultural context explains what the cultural values contained in the toponymy of the name of the beach in Gunung Kidul Regency are. Cultural values in the name beach toponymy in Gunung Kidul Regency are, (1) the relationship between humans and nature (cultivating and preserving nature), (2) the relationship between humans and the others (respect, mutual help), (3) the relationship between humans with the community (getting along well, fraternity, loving and caring for each other), and (4) the relationship between humans and themselves (humble, careful).

Keywords: *toponymy, cultural context, ethnolinguistics*

WEDHARAN

Kula ingkang tapak asma wonten ngandhap menika :

Nama : Enggar Ariwardani
NIM : 17714251007
Program Studi : Pendidikan Bahasa Jawa

Kanthi menika ngandharaken bilih karya ilmiah menika asiling panaliten kula piyambak saha dereng nate dipunajengaken kangge pikantuk gelar magister wonten ing perguruan tinggi, saha samangertos kula, karya ilmiah menika mboten ngandhut materi ingkang kaserat dening tiyag sanes, kajawi perangan-perangan tartamtu ingkang kula pendhet sarana kangge dhasar panyeratan kanthi nggatosaken tata cara saha paugeran panyeratan karya ilmiah ingkang umum saha kasebutaken wonten ing kapustakan.

Yogyakarta, 25 Mei 2020

Panyerat,



Enggar Ariwardani
NIM. 17714251007

PENGESAHAN

**TOPONIMI NAMA PANTAI WONTEN ING KABUPATEN GUNUNG
KIDUL : KAJIAN ETNOLINGUISTIK**

**Enggar Ariwardani
17714251007**

Tesis menika sampun dipunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal 17 Juli 2020

TIM PENGUJI

Dr. Sri Harti Widyastuti, M.Hum.
(Ketua/ Penguji)




5 Agustus 2020

PENGESAHAN

**TOPONIMI NAMA PANTAI WONTEN ING KABUPATEN GUNUNG
KIDUL : KAJIAN ETNOLINGUISTIK**

**Enggar Ariwardani
17714251007**

Tesis menika sampun dipunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal 17 Juli 2020



TIM PENGUJI

Prof. Dr. Suwarna, M,Pd.
(Sekretaris/ Penguji)




3 Agustus 2020

PENGESAHAN


**TOPONIMI NAMA PANTAI WONTEN ING KABUPATEN GUNUNG
KIDUL : KAJIAN ETNOLINGUISTIK**

**Enggar Ariwardani
17714251007**

Tesis menika sampun dipunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal 17 Juli 2020



Dr. Mulyana, M.Hum.
(Pembimbing/Penguji)


.....

6 Agustus 2020
.....

PENGESAHAN

**TOPONIMI NAMA PANTAI WONTEN ING KABUPATEN GUNUNG
KIDUL : KAJIAN ETNOLINGUISTIK**

**Enggar Ariwardani
17714251007**

Tesis menika sampun dipunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal 17 Juli 2020



Prof. Dr. Suwardi, M.Hum.
(Penguji Utama)

A handwritten signature in black ink, appearing to read 'Suwardi', is written over a horizontal dotted line.

6 Agustus 2020

PENGESAHAN

**TOPONIMI NAMA PANTAI WONTEN ING KABUPATEN GUNUNG
KIDUL : KAJIAN ETNOLINGUISTIK**

**Enggar Ariwardani
17714251007**

Tesis menika sampun dipunuji wonten ing sangajenging Tim Penguji Tesis
Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta
Tanggal 17 Juli 2020



Yogyakarta, 10 Agustus 2020.
Program Pascasarjana
Universitas Negeri Yogyakarta
Direktur,



Prof. Dr. Suyanta, M.Si.
NIP. 19660508 199203 1 002

PINGSUNG

Tesis menika kula aturaken dhumateng priyantun sepuh ingkang kinurmatan saha
sampun paring donga pangestu

PRAWACARA

Puji lan syukur konjuk dhumateng Allah SWT ingkang sampun paring rahmat saha hidayah dhateng panyerat, satemah panyerat saged mujudaken tesis lampah. Panyeratan tesis menika saged kawujud amargi wonten panyengkuyung saking mapinten-pinten pihak. Awit saking menika, panaliti ngaturaken aagunging panuwun dhumateng pihak-pihak ing ngandhap menika.

1. Bapak Dr. Mulyana, M.Hum. minangka pembimbing saha Kaprodi Pendidikan Bahasa Jawa Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta, ingkang sampun paring bimbingan saha piwulang tumrap panyerat,
2. Bapak saha Ibu Dosen Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa Program Pascasarjana matur nuwun awit saking ngelmu, piwulang, saha wejangan nalika panyerat ngangsu kawruh ing Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa,
3. Bapak Sugiyono saha Ibu Endang minangka priyantun sepuh panyerat, matur nuwun awit saking donga pangestu, saha wejangan-wehjangnipin, satemah panyerat saged mujudaken tesis menika.
4. Maturnuwun dhumateng mas Duaji Rahadyan Nursantiko, dhik Asfita Prameswari, saha mba Rintik Fidyah Pasha ingkang sampun mbiyantu anggenipun ngempalaken data.
5. Maturnuwun dhumateng sedaya kulawarga awit saking donga pangestunipun.
6. Kanca – kanca mahasiswa Program Studi Pendidikan Bahasa Jawa Program Pascasarjana Universitas Negeri Yogyakarta ingkang sampun nyukani dukungan moral saha motivasi dhumateng panyerat.

Panyerat gadhah kekajengan muging-muging tesis menika saged migunani tumrap pamaos. Mekaten kalawau atur sapala saking panyerat, muging-muging tesis menika saged murakabi.

Yogyakarta, 25 Mei 2020
Panyerat,



Enggar Ariwardani
NIM. 17714251007

DAFTAR ISI

PRAWACARA.....	xi
DAFTAR ISI.....	xii
DAFTAR TABEL	xiv
DAPTAR LAMPIRAN	xv
DAPTAR CETAKAN	xvi
BAB I PURWAKA.....	1
A. Dhasaring Panaliten.....	1
B. Underaning Perkawis.....	4
C. Watesaning Perkawis.....	4
D. Wosing Perkawis	5
E. Ancasing Panaliten	5
F. Padahing Panaliten	5
BAB II GEGARAN TEORI	7
A. Kajian Teori	7
1. Kajian Etnolinguistik	7
2. Kajian Toponimi.....	10
3. Gegayutan Basa saha Budaya.....	14
4. Konteks Budaya.....	21
B. Panaliten ingkang Jumbuh	27
C. Nalaring Pikir	31
BAB III CARANING PANALITEN	32
A. Jinsing Panaliten.....	32
B. Data saha Sumber Data.....	33
C. Panggenan Panaliten.....	34
D. Caranipun Ngempalaken Data	34
E. Pirantining Panaliten.....	36
F. Cara Analisis Data.....	36
G. Validitas saha Reliabilitas Data.....	37
BAB IV ASILING PANALITEN SAHA PIREMMBAGAN	38
A. Asiling Panaliten.....	38

B. Pirembagan	39
1. Cara anggenipun suka nama.....	40
a. Kapitadosan.....	40
b. Pakaryan.....	47
c. Seserepan.....	57
d. <i>Organisasi sosial</i>	60
e. Pirantos saha teknologi.....	63
2. Konteks Budaya.....	71
a. Aktivitas.....	72
b. Gagasan/ide.....	78
c. Pirantos/artefak.....	88
BAB V PANUTUP	95
A. Dudutan.....	95
B. Implikasi.....	96
C. Pamrayogi.....	96
KAPUSTAKAN	98
LAMPIRAN	102

DAFTAR TABEL

Tabel 1. Makna saha konteks budaya dhasaripun nyukani nama pantai ing Kabupaten Gunung Kidul.....	38
---	----

DAPTAR LAMPIRAN

Lampiran 1. Tabel Analisis.....	102
Lampiran 2. Pedoman Wawancara.....	121
Lampiran 3. Transkrip Wawancara.....	122
Lampiran 4. Dokumentasi.....	156

DAPTAR CETAKAN

- Ak. = arang kanggone
Ar = araning
Engg = enggon-enggonan
Jw = Jawi
k = krama
Kn = kuno
Kw = kawi
n = ngoko

BAB I

PURWAKA

A. Dhasaring Panaliten

Nama inggih menika cara kangge suka tetenger wonten ing salah satunggaling panggenan, priyantun, utawi pirantos. Nama ugi dipunginakaken kangge mbedakaken panggenan, priyantun, utawi pirantos setunggal saha sanesipun. Perlunipun dipunsukani nama wonten ing salah satunggaling panggenan, priyantun, utawi pirantos menika kangge adamel gampil anggenipun wicantenan. Satemah, mboten perlu ngandharaken titikan panggenan, priyantun, utawi pirantos menika, ananging namung kantun nyebataken nama panggenan, priyantun, utawi pirantos menika. Bab ingkang narik kawigatosan saking nama inggih menika anggenipun nyukani nama salah satunggaling panggenan, priyantun, utawi pirantos mesthi wonten dhasaripun. Wonten ingkang adhedhasar asal-usulipun, pangarep-arep, nama tokoh masarakat, lan sakpanunggalanipun. Menika ugi sesambetan kaliyan pamanggihipun Sugiri (2003:56) nama gadhah nilai praktis saha nilai magis. Nama mboten namung *tersurat*, ananging wonten bab ingkang *tersirat*. Bab menika kadosta pangarep-arep, kenangan, kaendahan, kebanggaan, tingkat sosial, agama, jenis kelamin, asal-usul, lan sakpanunggalanipun.

Gunung Kidul salah satunggaling Kabupaten wonten ing Provinsi Yogyakarta ingkang taksih kenthel kabudayanipun. Gunung Kidul ugi gadhah kathah jinis panggenan wisata, wonten ingkang wisata alam, wisata pra sejarah, saha wisata buatan. Wisata alam wonten Gunung Kidul ugi maneka warna jinisipun, kadosta pantai, curug, pareden, embung, lan sakpanunggalanipun. Panggenan

menika dipunrembakakaken kaliyan pamarentah kangge narik kawigatosan masarakat Indonesia saha mancanegara supados sami dolan wonten Gunung Kidul. Semanten ugi kaliyan asal-usul nama saking panggenan wisata menika. Asal-usul nama panggenan wisata utawi dhasar nyukani nama panggenan wisata saged dados daya tarik wisatawan kangge tindak dhateng panggenan menika. Ananging mboten sedaya panggenan wisata wonten ing Kabupaten Gunung Kidul mangertos asal-usul utawi dhasaripun suka nama panggenan wisata kasebut. Satemah panaliti badhe neliti bab asal-usul saha dhasar nyukani nama panggenan menika nganggem ilmu ingkang dipunginakaken kangge nyukani nama inggih menika toponimi.

Miturut KBBI (2012:1482) lumantar Camalia (2015:75) toponimi inggih menika cabang onomastika kangge mangertosi nama panggenan. Toponimi salah satunggaling bagiyon saking onomastik. Onomastik menika wonten kalih cabang ingkang sampun dados kajian, inggih menika cabang antroponimi saha cabang toponimi. Cabang antroponimi inggih menika seserepan anggenipun ngaji riwayat utawi asal-usul nama priyantun utawa ingkang dipunpriyantunaken. Menawi, toponimi inggih menika seserepan anggenipun ngaji riwayat utawi asal-usul nama panggenan (Ayatrohaedi, 1993:10).

Asal-usul nama panggenan saged dipunkaji kanthi mendalam saking dhasaripun nyukani nama ngagem kajian etnolinguistik. Etnolinguistik utawi antropologi linguistik inggih menika bidang ilmu interdisipliner ingkang nyinaoni gegayutan antawisipun basa kaliyan *seluk-beluk* pagesangan manungsa tumrapipun kabudayan minangka *seluk-beluk* inti pagesangan manungsa (Sibrani, 2015:1). Etnolinguistik ugi dipunmaknani ilmu kangge mangertosi gegayutan antawisipun

pangagening *linguistik* ingkang beda kaliyan pola budaya ingkang dipuntemtokaken wonten ing masarakat utawi ilmu ingkang nyobi kangge nemokaken gegayutan antawisipun basa, pangagening basa, saha budaya (Darheni, 2018:570-580). Pamanggih menika ugi jumbuh kaliyan tegesipun antropologi linguistik wonten ing kamus *Longman Dictionary of Applied Linguistics* ingkang ngandharaken bilih antropologi linguistik inggih menika cabang linguistik ingkang nyinaoni gegayutan antawisipun basa saha budaya wonten ing setunggal komunitas, kadosta tradisi, kapitadosan, saha struktur kulawarga (Richards & Schmidt, 2010:27) .Dados ngagem pendekatan etnolinguistik menika saged ketingal gayutipun basa kaliyan budaya ingkang wonten ing Kabupaten Gunung Kidul saking toponimi nama pantai menika.

Panaliten bab nama menika narik kawigatosan kangge dipunkaji kangge nambah pangertosan makna basa saha ugi saged nyukani pangertosan nilai budaya wonten ing nama menika, amargi nama menika gadhah dhasaripun piyambak-piyambak. Pamilihing daerah Gunung Kidul amargi Kabupaten Gunung Kidul menika gadhah jejuluk pantai gunungsewu saking kathahipun pantai saha dados simbol wisata wonten ing Kabupaten menika. Mboten namung kawontenan pantai ingkang sae ananging nama – nama pantai menika ugi ngginakaken basa jawa, inggih menika basa asli masarakat Gunung Kidul. Nama-nama pantai menika ugi wonten gayutipun kaliyan kabudayan masarakat menika, satemah nama menika dados *cermin* saking adatipun masarakat pantai piyambak. Saking maneka warna kabudayan ingkang dados dhasaripun suka nama menika, panaliten badhe neliti fenomena budaya menapa kemawon ingkang dados dhasar suka nama pantai

menika lajeng kangge mangertosi gayutipun basa saha budaya menika nama pantai bedhe dipunanalisis saking konteks budayanipun, ingkang saged awujud gagasan, aktivitas, saha artefak. Saking menika saged ketingal nilai budaya wonten ing saklebeting toponimi nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul.

B. Underaning Perkawis

Saking dhasaring panaliten menika, saged dipundhut perkawis wonten ing nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul. Perkawisipun inggih menika :

1. Satuan kebahasaan wonten ing toponimi nama pantai ing Kabupaten Gunung Kidul.
2. Cara anggenipun suka nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul.
3. Konteks budaya saking toponimi nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul adhedhasar makna toponimi.
4. Fungsi nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul.

C. Watesaning Perkawis

Saking underaning perkawis menika, saged dipunwatesi perkawis ingkang badhe dipunteliti wonten ing nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul. Perkawisipun menika antawisipunipun :

1. Cara anggenipun suka nama pantai ing Kabupaten Gunung Kidul.
2. Konteks budaya dhasar suka nama pantai ing Kabupaten Gunung Kidul.

D. Wosing Perkawis

Saking watesaning perkawis menika, saged dipundamel wosing perkawis bab nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul. Perkawisipun inggih menika:

1. Kados pundi cara anggenipun suka nama pantai ing Kabupaten Gunung Kidul?
2. Kados pundi konteks budaya anggenipun nyukani nama pantai ing Kabupaten Gunung Kidul?

E. Ancasing Panaliten

Adhedhasar wosing perkawis, saged kaandharaken ancas panaliten wonten ing ngandhap menika :

1. Ngandharaken cara anggenipun suka nama pantai wonten ing toponimi nama pantai ing Kabupaten Gunung Kidul.
2. Ngandharaken konteks budaya penamaan toponimi nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul.

F. Padahing Panaliten

Adhedhasar saking panaliten pangajabipun supados saged caos paedah inggih menika paedah teoritis saha paedah kritis.

1. Paedah teoritis

Saged nyukani pangertosan babagan cara anggenipun suka nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul, saha saged mangertosi nilai budaya ing saklebetipun nama adhedhasar konteks budaya saking nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul.

2. Paedah praktis

Saged nambah pangertosan kangge mahasiswa babagan kajian etnolinguistik cara anggenipun suka nama saha konteks budaya anggenipun nyukani nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul.

BAB II

GEGARAN TEORI

A. Kajian Teori

1. Kajian Etnolinguistik

Gegayutan antawisipun basa saha budaya dipunteliti kanthi kajian etnolinguistik. Etnolinguistik inggih menika bidang interdisipliner ingkang adhedhasar saking linguistik saha antropologi sosial ingkang wonten gayutipun antawisipun basa kaliyan budaya (Völkel, 2010:1). Etnolinguistik menika kajian basa saha buaya ingkang dados sub bidang saking antropologi (Duranti, 1997:2). Kajian etnolinguistik ugi dipunandharaken bilih menika cabang linguistik ingkang dipunginakaken kangge nyinaoni basa saking konteks sosial saha budaya (Foley, 2001:3-5). Basa piyambak minangka alat komunikasi wonten ing masarakat ingkang boten saged uwal saking budayanipun utawi situasi saha kondisi masarakat menika. Basa dipunginakaken kangge ngandharaken menapa kemawon ingkang wonten ing donyanipun panganggenipun basa utawi budaya masarakat (Yule, 2006:9). Saking basa saged nedhahaken kados pundi kabudayan panganggenipun basa menika, amargi basa gadhah pangaribawa kados pundi anggenipun masarakat ningali lingkungan sakiwa tengenipun kanthi nemtokaken simbol kangge ngandharaken salah satunggaling pirantos, prastawa, gagasan, saha kagiyatan ingkang wonten gayutipun kaliyan pagesangan masarakat menika. Pamanggih menika dipunsengkuyung kaliyan Ahimsa (1997:3) ingkang ngandharaken bilih cara manungsa ningali, mangertosi, saha ngandharaken maneka warna gejala ingkang dipunalami, sejatosipun pangaribawa saking basa ingkang

dipunginakaken. Dados gagasan utawi konsep masarakat panganggenipun basa setunggal kaliyan sanesipun beda, adhedhasar kados pundi masarakat menika ningali saha mangertosi sakiwa tengenipun piyambak-piyambak. Gagasan ingkang dipunyakini salah satunggaling suku supados mboten ical dipunwarisaken kaliyan generasinipun kanthi basa ingkang dipunciptakaken piyambak. Basa menika dipunginakaken kangge nglestantunaken kabudayan wonten ing masarakat.

Etnolinguistik kanthi etimologis ugi dipunmknani minangka ilmu babagan basa ingkang wonten gayutipun kaliyan unsur utawi perkawis kabudayan suku bangsa saha masarakat wonten ing satunggaling panggenan ing donya menika kanthi ancas mangertosi sejarah saha proses evolusi sarta sumebaripun kabudayan manungsa ing bumi menika (Baehaqie, 2013:14). Titikan saking kajian etnolinguistik menika saking objek kajian saha metode telaahipun. Objek kajianipun inggih menika struktur bahasa saha metode telaahipun inggih menika saking fakta-fakta basa lajeng dipunpanggihaken *fenomena* basa menika. Tuladhanipun, pananalitn etnolinguistik babagan *makanan dalam selamatan daur hidup masyarakat jawa* ingkang dipunteliti kaliyan Baehaqie, kajianipun dipunwiwiti kanthi inventarisasi nama dhedhaharan, saklajengipun dipun analisis saking *satuan kebahasaan*, saksampunipun dipunanalisis saking *satuan kebahasaan* lajeng dipunpadosi makna saking nama menika, makna ingkang dipunpadosi inggih menika makna semantis utawi semiotisipun ingkang dipunginakaken kangge manggihaken *fenomena* budaya ing saklebetipun panganggening nama menika. Satemah, saged dipunpanggihaken bilih wonten gegayutan atawis basa, budaya, saha gagasan manungsa/masarakat.

Gegayutan antawisipun basa, budaya, saha pikiran manungsa inggih menika konsep saking relativitas linguistik ingkang adhedhasar hipotesis Sapir-Whorf. Teori relativitas menika dipunandharaken kaliyan Franz Boas (1858-1942) ingkang saklajengipun mangaribawa Edward Sapir (1884-1939), saha gagasanipun Sapir mangaribawa muridipun Benjamin Lee Whorf (1897-1941). Teori menika ngandharaken bilih manungsa micara kanthi cara ingkang beda amargi piyambakipun gadhah gagasan ingkang beda ugi. Gagasan menika beda amargi basa piyambakipun nedhahaken makna donya ing sakiwa tengenipun kanthi cara ingkang beda. Teori menika dipunsengkuyung Sapir saha Whorf bilih struktur basa ingkang dipunginakaken terus-terusan saged mangaribawa gagasan saha tumindikipun manungsa. Miturut Kramsch (2001:11) *teori relativitas linguistik* dados dhasar *perumusan Hipotesis Sapir-Whorf* ingkang ngandharaken wonten gegayutan antawisipun basa, budaya, saha pikiran manungsa.

Konsep relativitas basa dipunadharaken kanthi diagram :




Diagram menika pamanggih saking Sapir (1921:207) ingkang ngandharaken bilih basa mboten saged dipunpisahaken saking budaya, saha salah satunggaling warisan sosial ingkang awujud panduan anggenipun tumindak saha kapitadosan ingkang nemtokaken *tekstur* pagesangan. Saking teori menika ketingal bilih basa gadhah kalih fungsi inggih menika kanthi sarana kangge nedhahaken ide utawi gagasan

kanthi objektif saha sarana verbal ingkang nedhahaken nilai-nilai budaya ingkang sifatipun relatif.

2. Kajian Toponimi

Toponimi inggih menika ilmu ingkang nyinaoni babagan nama panggenan. Proses penamaan wonten gayutipun kaliyan acuanipun. Penamaan sifatipun konvensional saha arbitrer, konvensional amargi dipunsusun adhedhasar adatipun masarakat ingkang ngagem, menawi arbitrer amargi kaanggit adhedhasar kersanipun masarakat (Nida, 1975:64). Miturut Jacob Rais wonten ing (Ruspandi & Mulyadi, 2014:2) bilih manungsa nyukani nama unsur-unsur lingkunganipun wiwit manungsa gadhah budaya saha mapan wonten ing panggenan tartamtu. Piyambakipun nyukani nama menika minangka acuan masarakat saha nama-nama menika wonten gayutipun kaliyan basa saha budaya masarakat menika. Mboten sedaya dhasar anggenipun nyukani nama panggenan menika adhedhasar wujud bumi, ananging ugi wonten ingkang mboten adhedhasar wujud bumi. Tuladhanipun, Legenda Sangkuriang ingkang dados dhasar paring nama saking asal-usulipun Gunung Tangkuban Prau wonten ing Jawa Barat. Saking tuladha menika saged dipunmangertosi bilih toponimi ugi *cerminan* saking sosial budaya ingkang ngemot sejarah pagesangan sosial, ideologis saha nilai-nilai ingkang dados pedoman masarakat (Ruspandi saha Mulyadi, 2014:3). Pamanggih menika dipunsengkuyung kaliyan pamanggihipun Maharani & Nugrahani,(2019:223) bilih nama panggenan wonten gayutipun kaliyan titikan wujud salah satunggaling panggenan, minangka srana kangge ngemutaken kaliyan tokoh-tokoh tartamtu,

ngemot pengarep-arep, utawi kangge ngemutaken prastawa ingkang wonten gayutipun kaliyan sejarah panggenan menika.

Dados proses nyukani nama menika adhedhasar kados pundi masarakat ningali saha manggihaken lingkungan sakiwa tengenipun saha anggenipun nyukani nama menika mboten sedaya adhedhasar wujudipun bumi ananging ugi gegayutan kaliyan budayanipun masarakat ingkang mapan ing panggenan menika. Kabudayan masarakat tartamtu ugi mangaribawa basanipun. Menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Koentjaraningrat (1990:143) bilih salah satunggaling unsur budaya inggih menika basa. Kabudayan ingkang beda antawisipun masarakat setunggal kaliyan sanesipun mangaribawa kaliyan basanipun ingkang beda ugi. Basa ingkang beda menika mangaribawa kaliyan toponimi ingkang beda-beda ugi. Saking menapa ingkang sampun dipunandharaken menika saged ketingal bilih kajian toponimi wonten gegayutan antawisipun basa saha budaya. Gegayutan basa saha budaya menika dipunkaji kanthi kajian etnolinguistik.

Kajian toponimi utawi cara kangge mangertosi asal-usul saking nama panggenan wonten ing panaliten menika dipungayutaken kaliyan kajian etnolinguistik ingkang adhedhasar hipotesis Sapir-Whorf inggih menika gegayutan antawisipun basa, budaya, saha gagasan manungsa. Kajian wonten ing panaliten menika dipunwiwiti kanthi inventarisasi nama pantai ingkang wonten ing Kabupaten Gunung Kidul, saklajengipun dipunanalisis kanthi *satuan kebahasaan*, saksampunipun lajeng dipunpadosi makna saking nama pantai menika. Makna menika dipuntingali saking makna leksikal saha makna kultural. Saking makna

menika lajeng dipunkaji *fenomena* basanipun ingkang dipuntingali saking gegayutan antawisipun basa saha budayanipun.

Analisis *satuan kebahasaan* dipunginakaken kangge mangertosi makna nama pantai menika kanthi linguistik utawi basanipun. *Satuan kebahasaan* dipunanalisis kanthi wujud tembung inggih menika struktur basa saha *proses morfologis* saking nama pantai menika. Tuladhanipun, Pantai Ngobaran ingkang ngalami *proses morfologis* inggih menika *afiksasi*. Ngobaran asalipun saking tembung kobar ingkang angsal ater-ater (ng-) saha panambang (-an).

Analisis makna inggih menika saking makna leksikal saha kultural. Makna inggih menika gegayutan antawisipun basa kaliyan bahasa asing ingkang dipunsepakati sesarengan kaliyan ingkang kagungan basa satemah saged dipunmagertosi (Aminuddin, 1998:50). Makna leksikal menika makna saking nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul adhedhasar kamus. Makna menika dipuntingali saking tembung lingganipun boten saking konteks budaya masarakat menika. Pamanggih menika jumbuh kaliyan teoripun Santoso (2006:18) ingkang ngandharaken bilih makna leksikal inggih menika makna dasar tembung - tembung ingkang uwal saking konteks pangangenipun. Pamanggih menika ugi dipunsengkuyung kaliyan Chaer (1995: 7-10) ingkang ngandharaken bilih semantik leksikal inggih menika semantik ingkang objek kajianipun leksikon saking basa menika. Tuladhanipun, Pantai Ngobaran ingkang asalipun saking tembung kobar ingkang angsal ater-ater (ng-) saha panambang (-an). Tembung kobar piyambak adhedhasar kamus tegesipun engg. Kn. kobong (Poerwadarminta, 1939:241).

Dados makna leksikal saking pantai ngobaran inggih menika pantai ingkang kobong.

Ewondene, makna kultural inggih makna ingkang tuwuh saking kabudayan masarakat menika. Makna menika dipuntingali saking konteks budaya masarakat menika. Pamanggih menika jumbuh kaliyan teoripun Farida (2017:6) ngandharaken bilih makna kultural inggih menika makna ingkang tuwuh wonten ing lingkungan masarakat awujud simbol-simbol ingkang dados patokan anggenipun tumindak saha makna menika tuwuh jumbuh kaliyan budaya masarakat menika. Pamanggih menika ugi dipunsengkuyung kaliyan Abdullah (1999:3). ingkang ngandharaken bilih semantik kultural utawi makna kultural inggih menika makna bahasa gadhahipun masarakat ingkang wonten gayutipun kaliyan budaya tartamtu. Tuladhanipun, Pantai Ngobaran ingkang asalipun nama saking cariyos rakyat masarakat Kabupaten Gunung Kidul inggih menika napak tilas Prabu Brawijaya V. Inti saking cariyos menika Prabu Brawijaya ingkang dipunpadosi kaliyan putranipun Raden Patah, ngobong dhiri wonten pantai menika kangge ngicalaken jejak. Panjenenganipun ngobong dhiri supados mboten dados paprangan antawisipun bapak kaliyan anak amargi panjenenganipun mboten kersa pindhah agama kanthi ngelingi bilih panjenenganipun minangka ratu ingkang gadhah rakyat, dados mboten saged sakpurunipun piyambak tanpa ningali kahanan rakyatipun. Ananging, Prabu Brawijaya menika priyantun linuweh satemah panjenenganipun mboten seda ananging muksa. Saking cariyos menika ngemot *falsafah jawa inggih menika ngluruk tanpa bala ngalahake tanpa angasorake. Ngluruk tanpa bala* maknanipun mboten sedaya paprangan kedah wonten bala

tentara, ananging wonten kalanipun paprangan menika saged dipunmenangaken tanpa dadosaken priyantun sanes korban inggih menika ngagem siasat. Bab menika ketingal saking cara Prabu Brawijaya inggih menika ngobong dhiri utawa muksa supados mboten wonten paprangan ateges mboten wonten ingkang dados korban, mboten adamel sakit putranipun ugi rakyatipun. *Ngalahake tanpa angasorake* maknanipun Menang tanpa ngasoraken lawanipun. Bab menika ketingal bilih sejatosipun Prabu Brawijaya sampun menang, amargi ingkang dados ancasiipun kalampahan inggih menika mboten wonten perang kaliyan putranipun piyambak saha mboten meksa rakyatipun kangge pindhah agami. Ananging kamenangan menika mboten kanthi nyengsaraken saha adamel kuciwa putranipun.

Saking makna leksikal saha kultural menika saged dipunkaji gayutipun antawisipun basa saha budaya.

3. Gegayutan Basa saha Budaya

Konsep *penamaan* nama panggenan menika gegayutan antawisipun basa saha budaya. Wujudipun basa dipunpangaribawa kaliyan sosial budaya masarakat panganggening basa (Mardikantoro (2016) lumatar Prihadi & Listiyorini, 2020:109). Miturut Koentjaraningrat (1990:143) basa menika salah satunggaling unsur budaya. Ananging miturut Mulyana (2011:2-3) kangge mangertosi budaya tartamtu kedah mangertosi basanipun rumiyen amargi manungsa gesang saha pikantuk pengalaman saking basanipun. Tatanan salah satunggaling basa nemtokaken kadospundi panganggening basa ningali sakiwa tengenipun (Elmes, 2013:13). Gegayutan antawisipun basa saha budaya menika dipunpahami kanthi

konsep relativitas linguistik saking hipotesis Sapir-Whorf. Hipotesis menika ngandhahaken bilih gagasan-gagasan manungsa babagan kasunyatan sosial wonten ing sakiwa tengenipun, sejatosipun celak sanget kaliyan sistem basa gadhahipun manungsa menika (Mulyana, 2011:3). Pamanggih menika dipunsengkuyung kaliyan Fromkin et.al (2011:30) bilih manungsa dipangaribawani kaliyan basa ingkang dipunginakaken amargi basa ingkang nyukani arahan anggenipun mangertosi menapa kemawon. Saking teori menika saged dipunsimpulaken bilih basa menika sarana kangge mahyakaken kondisi lingkungan sakiwa tengenipun inggih menika ingkang dados budaya masarakat menika. Dados basa saged dipungikakaken kangge njagi kabudayan ing masarakat. Pamanggih menika ugi dipunsengkuyung kaliyan pamanggihipun Khatib, Tabari, & Mohammadi (2016:48) Basa minangka ekspresi budaya kanthi verbal ingkang dipunginakaken kangge ngungkapaken saha njagi kabudayan. Miturut Sosiolog *kebahasaan* ingkang asma Fishman, basa menika kunci utawi lawang kangge nyinaoni kanthi jero kabudayan satunggaling masarakat (Nababan, 1986:51). Budaya piyambak minangka refleksi saking basa ingkang dipunginakaken, dados basa menika nedhahaken menapa kemawon ingkang dipunregani saha dipuntindakaken masarakat panganggening basa (Rangriz & Harati, 2017:212).

Nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul menika salah satunggaling simbol gagasan manungsa saking budaya ing sakiwa tengenipun ingkang awujud basa. Nama menika wujud saking *cerminan* basa saking budayanipun. Pamanggih menika jumbuh kaliyan Mulyana (2011:2) bilih salah satunggaling aspek gegayutan basa saha budaya inggih menika basa minangka *cermin* saha kabudayan masarakat.

Salah satunggaling fungsi basa minangka *cermin* budaya inggih menika nalika nyukani nama. Nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul ngginakaken basa jawa, satemah budaya masarakatipun budayanipun jawa. Priyantun jawa piyambak nalika nyukani nama mesthi wonten maknanipun. Makna menika ngemot pengarep-arep utawi cita-cita ingkang sae. Semanten ugi nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung kidul, nama menika ngginakaken basa jawa, satemah nama menika ugi wonten gayutipun kaliyan kabudayan jawa. Masarakat wonten panggenan menika anggenipun nyukani nama mesthi wonten maknanipun. Makna ingkang ngemot pangarep-arep ingkang sae utawi kabudayan masarakat menika.

Makna nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul menika ugi wonten gayutipun kaliyan kabudayan masarakat menika. Makna menika wujud saking gegayutan antawis basa saha budaya. Baehaqie (2013:17) ngandharaken bilih etnolinguistik menika fenomena basa kangge ngungkap fenomena kabudayan masarakat panganggening basa. Saking pamanggihipun Baehaqie menika ateges bilih fenomena basa wonten gayutipun kaliyan 7 unsur kabudayan kejawi basa. Cara anggenipun suka nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul menika salah satunggaling fenomena basa kangge ngungkap fenomena kabudayan, amargi cara anggenipun suka nama pantai menika adhedhasar saking fenomena budaya ingkang dipuntingali saking unsur kabudayan antawisipun:

a. Seserepan

Koentjaraningrat (1990: 369-375) ngandharaken seserepan wonten ing kabudayan wonten gayutipun kaliyan pirantos kaliyan teknologi, amargi seserepan menika sifatipun abstrak saha wujudipun wonten ing gagasan manungsa. Seserepan

ugi dipunginakaken manungsa supados saged tetep gesang. Seserepan menika wonten gayutipun kaliyan mapinten-pinten bab, antawisipun; a. alam, seserepan babagan alam tuladhanipun babagan mangsa, fenomena alam, kewan, lan sakpanunggalanipun; b. tetuwuhan, seserepan babagan tetuwuhan tuladhanipun seserepan babagan tetuwuhan ingkang saged dipunginakaken kangge ngobati penyakit, kangge nindakaken upacara adat, lan sakpanunggalanipun; c. kewan, seserepan babagan kewan inggih menika seserepan kados pundi cara buron kewan saha mangertosi sifat-sifat kewan; d. zat-zat, bahan mentah, saha pirantos wonten ing alam, seserepan menika babagan kadospundi masarakat damel pirantos kangge buron alas, kadospundi cara ngolah kewan menika supados dados dhedharan; e. awak manungsa, seserepan menika babagan kadospundi cara ngobati masarakat desa ingkang dipuntindakaken kaliyan dukun; f. sifat saha tindak tandukipun manungsa, seserepan menika babagan tata krama anggenipun bebrayan, adat-istiadat, norma, saha babagan silsilah sejarah; g. panggenan saha wekdal, seserepan menika babagan kadospundi cara ngukur wekdal, ngitung jumlah lan sakpanunggalanipun.

b. Organisasi Sosial

Koentjaraningrat (1990: 366-369) ngandharaken bilih organisasi sosial menika satunggaling wujud manungsa anggenipun bebrayan kanthi maneka werni kelompok sosial. Kelompok masarakat menika dipunatur dening adat istiadat saha aturan anggenipun bebrayan. Organisasi sosial ingkang caket inggih menika kulawarga inti, ananging anggenipun bebrayan wonten ing masarakat, kadosta masarakat desa ugi wonten lapisan tartamtu. Organisasi menika ngatur babagan

aktivitas kerjasama utawi gotong royong wonten ing komunitas, babagan sikap antawis pimpinan kaliyan pendherekipun wonten ing komunitas, saha babagan wewenang pemimpin.

c. Pirantos saha teknologi

Koentjaraningrat (1990: 341-357) ngandharaken bilih pirantos menika dipunginakaken manungsa supados saged tetep gesang. Pirantos menika antawisipun; a. pirantos produktif, pirantos menika pirantos ingkang dipunginakaken kangge nindakaken pakaryan, kadosta watu tumbuk kangge numbuk terigu; b. senjata, pirantos menika dipunginakaken kangge buron, nangkep iwak, saha kangge perang; c. wadah, pirantos menika dipunginakaken kangge madahi saha kangge nyimpen barang; d. pirantos kangge nyulet geni, pirantos ingkang dipunginakaken kangge nyulet geni antawisipun, watu, kayu, minyak, utawi gas; e. dhedhaharan, unjukan, jamu-jamuan, pirantos menika awujud bumbu, godhong-godhongan, daging, susu; f. sandhangan, pirantos menika dipunginakaken manungsa kangge njagi awakipun saking ewahipun mangsa, wujudipun kulit wit-witan, kulit kewan, utawi bahan tenun; g. panggenan, pirantos menika dipunginakaken manungsa kangge njagi piyambakipun saking bebayan, panggenan dipundamel jumbuh kaliyan swasana sakiwa tengenipun; h. kendaraan, kendaraan menika dipundamel supados manungsa langkung gampang anggenipun tindakakan utawi pindah saking panggenan setunggal dumugi setunggalipun, tuladhanipun kreta, kewan, prahu, lan sakpanunggalanipun.

d. Pakaryan

Koentjaraningrat (1990: 357-366) ngandharaken bilih pakaryan menika satunggaling cara masarakat kangge nyekapi kabetahan padintenipun supados tetep gesang. Pakaryan ingkang dipuntindakaken masarakat antawisipun mburu saha ngracik, ternak, tani, miyang, saha tani kanthi irigasi. Nama pantai ingkang anggenipun suka nama saking fenomena budaya religi antawisipun.

e. Kapitadosan

Koentjaraningrat (1990: 375-379) ngandharaken bilih kapitadosan menika pitados dhumateng kekiyatan supranatural inggih menika pitados dhumateng dewa-dewa, animisme, dinamisme, saha pitados dhumateng Gusti Allah. Kapitadosan menika ugi pitados dhumateng cariyos ingkang dipunpitados suci babagan sejarah para dewa. Unsur ingkang kalebet kapitadosan inggih menika panggenan kangge nindakaken upacara sakral kadosta, candi, pura, masjid, gereja, wihara, saha panggenan sanes ingkang dipunpitados suci, wekdal katindakaken upacara sakral, inggih menika dinten ingkang dipunpitados suci, pirantos ingkang dipunginakaken kangge nindakaken upacara sakral, kadosta patung, kalung, sesajen, tasbih, lan rosario, priyantun ingkang mimpin satunggaling upacara sakral, inggih menika priyantun ingkang dipunpitados gadhah kakiyatan inggil tinimbang priyantun sanesipun, kadosta ustad, pastor, dukun, tetua adat, saha biksu.

f. Kesenian

Koentjaraningrat (1990:380) ngandharaken bilih kesenian menika wonten gayutipun kaliyan dipuntemokaken pirantos-pirantos utawi artefak padintenan ingkang wonten unsur seni, kadosta patung, ukiran, saha hiasan. Kejawi seni rupa

wonten ugi wujud kesenian sanesipun inggih menika wonten seni musik, seni tari saha seni drama. Seni musik menika seni ingkang gayutipun kaliyan swanten , lajeng seni taringandharaken babagan lampahing tarian ananging mboten ngandharaken *koreografi* saking gerak tari menika. Semanten ugi seni drama menika ngandharaken dongeng kemawon utawi dipungayutaken kaliyan kapitadosan suku-suku.

Tuladhanipun cara anggenipun suka nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul adhedhasar fenomena budaya kadosta nama pantai Ngobaran ingkang sampun kaandharaken kalawau. Pantai Ngobaran saking tembung kobar, kobar menika makna kanthi linguistikipun kobong. Lajeng, makna kulturalipun utawi makna kanthi budayakipun tembung kobong menika adhedhasar cariyos rakyat masarakat pantai ngobaran asalipun saking cariyos Prabu Brawijaya ingkang ngobong dhiri kangge ngicali jejak saking putranipun Raden Patah supados mboten wonten paprangan antawisipun bapa saha putranipun. Saking cariyos menika ngemot *falsafah* pagesangan priyantun jawa, inggih menika *ngluruk tanpa bala ngalahake tanpa angasorake*. Unen-unen menika dipungambaraken saking kados pundi Prabu Brawijaya anggenipun ngrampungaken perkawis inggih menika ngagem akal pikiran mboten ngagem paprangan. Bab menika ngandharaken bilih mboten sedaya perkawis menika dipunrampungaken kanthi paprangan ananging langkung sae kanthi akal pikiran. Saking cariyos menika ngemot fenomena budaya seserepan inggih menika etika masarakat jawa utawi tindak tandukipun masarakat jawa, kados pundi anggenipun masarakat jawa bebrayan. Analisis menika jumbuh kaliyan pamanggihipun koentjaraningrat (1990: 369-375) ngandharaken bilih

seserepan menika sifatipun abstrak saha wujudipun wonten ing gagasan manungsa, salah satunggaling seserepan inggih menika sifat saha tindak tandukipun manungsa, seserepan menika babagan tata krama anggenipun bebrayan, adat-istiadat, norma, saha babagan silsilah sejarah.

4. Konteks Budaya

Proses *penamaan* menika asil pangaribawa saking basa, budaya, saha gagasan masarakat ingkang wonten gayutipun, satemah mangaribawa ugi kaliyan pola pikir saha tindak tanduk (Astrea, 2017:49). Bahasa mboten namung minangka simbol utawi tanda ananging ugi ngemot nilai sosial budaya masarakat panganggening basa. Piliang (2012:348) ngandharaken bilih wonten konteks *culture studies*, kawontenanipun tanda saha teks mboten saged uwal saking konteks sosial wonten pundi tanda saha teks menika manggen.

Panaliten nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul mboten namung dipunmknani kanthi linguistik kemawon, ananging dipunmknani adhedhasar konteks budayanipun kangge mangertosi nilai-nilai budaya ingkang kaamot wonten ing toponimi pantai menika.

Konteks budaya inggih menika sedaya kabudayan utawi situasi-situasi non linguistis ingkang wonten komunikasi (Kridalaksana, 1983:108). Konteks budaya menika dipuntingali saking wujud kabudayanipun, antawisipun :

1. Gagasan/ideology

Gagasan / ideology inggih menika ide saking kabudayan manungsa ingkang wonten ing alam pikir manungsa saha sifatipun abstrak, mboten saged diraba saha

difoto, awujud adat istiadat ingkang ngrembaka wonten ing satunggaling kabudayan tartamtu (Koentjaraningrat, 1990:187).

2. *Aktivitas*

Aktivitas inggih menika salah satunggaling konteks budaya ing masarakat. Miturut Koentjaraningrat wonten ing Setiadi (2006:29-30) ingkang ngandharakan menawi wujud aktivitas utawi saged dipunwastani sistem sosial amargi wonten gayutipun kaliyan tumindak masarakat ingkang kapola saking masarakat piyambak, sistem sosial wonten ing aktivitas masarakat ingkang nindakaken interaksi antawisipun setunggal priyantun kaliyan sanesipun.

3. *Pirantos / barang / artefak*

Pirantos / barang / artefak inggih menika hasil fisik saking *aktivitas*, tindak tanduk, saha karya manungsa wonten ing masarakat ingkang sifatipun konkret saged diraba, ditingali, saha difoto. Tuladhanipun komputer, candi, bathik, lan sakpanunggalanipun (Koentjaraningrat, 1990: 188)

Saking konteks budaya menika saged ketingal kados pundi cara pikir saha tindak tanduking masarakat tartamtu. Cara pikir saha tindak tanduking masarakat menika mboten namung tumindak ingkang waton dipuntindakaken, ananging ngemot nilai budaya ing saklebetipun. Semanten ugi, cara pikir saha tindak-tanduking masarakat jawa mliginipun masarakat Gunung Kidul.

Nilai budaya inggih menika konsep ingkang abstrak saking alam pikir warga masarakat babagan menapa ingkang dipunanggep gadhah nilai, gadhah regi, saha penting wonten ing pagesangan, satemah dipundadosaken pedoman kaliyan masarakat anggenipun tumindak (Koentjaraningrat, 1990:190). Nilai budaya

menika wonten pangaribawanipun kaliyan sikap saha tumindakipun wonten ing pagesangan. Nilai menika ugi dados panutan kangge putra wayahipun. Miturut Djamaris (1993:2) sistem nilai budaya saged kaperang dados 5 kategori gegayutan manungsa, inggih menika :

1) nilai budaya wonten ing gayutipun manungsa kaliyan Tuhan, gegayutan manungsa kaliyan Tuhan menika mutlak mboten saged dipuntawar. Nilai budayanipun inggih menika ketakwaan, dedonga, ketaatan, saha tobat dhumateng Tuhan.

2) nilai budaya wonten ing gayutipun manungsa kaliyan alam, lingkungan menika salah satunggaling objek saking tuwuhipun pola pikir manungsa. Wonten kabudayan ingkang pasrah kaliyan alam, wonten ugi ingkang nglawan alam, saha wonten kabudayan ingkang mados kaselarasan kaliya alam. Manungsa kedah saged adaptasi kaliyan alam supados saged ngginakaken alam menika dados sumber pagesangan. Nilai budayanipun inggih menika saged ngginakaken menapa ingkang wonten ing alam, satemah manungsa kedah nglestunaken alam.

3) nilai budaya wonten ing gayutipun manungsa kaliyan manungsa sanesipun, gegayutan antawisipun manungsa setunggal kaliyan sanesipun kedah langkung ngutamakaken kaselarasan gesang ingkang asifat sae kanthi ngicalaken perkawis ingkang asifat negatif sinaosa wonten ingkang beda saking cara pikir manungsa setunggal kaliyan sanesipun, manungsa kedah ngutamakaken karukunan saha katentreman. Nilai budayanipun inggih menika saling tetulung, rasa tresna, nrima ing pandum (ikhlas) , piwulang saha manut.

4) nilai budaya ingkang dipuntindakaken manungsa wonten ing gayutipun manungsa kaliyan masarakat, nilai ingkang penting kangge masarakat sanes nilai ingkang dipunanggep wigati minangka individu. Nilai budayanipun inggih menika rembugan, adil, karukunan, saha *bijaksana*.

5) nilai budaya ingkang dipuntindakaken manungsa wonten ing gayutipun manungsa kaliyan piyambakipun, manungsa minangka makhluk individu ingkang mbetahaken *keputusan* saha rasa ayem wonten ing jiwa saha raganipun. Kodrat manungsa minangka makhluk individu menika gadhah rasa, kabetahan kangge piyambakipun saha pola pikir piyambak. Nilai kabudayanipun sareh, tanggel jawab, andhap asor, ngelmu, saha kasenengan.

Sistem nilai budaya ugi dipunandharaken C. Kluckhohn wonten ing Koentjaraningrat (1990:191) antawisipunipun :

1) Perkawis babagan hakekat saking gesangipun manungsa

Kabudayan saking hakekat karya manungsa antawisipunipun wonten kabudayan ingkang ningali gesang manungsa menika mboten sae saha nelangsa. Ananging ugi wonten ingkang ningali bilih gesang manungsa menika sae.

2) Perkawis babagan hakekat saking karya manungsa

Kabudayan saking hakekat karya manungsa antawisipunipun wonten kabudayan ingkang ningali bilih karya manungsa gadhah tujuan kangge gesang, karya manungsa saged nyukani kalenggahan ingkang saged dipunhormati kaliyan masarakat, saha minangka owahing gesang ingkang kedah ngasilaken lagkung kathah karya malih.

3) Perkawis babagan hakekat saking kalenggahan manungsa wonten ing panggenan saha wekdal

Kabudayan saking hakekat karya manungsa antawisipunipun wonten kabudayaan ingkang ningali bilih pagesangan manungsa ing jaman rumiyen menika penting. Masarakat ndadosaken prastawa-prastawa ing jaman rumiyen minangka tuladha kangge tumindak. Ananging ugi wonten kabudayan ingkang mboten ngawigatosaken prastawa ing jaman rumiyen saha ingkang masa mendatang. Masarakat menika anggenipun gesang adhedhasar menapa ingkang wonten ing jaman sakmenika. Kabudayan sanes ugi sakwalikipun, kabudayan masarakat menika langkung ngawigatosaken masa mendatang, dados rencana anggenipun gesang menika bab ingkang wigati.

4) Perkawis babagan hakekat saking gegayutan antawisipun manungsa saha alam

Kabudayan saking hakekat karya manungsa antawisipunipun wonten kabudayan ingkang ningali bilih alam minangka bab ingkang dahsyat satemah manungsa namung pasrah tanpa tumindak menapa-menapa. Ananging sakwalikipun, wonten budaya ingkang ningali alam minangka bab ingkang saged dipunlawan kaliyan manungsa, saha manungsa wajib kangge berusaha ngalahaken alam. Kabudayan sanes manggihaken bilih manungsa namung saged berusaha mados keselarasan kaliyan alam.

5) Perkawis babagan hakekat saking gegayutan manungsa kaliyan manungsa sanesipun

Kabudayan saking hakekat saking gegayutan manungsa kaliyan manungsa sanesipun antawisipunipun wonten kabudayan ingkang ningali bilih gegayutan

vertikal antawisipun manungsa saha manungsa sanes menika wigati. Kabudayan menika kanthi ndadosaken tokoh-tokoh pimpinanipun utawi priyantun ingkang derajatipun inggil pedoman anggenipun tumindak. Wonten ugi kabudayan ingkang ningali bilih gegayutan horizontal antawisipun manungsa kaliyan manungsa sanesipun langkung wigati. Wonten ing kabudayan menika gegayutan kanthi sae kaliyan tangga teparo dipunanggep wigati sanget. Kabudayan sanesipun, kabudayan ingkang individualisme utawi saksagedipun gesang tanpa nyuwun tulung kaliyan priyantun sanes kangge nggayuh ancasipun.

Panaliten menika mados asal-usul nama pantai kanthi kajian Etnolinguistik adhedhasar hipotesis Sapir-Whorf. Wonten ing hipotesis menika ngandharaken wonten gegayutan antawisipun basa, budaya, saha gagasan manungsa. Kanthi hipotesis menika ugi saged dipunmangertosi kadospundi nilai budaya ingkang tuwuh saking pola pikir masarakatipun ingkang ketinggal saking makna nama pantai menika. Tuladhanipun,

Nama pantai ngobaran adhedhasar maknanipun nilai budayanipun inggih menika gegayutan manungsa kaliyan sanesipun. Kawontenanipun priyantun sanes dipunkawigatosaken sanget kaliyan priyantun jawa (Mulder, 1985:47). Gegayutan menika ketinggal saking kadospundi masarakat pantai gunung kidul mliginipun masarakat pantai ngobaran menika sami bebrayan. Senajan wonten pantai ngobaran menika dipunbangun pura kaliyan masjid ingkang jejelan, ananging masarakat sami rukun mboten nate wonten perselisihan, masarakat sami ngormati agama sanesipun. Semanten ugi wonten pantai menika dipunbangun candi ingkang dados petilasan Prabu Brawijaya, petilasan menika dipunbangun kangge ngormati kawontenanipun

Prabu Brawijaya wonten panggenan menika. Satemah, Gagasan menika awujud nilai hormat saha rukun, inggih menika rukun saha hormat kaliyan priyantun sanes senajan beda kapitadosan saha hormat utawi ngajeni kaliyan priyantun ingkang langkung sepuh utawi ingkang dipuntuakaken. Satemah nama pantai menika dipunparingi nama ngobaran kangge ngormati saha ngemotaken bilih Prabu Brawijaya nate berjasa kangge masarakat jawa saha panjenenganipun muksa wonten panggenan menika.

B. Panaliten ingkang Jumbuh

1. Jurnal Mahabbatul Cammalia (2015) kanthi irah-irahan Toponomi Kabupaten Lamongan (Kajian Antropologi Linguistik). Jurnal menika babagan pola anggenipun nyukani nama kangge madosi nilai saha kapitadosan saking nama menika, madosi struktur tanda saking penamaan, saha manggihaken teori hipotesis Sapir-whorf saking proses penamaan menika. Panaliten menika ngginakaken pendekatan deskriptif kualitatif saha metode penyajian data informal. Asiling panaliten menika bilih toponimi Lamongan menika wonten gayutipun kaliyan Hadi, muridipun Sunan Giri ingkang pikantuk tugas kangge mbimbing saha mimpin masarakat Lamongan.
2. Jurnal Kiki Astrea (2017) kanthi irah-irahan Hipotesis Sapor-Whorf wonten ing Proses Toponimi Kabupaten Tuban. Jurnal menika ngandharaken gayutipun dialek orang Tuban kaliyan proses penamaan Kabupaten Tuban saha madosi gayutipun basa, budaya, sarta gagasan manungsa saking proses toponimi Kabupaten Tuban. Panaliten menika ngginakaken pendekatan deskriptif

kualitatif saha metode penyajian data informal. Asiling panaliten menika bilih Toponimi Kabupaten Lamongan wonten gayutipun kaliyan sosok ingkang asma Ronggolawe ingkang gadhah peran ingkang wigati kangge babad Tuban saha pungkasanipun dipunangkat dados adipati sepisan Kabupaten Tuban.

3. Disertasi Imam Baehaqie (2017) kanthi irah-irahan Nama-Nama Makanan dalam Sesaji Selamatan Daur Hidup Masyarakat Jawa Studi Kasus di Kabupaten Wonogiri: Telaah Etnolinguistik. Panaliten menika gadhah ancang kangge ngandharaken sistem tata nama makanan wonten ing sesaji selamatan *daur hidup* masyarakat Jawa, ngandharaken makna nama-nama dhedhaharan wonten ing sesaji selamatan saha *daur hidup*, saha kangge latar kulutural (alasan) saking nama dhedhaharaan wonten ing sesaji selamatan. Panaliten menika katindakaken kanthi metode cakap (wawancara) saha simak (observasi). Analisa data ngginakaken metode etnosains saha dipunjumbuhaken kanthi perkawis ingkang dipunbahas. Asiling panaliten menika wonten 62 jenis dhedhaharan ingkang dipunklasifikasikaken dados 4 kategori, inggih menika sega, tumpeng, jenang, saha jajanan. Makna saking nama-nama dhedhaharan inggih menika permohonan kaslametan nalika wonten ing fase gesang : lairan, palakrama, saha sripah. Dados medan makna kaslametan menika kaslametan wonten ing lairan, kaslametan wonten ing palakrama, saha kaslametan wonten ing sripah. Lajeng, dhasar anggenipun nyukani nama-nama dhedhaharan menika wontenipun fenomena budaya antawisipun, basa, pengetahuan, organisasi sosial, sistem peralatan hidup saha teknologi, sistem mata pencaharian hidup, religi, utawi kesenian. Saking disertasi menika pikantuk dudutan bilih relasi basa saha budaya

menika timbal balik, ateges basa saged manggihaken kawontenanipun budaya panuturipun saha kawontenan kabudayan panutur satunggaling basa saged nemtokaken kawontenan satunggaling basa.

4. Tesis Ambaristi Hersita M (2018) Kanthi irah-irahan Toponimi Desa – desa di Malang. Tesis menika babagan wujud, makna, saha aspek sosial budaya saking nama desa ing Malang. Penelitian menika ngginakaken metode kualitatif ingkang dipunanalisis kanthi teori penamaan Yayat Sudaryat. Analisis wonten ing panaliten menika, antawisipunipun (1) wujud satuan kebahasaan wonten ing toponimi desa-desa ing Malang, (2) makna saha kategorisasi toponimi desa-desa ing Malang, (3) aspek sosial saha budaya tumrap toponimi desa-desa ing Malang adhedhasar makna toponimi. Hasil saking panaliten menika, antawisipunipun (1) wujud satuan kebahasaan toponimi desa ing Malang awujud monomorfemis saha polimorfemis. Tembung polimorfemis awujud afiksasi, preposisi, reduplikasi, saha tembung majemuk; (2) Adhedhasar hasil analisis makna, kategori makna toponimi desa ing Malang, antawisipunipun a) aspek perwujudan ingkang wujudipun banyu, muka bumi utawi geomorfologi, floral, fauna, saha adopsi unsur pirantos alam, b) aspek kemsyarakatan awujud pepinginan, profesi, kagiyatan, saha unsur bangunan, c) aspek kebudayaan awujud folklor saha mitologi, d) aspek sanes awujud mata angin, posisi, ukuran, saha angka; (3) Kanthi acuan saking kategorisasi toponimi dados aspek sosial saha budaya ingkang dipunpanggihaken minangka faktor kangge ndorong toponimi desa wonten ing kota saha kabupaten Malang antawisipunipun a)


cariyos masarakat, b) doa saha pepinginan masarakat, c) unggah-ungguh, d) penjajahan, e) kondisi alam.

5. Jurnal Prihadi (2015) Struktur Bahasa Nama Pedusunan (Kampung) di Daerah Istimewa Yogyakarta : Kajian Antropologi Linguistik. Jurnal menika babagan pandhapuking tembung, asal-usulipun tembung, wujud tembung ingkang dominan saking linguistikipun, saha kadospundi dimensi antropologinipun. Analisi data penelitian menika ngagem metode agih kanthi teknik bagi unsur langsung saha metode padan kanthi teknik referensial. Hasil saking panaliten menika, antawisipunipun (1) nama pedusunan (kampung) dominan awujud tembung kompleks, wonten ugi ingkang awujud frasa saha klausa. Tembung kompleks ingkang awujud tembung lingga dipunwuwuhi wuwuhan utawi morfem pradasar ingkang sampun angsal wuwuhan utawi pemajemukan; (2) tembung toponimi pedusunan (kampung) dominan awujud polimorfemis; (3) kathahipun wanda toponimi padusunan (kampung) dominan langkung saking kalih wanda; (4) pamilihin tembung ingkang kathah dipunginakaken inggih menika tembung padintenan; (5) nama padusunan (kampung) ing DIY dominan saking kalih tembung.

Panaliten toponimi nama panggenan wisata ing Kabupaten Gunung Kidul sami kaliyan panaliten wonten ing nginggil menika, inggih menika ngginakaken jinis panaliten kualitatif saha ngginakaken kajian etnolinguistik. Bedanipun saking objek kajianipun, panaliten menika gadhah ancar kangge ngandharaken cara anggenipun suka nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul saha konteks Budaya nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul.

C. Nalaring Pikir

Nalaring pikir dipundamel supados anggenipun nindakaken panaliten langkung gampang saha tujuan utawi arah panaliten menika langkung jelas. Menika bagan saking nalaring pikir ingkang dipundadosaken gambaran saking panaliten menika,



BAB III

CARANING PANALITEN

A. Jinsing Panaliten

Panaliten toponimi nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul ngginakaken jinising panaliten *kualitatif naturalistik*. Panaliten kanthi *kualitatif* tegesipun data ingkang dipunteliti saha hasil analisisipun dipundhut saking rekaman, pengamatan, wawancara, utawi seratan saha data menika mboten awujud angka, ananging awujud tuturan kebahasaan (Djojuroto saha Kinayati, 2000:17 lumantar Baehaqie, 2013:76). Lajeng, dipunwastani *naturalistik* amargi wonten ing panaliten menika panaliti kanthi aktif nindakaken wawanrembag kaliyan *subjek* utawi *responden* ingkang dipunteliti kanthi kondisi sakwontenipun tanpa ngoyoworo supados data ingkang dipundhut inggih menika *phenomena* asli utawi alami (Sukardi, 2006:3). Panaliten naturarulistik ugi dipunmangertosi salah satunggaling metode ilmiah ingkang dipunginakaken kangge ngungkap kedadosan sejatosipun ingkang saged katutup utawi mboten dipunmangertosi, ingkang dipunsebabaken kaliyan wontenipun cariyos kanthi lisan utawi seratan ingkang dipundamel kaliyan priyantun jaman rumiyen babagan prastawa nyata saha cara-cara ingkang kirang nyata (Sukardi, 2006:3).

Saking pamanggih menika, toponimi nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul ngginakaken metode panaliten *kualitatif naturalistik*. *Kualitatif* amargi datanipun awujud rekaman, pengamatan, wawancara, utawi seratan saha

mboten awujud angka ananging tuturan. Lajeng, *naturalistik* amargi anggenipun mundhut data kanthi aktif nindakaken wawanrembag kaliyan *subjek* utawi *responden* ingkang dipunteliti kanthi kondisi sakwontenipun tanpa ngoyoworo supados data nama pantai ingkang dipundhut inggih menika fenomena asli utawi alami.

B. Data saha Sumber Data

Data wonten ing panaliten inggih menika nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul. Data menika badhe dipunteliti saking cara anggenipun suka nama saha konteks budaya saking nama pantai menika.

Sumber data panaliten menika wonten kalih, data primer saha sekunder. Data primer inggih menika *informan* ingkang nyukani informasi data panaliten. *Informan* wonten panaliten menika wonten kalih, inggih menika *informan* saha *informan* kunci. Kriteria informan wonten ing panaliten menika inggih menika priyantun ingkang mangertosi babagan perkawis panaliten, ingkang saged dados *informan* antawisipun priyantun asli panggenan menika, priyantun ingkang yuswanipun sampun inggil (priyantun sepuh), saha priyantun ingkang dipuntuakakaken (tokoh masarakat). Lajeng kriteria *key informan* inggih menika priyantun ingkang mangertosi kanthi jangkep *informasi* ingkang dipunbetahaken wonten panaliten, ingkang dados *key informan* inggih menika juru kunci. Data sekunder inggih menika buku pariwisata saking Dinas Pariwisata Gunung Kidul saha data nama pantai saking medhia sosial. Sumber data panaliten inggih menika sedaya jinis pantai ingkang dados panggenan wisata wonten ing

Kabupaten Gunung Kidul ingkang sampun direduksi kirang langkung wonten 32 nama pantai ingkang dados panggenan wisata saha gadhah ancas dados panggenan wisata ingkang saged dipunanalisis.

C. Panggenan Panaliten

Panaliten menika katindhakaken wonten ing sedaya jinis pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul. Sedaya jinis pantai ingkang dipunmaksud inggih menika panggenan ingkang pantai ingkang dados panggenan wisata saha gadhah ancas dados panggenan wisata.

D. Caranipun Ngempalaken Data

Caranipun ngempalaken data nama panggenan wisata wonten ing Kabupaten Gunung Kidul inggih menika observasi, wawancara, saha dokumentasi. Mirutut Sukardi (2006:48) cara ngempalaken data ingkang langkung kathah dipunginakaken panaliten *naturalistik* inggih menika observasi saha wawancara, bab menika jumbuh kaliyan *filosofis* panaliten *naturalistik* supados anggenipun mundhut data, panaliti kedah *interaksi* kanthi *intensif* kaliyan *informan*, lajeng dokumentasi kangge njangkepi data panaliten.

Wonten ing panaliten menika, observasi dipuntindakaken kanthi *survey* data nama pantai ingkang wonten ing Kabupaten Gunung Kidul langsung dhateng pantai, Dinas Pariwisata Kabupaten Gunung Kidul saha mados wonten ing akun instagram bab *destinasi* wisata Kabupaten Gunung Kidul. Lajeng panaliti nemtokaken *informan* ingkang dipundadosaken *informan* saha *key informan*

wonten panaliten menika. Panaliten minangka *human instrumen* ngempalaken data kanthi langsung wonten ing panggenan panaliten inggih menika sedaya pantai ingkang dados panggenan wisata wonten ing Kabupaten Gunung Kidul. Panaliti ngawigatosaken saha nyatet menapa kemawon ingkang wonten gayutipun kaliyan ancas panaliten.

Saklajengipun, panaliti nindakaken wawancara mendalam, wawancara katinthakaken kaliyan narasumber ingkang saged paring data valid babagan panggenan wisata wonten ing Kabupaten Gunung Kidul. Metode kagem nemtokaken *informan* inggih menika *purposive sampling*. *purposive sampling* inggih menika cara anggenipun ngempalaken data kanthi nemtokaken kriteria *informan* ingkang mangertosi *informasi* ingkang dipunpadosi kaliyan panaliti (Muhajir, 1996:31). Wawancara menika ugi kantindhakaken kangge jangkepi data ingkang dipunkempalaken kanthi observasi.

Data menika dipunjangkepin kanthi dokumentasi, dokumentasi wonten ing panaliten menika awujud cathetan hasil wawancara, rekaman wawancara, saha nama panggenan wisata wonten ing Kabupaten Gunung Kidul. Dokumen nama panggenan wisata ingkang wonten ing Kabupaten Gunung Kidul menika pikantuk saking plang nama pantai ingkang wonten ing panggenan wisata. Saking nama menika panaliti saged mangertosi pantai menapa kemawon ingkang badhe dados objek panaliten.

E. Pirantining Panaliten

Panaliti tumindak langsung kangge neliti data ingkang dipunbiyantu kaliyan alat bantu kadosta dokumen, kamus, saha pedoman wawancara. Piranti ingkang awujud dokumen inggih menika daftar panggenan wisata wonten ing Kabupaten Gunung Kidul. Kamus minangka piranti ingkang dipunginakaken kangge madosi tegesing tembung nama panggenan wisata wonten ing Kabupaten Gunung Kidul. Saklajengipun, pedoman wawancara awujud pitakonan bab biodata, dhasaripun nyukani nama pantai saha gayutipun kabudayan masarakat sakiwa tengenipun pantai kaliyan nama pantai menika.

F. Cara Analisis Data

Cara analisis data panaliten inggih menika analisis *deskriptif* induktif. Analisis induktif menika mboten gadhah ancas kangge nyukani bukti teori utawi hipotesis. Teori saha simpulan awujud saking maneka warna data ingkang saestu saking lapangan saha dipunbahas kanthi *multiperspektif* (Sutopo, 2006:119-122 wonten ing Prihadi 2015:309). Tata urutanipun analisis data, inggih menika :

1. Reduksi data, data saking cathetan-cathetan lapangan dipunreduksi, dipunpilah nama pantai ingkang badhe dipunanalisis saha dipunicali nama pantai ingkang mboten dipunanalisis. Nama pantai ingkang saged dipunanalisis inggih menika nama pantai ingkang sampun dados panggenan wisata utawi wonten ancas dados panggenan wisata.
2. Penyajian data, data hasil wawancara dipunlebetaken kanthi tabel analisis lajeng dipunklasifikasi dados kalih inggih menika makna saha konteks

budaya. Makna dipunanalisis kanthi leksikal saha kultural. Saking makna menika saged ketingal konteks budaya ingkang wonten ing toponimi nama pantai wonten ing Kabupaten Bantul.

3. Narik kasimpulan, data dipunidentifikasi konteks budaya saking toponimi nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul. Gegayutan antawisipun makna toponimi nama pantai kaliyan nilai budaya wonten ing panggenan tartamtu dipunwiwiti saking wontenipun gegayutan antawisipun nama panggenan kaliyan kondisi sosiokultural ingkang mboten mesthi kanthi langsung. Dados, gegayutan ingkang mboten langsung menika kedah dipunbiyantu kanthi tafsiran mendalam ingkang wonten gayutipun kaliyan konteks budaya tumrap situasi kondisi masarakat budaya wonten ing panggenan tartamtu.

G. Validitas saha Reliabilitas Data

Validitas saha reliabilitas data panaliten menika ngginakaken triangulasi teori saha triangulasi metode. Triangulasi teori katindakaken kanthi nglempakaken data saking maneka werni sumber data, inggih menika saking observasi kanthi langsung, saking dokumentasi, saha saking narasumber. Saklajengipun, triangulasi metode katindakaken kanthi ngginakaken maneka werni metode wonten ing panaliten menika, inggih menika metode kultur-historis, observasi langsung, wawanrembag, saha cathetan.

BAB IV

ASILING PANALITEN SAHA PIREMBAGAN

A. Asiling Panaliten

Asiling panaliten wonten ing panaliten nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul (Kajian Etnolinguistik) inggih menika cara anggenipun suka nama saha konteks budaya saking dhasaripun nyukani nama pantai ing Kabupaten Gunung Kidul. Asiling panaliten saged dipunkelompokaken kanthi tabel ing ngandhap menika.

Tabel 1. Cara anggenipun suka nama saha konteks budaya dhasaripun suka nama pantai ing Kabupaten Gunung Kidul.

No	Fenomena Budaya	Makna		Konteks Budaya	Indikator
		Leksikal	Kultural		
1	2	3	4	5	6
1	Pakaryan	Ngrumput → ng + rumput Rumput → k. Soeket (Poerwadarminta, 1939:533)	<i>Pakaryan</i> masarakat inggih menika mados rumput kangge pakan ternak.	Aktivitas	(Data : 16)
2	Kapitadosan	Greweng → growong growong → Kn. 1 ing jero nggoronggong (bolong) (Poerwadarminta, 1939:165)	Panggenan kangge mertapa minangka <i>kapitadosan</i> kangge nyuwun kalenggahan, kasuksesan, saha kasarasan.	Gagasan / Ide	(Data : 33)
3	Seserepan	Ngobaran (Ng + kobar + an) Kobar → engg. Kn. kobong (Poerwadarminta, 1939:241) Ater-ater (ng-) nedhahaken tembung kriya), panambang (-n) nedhahaken panggenan.	<i>Tindaktanduking</i> saking cariyos brawijaya ngemot makna filosofi masarakat jawa inggih menika ngluruk tanpa bala, ngalahake tanpa ngasorake.		(Data : 7)
4	<i>Organisasi Sosial</i>	Sepanjang lestari (se + panjang) + lestari Panjang → jarakipun tebih saking pucuk dumugi pucuk (KBBI) Lestari → ajeg kadosta kawontenan sakderengipun, boten	masarakat pantai sepanjang lestari saged dados setunggal mboten pecah dados mapinten-pinten bagiyan kanthi <i>organisasi sosial pokdarwis</i> kangge		(Data : 15)

		ewah, bertahan, kekal (KBBI)	njagi supados pantai menika mboten punah saha rusak amargi pencemaran.		
5	Pirantos	Parangendog (Parang + endhog) Parang → engg. Kn. karang, wadhas ing segara (Poerwadarminta, 1939:472) Endhog → n. Tigan (Poerwadarminta, 1939:122)	<i>Peralatan anggenipun gesang</i> awujud watu karang ingkang abot, bulet, saha pethak ingkang dipunginkaken kangge damel pondasi griya, hiasan aquarium, saha hiasan wonten griya.	Pirantos / Artefak	(Data : 01)

Saking tabel menika dipunandharaken bilih cara anggenipun suka nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul dipunkelompokaken adhedhasar fenomena budaya saha konteks budayanipun. Fenomena budaya saking nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul antawisipun, kapitadosan, pakaryan, pirantos, seserepan, saha *organisasi sosial*. Lajeng, konteks budaya dhasaripun nyukani nama dipunanalisis adhedhasar wujud kabudayaan wonten ing masarakat menika antawisipun, aktivitas, gagasan, saha pirantos/artefak.

B. Pirembagan

Toponimi nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul dipunanalisis kanthi cara anggenipun suka nama saha konteks budaya saking dhasaripun nyukani nama. Cara anggenipun suka nama adhedhasar fenomena budaya wonten ing pantai menika. Fenomena menika ketingal saking makna nama pantai menika. Makna nama pantai dipunanalisis makna leksikal kanthi kamus saha makna kultural kanthi wawancara narasumber. Saklajengipun, konteks budaya dipunadopsi saking kabudayaan masarakat menika. Konteks budaya dipunmaknani minangka fungsi kultural saking basa, inggih menika saking nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul. Fungsi kultural inggih menika fungsi basa ingkang wonten

gayutipun kaliyan kabudayan saha sistem sosial masarakat ing padintenan (Widada, 1993:38 wonten ing Mulyana, 2011:2). Kabudayan piyambak dipunandharaken Setiadi (2006:36) minangka hasil saking interaksi manungsa kaliyan sedaya wosing alam, saking akal pikir manungsa saged ngrembakakaken kabudayan saha manungsa gesang adhedhasar saking kabudayan minangka hasil karyanipun. Cara anggenipun suka nama saha konteks budaya saking dhasar nyukani nama pantai dipunandharaken kanthi mekaten,

1. Cara anggenipun suka nama

Sistem penamaan utawi cara anggenipun suka nama dipunwastani toponimi. Cara anggenipun suka nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul adhedhasar saking fenomena budaya wonten ing papan menika. Fenomena menika ketinggal saking makna nama papan menika. Makna inggih menika gegayutan antawisipun basa kaliyan basa asing ingkang dipunsepakati sesarengan kaliyan ingkang kagungan basa satemah saged dipunmagertosi (Aminuddin, 1998:50). Fenomena budaya saking nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul wonten 5 jenis ingkang ketinggal saking makna leksikal saha kultural nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul.

a. Kapitadosan

Koentjaraningrat (1990: 375-379) ngandharaken bilih kapitadosan menika pitados dhumateng kekiyatan supranatural inggih menika pitados dhumateng dewa-dewa, animisme, dinamisme, saha pitados dhumateng Gusti Allah. Kapitadosan menika ugi pitados dhumateng cariyos ingkang dipunpitados suci babagan sejarah para dewa. Unsur ingkang kalebet kapitadosan inggih menika panggenan kangge

nindakaken upacara sakral kadosta, candi, pura, masjid, gereja, wihara, saha panggenan sanes ingkang dipunpitados suci, wekdal katindakaken upacara sakral, inggih menika dinten ingkang dipunpitados suci, pirantos ingkang dipunginakaken kangge nindakaken upacara sakral, kadosta patung, kalung, sesajen, tasbih, lan rosario, priyantun ingkang mimpin satunggaling upacara sakral, inggih menika priyantun ingkang dipunpitados gadhah kakiyatan inggil tinimbang priyantun sanesipun, kadosta ustad, pastor, dukun, tetua adat, saha biksu.

Nama pantai ingkang anggenipun suka nama saking fenomena budaya religi antawisipun,

Pantai Kesirat (Data 02)

Pantai Kesirat asalipun saking tembung kaserat wujudipun kalih morfem (ka+serat). Adhedhasar kamus tegesipun serat inggih menika k : ditoelis (Poerwadarminta, 1939:339). Morfem (ka-) nedhahaken sampun. Dados, makna saking nama pantai kesirat adhedhasar kamus inggih menika sampun dipuntulis.

Adhedhasar narasumber nama kesirat sejatosipun kaserat, ananging masarakat sakiwa tengenipun pantai asringipun nyebut kesirat supados gampil. Kaserat menika tegesipun katulis, dados panggenan menika sampun katulis panggenan ingkang gadhah sejarah. Sejarah menika gayut kaliyan petilasan Prabu Brawijaya V ingkang wonten ing lebetipun gua pantai Kesirat. Gua menika dipunanggep sakral kaliyan masarakat pantai Kesirat, wonten ing gua menika ugi Hamengkubuwana 9 asring mertapa. Dumugi semanten pantai kesirat ugi dipunginakaken kangge jamasan. Jamasan menika dipuntindakaken kaliyan punggawa kraton ingkang dipunpandhu kaliyan juru kuncinipun inggih menika Pak

Kis. Anggenipun nindakaken jamasan ugi wonten marginipun piyambak saha kedah liwat mriku mboten saged liwat margi sanes. Semanten ugi kaliyan priyantun ingkang badhe mertapa wonten gua menika, anggenipun tumuju gua kedah liwat margi menika kanthi dipunpandhu juru kunci, menawi mboten, priyantun menika namung mubeng-mubeng ing sakiwa tengen gua mawon mboten dugi-dugi gua. Dados gua pantai menika ugi asring dipuntindakaken kangge mertapa kaliyan masarakat. Kathahipun masarakat nyuwun dipunsukani jawah supados mboten gagal panen, amargi kathahipun masarakat menika makarya dados tani.

Rumiyen nalika masarakat pantai kesirat sami gagal panen amargi kirang jawah, wonten masarakat pantai menika ingkang mertapa nyuwun supados dipunparingi jawah. Lajeng panyuwunanipun dipunwangsuli lumantar juru kuncinipun. Juru kuncinipun pantai kesirat pikantuk mimpi, bilih badhe dipunsukani jawah, masarakat mriku kedah nindakaken larungan sesaji. Masarakat sami nindakaken larungan menika supados dipunsukani jawah. Larungan menika taksih dipuntidakaken dumugi semanten nalika musim sanga. Larungan menika taksih dipunuri-uri amargi nalika mangsa ketiga menawi nandur palawija mboten dados. Ananging sakmenika mboten namung masarakat pantai kesirat kemawon ingkang sami mertapa wonten gua menika. Priyantun tebih ugi kathah ingkang sami mertapa wonten mriku. Pepinginanipun ugi beda-beda, wonten ingkang nyuwun kalenggahan, kasugihan, saha mantun saking penyakit. Anggenipun mertapa ugi beda-beda, amargi sakderengipun mertapa kedah nyuwun pirsu kaliyan juru kuncinipun, lajeng sakmangke juru kunci ingkang pikantuk mimpi saha nyawisaken sesajinipun. Senajan dados panggenan kangge pertapan nyuwun pepinginan, pantai

kesirat ugi dipunginakaken kangge wisata kanthi dipunwatesi wilayahipun. Wisata menika misuwur amargi wonten tebing pantai menika saged kangge ningali *sunset* ingkang sae. Pranyatan menika adhedhasar CLW 2 ingkang ngandharaken kados mekaten,

“kesirat menika jane kaserat mba, tertulis. Dados niki niku sampun pakem. Riyen niku ket jaman pak Sri HB 9 niku nggih sering mriki mba. Wonten mriki niku wonten petilasane Brawijaya V mba. Dados sejatosipun nggih kaserat ning le nyepetke kesirat. Niku sik paring mangertos nggih priyantun mriki ning mboten ketingal sik mbenerke aksarane mba”.

Pramila, asalipun nama kesirat adhedhasar kamus kaliyan narasumber jumbuh inggih menika sejatosipun kaserat. Kaserat menika tegesipun katulis. Dados wonten priyantun ingkang mboten ketingal ngandharaken lumantar juru kuncinipun bilih kesirat menika panggenan ingkang gadhah sejarah. Dumugi semanten wonten kesirat ugi dipunpercaya masarakat minangka panggenan ingkang sakral. Sinten kemawon ingkang gadhah pepinginan saged mertapa wonten mriku ingkang sakmangke dipunsukani wangsulan kaliyan roh ingkang njagi gua menika. Nama panggenan menika adhedhasar fenomena budaya kapitadosan, ketingal saking pranyatan bilih kesirat menika panggenan kangge nindakaken upacara sakral. Pranyatan menika dipunsengkuyung pamanggihipun Koentjaraningrat (1990:375-379) Unsur ingkang kalebet kapitadosan inggih menika panggenan kangge nindakaken upacara sakral kadosta, candi, pura, masjid, gereja, wihara, saha panggenan sanes ingkang dipunpitados suci.

Pantai Sadranan (Data : 21)

Pantai Sadranan asalipun saking tembung nyadran. Adhedhasar kamus tegesipun nyadran inggih menika kn. slametan (sesaji) ing panggenan kang kramat (Poerwadarminta, 1939:352). Dados, maknanipun nama pantai sadranan adhedhasar kamus inggih menika panggenan kangge slametan.

Adhedhasar narasumber nama sadranan wonten gayutipun kaliyan kapitadosan masarakat pantai sadranan. Sadranan inggih menika salah satunggaling upacara adat ingkang dipuntindakaken masarakat pantai sadranan nalika setunggal suro. Upacara menika wonten gayutipun kaliyan sejarah pantai sili, ingkang nyariosaken icalipun Pak guru Tugeno nalika pados iwak. Saking kedadosan menika, masarakat wonten ing pantai sadranan ngawontenaken upacara adat nyadran supados anggenipun makarya dipu sukani kaslametan. Upacara menika dipuntindakaken wonten ing panggenan dipuntemokaken jala gadhahipun Pak Tugeno. Acara nyadran menika dipuntindakaken kanthi masang jala minangka tetenger jala menika dipuntemokaken wonten ing watu, lajeng dipunparingi sajen. Sajen menika kadosta kembang telon, menyan, saha rokok. Acara menika dipuntindakaken wonten ing minggu pahing ingkang dipunlajengaken kanthi ledhek ndalunipun. Ledhek ingkang joged wonten ing acara menika mboten sembarangan. Ledhek menika saking semin, priyantun menika kedah priyantun ingkang sampun adatipun dados ledhek. Anggenipun joged, ledhek kedah madhep kidul mboten pareng ngungkuri segara. Wonten ing acara ndalu menika, priyantun ingkang sami gadhah panyuwunan utawa gadhah sakit kedah sami ndherek joged sareng kaliyan ledhek menika. Priyantun ingkang gadhah sakit nyuwun supados mantun, nalika

ndalunipun ndherek joged sareng kaliyan ledhek mbenjangipun sakit menika mantun. Ananging, priyantun ingkang gadhah panyuwunan nalika tumut joged, payuwunanipun dipunkabulaken paling mboten nalika nyadran saklajengipun. Upacara adat menika sampun dados kapitadosan masarakat pantai dumugi sakmenika. Pranyatan menika adhedhasar CLW 15 ingkang ngandharaken kados mekaten,

“Nek sadranan niku saben tahun dianakake pesta laut, nyadran niku lo mba, niku karena mriku petilasan. Riyen niku sik jenenge guru Pak Tugeno niku kan ilang, la mestine dipadose mboten ketemu, Pak Tugeno niku jalane sik ketemu dicantelke nika sik ngge nyadranan nika, neng lolose niku le semare niku ting gua slihi, sejarane Pak Tugeno biasa golek iwak ning kok ora bali-bali mulih, ndilalae digoleki sing ketemu niku jalane sik dicantelake nggon watu, mulane nek nyadranan nika sok dicanteli jala panjang ilang niku”.

Pramila, asal-usulipun nama sadranan adhedhasar kamus kaliyan narasumber jumbuh inggih menika saking cariyos pak tugeno ingkang ical nalika mados iwak wonten ing pantai menika, satemah kangge kaslamatan para *nelayan* anggenipun mados iwak lajeng dipunwontenaken upacara adat nyuwun kaslametan utawi istilahipun masarakat menika nyadran. Nama panggenan menika adhedhasar fenomena budaya kapitadosan, ketingal saking pranyatan bilih sadranan menika panggenan kangge nindakaken upacara nyadran. Pranyatan menika dipunsengkuyung pamanggihipun Koentjaraningrat (1990:375-379) Unsur ingkang kalebet kapitadosan inggih menika panggenan kangge nindakaken upacara sakral kadosta, candi, pura, masjid, gereja, wihara, saha panggenan sanes ingkang dipunpitados suci.

Pantai Greweng (Data : 33)

Pantai Greweng asalipun saking tembung growong. Adhedhasar kamus tegesipun growong inggih menika Kn. 1 ing jero nggoronggong (bolong) (Poerwadarminta, 1939:165). Dados, makna saking nama pantai greweng inggih menika bolong ingkang jero.

Adhedhasar narasumber nama greweng menika amargi tegalan wonten ing pantai greweng kathah watu ingkang growong-growong. Masarakat gunung kidul anggenipun nyebut greweng. Jaman rumiyen, pantai menika wujudipun alas ingkang angker. Senajan angker, mboten sekedhik priyantun ingkang sami mertapa wonten ing pantai menika. Watu greweng menika dipunginakaken masarakat kangge mertapa. Kathah masarakat ingkang percaya, nalika mertapa wonten pantai greweng saged kajabah menapa mawon ingkang dipunsuwun. Kathahipun masarakat wonten pantai menika nyuwun supados sukses anggenipun panen, bab menika amargi kathahipun masarakat wonten ing pantai menika makarya dados tani. Ananging, priyantun saking tebih ugi mboten sekedhik ingkang sami dhateng pantai greweng kangge mertapa nyuwung kalenggahan. Pranyatan menika adhedhasar CLW 17 ingkang ngandharaken kados mekaten,

“miturut nenek moyang, namine greweng riyen menika alas tutupan, angker. Dadi paribasane sapa mara mati merga saking wingite. Jaman nenek moyang ndisik ki pun kulina disaba sing asli mriki amargi wonten tepi menika wonten pertapan. Kulinane damel tapa-tapa. Malah priyantun saking jogja solo sami mriku. Rumiye wonten priyantun kutha ingkang mriki namanipun Pak Tadi ning pun tilar, kulinane tigang dinten tigang ndalu kepara ngantos pitung dinten pitung dalu. Ning rumiye greweng taksih rungkut mboten wonten sinar amargi saking rungkutipun kayu. Dangu-dangu mriki niku ditutup kangge hutan kayu jati nalika jaman penjajah. Sareng pun merdika kathah ingkang nyolong, senajan sampun wonten aturanipun menawi kecekel nalika nyolong nggih pun ukum, nek mboten nggih bebas mawon. Amargi kathah ingkang dicolongi, dangu-dangu kayune telas, ingkang sisanipun pun tebangi kaliyan masarakat umum. Barang mriki pun padhang, greweng menika

taksih wutuh. Paribasan wonten mriki wingit, mangke mriki dipadoske wong tua sik ngerti, lakune angin mangke diguwang ing greweng niku, dados nglumpuk mriku ngantos anget ting mriku. Dangu-dangu wonten priyayi sik gadhah cekelan, lajeng nebak greweng niku, nalika nebak priyayine nggih slamet mboten napa-napa, mula dados padhang dugi sakmenika. Nah, menapa dipunparingi nama greweng amargi ing tegalan menika kathah gua-gua, batu-batu ingkang dhuwur-dhuwur growang-growong dados greweng”.

Pramila, asal-usul nama pantai greweng adhedhasar kamus kaliyan narasumber jumbuh inggih menika saking kapitadosan masarakat pantai greweng inggih menika mertapa wonten ing pantai menika kangge nyuwun kasuksesan saha lancar anggenipun panen. Pertapan menika wonten ing gua ingkang mapan wonten ing pantai menika. Wonten ing tegalan pantai greweng kathah watu ageng ingkang growong-growong kados gua. Masarakat wonten mriku anggenipun nyebut growong menika greweng. Satemah nama greweng menika saking kathahipun watu ingkang wujudipun kados gua ing pantai menika, ingkang dipunginakaken kangge mertapa. Nama panggenan menika adhedhasar fenomena budaya kapitadosan, ketinggal saking pranyatan bilih greweng menika panggenan kangge nindakaken upacara sakral kangge mertapa. Pranyatan menika dipunsengkuyung pamanggihipun Koentjaraningrat (1990:375-379) Unsur ingkang kalebet kapitadosan inggih menika panggenan kangge nindakaken upacara sakral kadosta, candi, pura, masjid, gereja, wihara, saha panggenan sanes ingkang dipunpitados suci.

b. Pakaryan

Koentjaraningrat (1990: 357-366) ngandharaken bilih pakaryan menika satunggaling cara masarakat kangge nyekapi kabetahan padintenanipun supados

tetep gesang. Pakaryan ingkang dipuntindakaken masarakat antawisipun mburu saha ngracik, ternak, tani, miyang, saha tani kanthi irigasi. Nama pantai ingkang anggenipun suka nama saking fenomena budaya religi antawisipun,

Pantai Nguyahan (Data : 06)

Pantai Nguyahan wujudipun saking tembung (ng + uyah + an). Adhedhasar kamus tegesipun uyah inggih menika n. Sarem k. Ar jasad rasane asin asal saka kenthele banyu segara (Poerwadarminta, 1939:436). Morfem (ng-) ateges nindakake pegawean saha morfem (-an) ateges panggenan. Dados, adhedhasar kamus maknanipun nama pantai Nguyahan inggih menika panggenan kangge damel uyah.

Adhedhasar narasumber nama nguyahan menika wonten gayutipun kaliyan pagesangan masarakat pantai nguyahan ing jaman kepengker. Nalika taksih dipunjajah kaliyan walanda utawi masarakat menika anggenipun nyukani nama jaman pagebyug. Jaman menika jaman larang pangan, menapa-menapa susah. Pegawean mboten wonten, badhe mundhut menapa kemawon awis saha angel, amargi panggenan sadayan pangan menika tebih saking pantai nguyahan menika. Kangge dhahar masarakat nguyahan namung dhahar wit kates dipunparut lajeng dipunpepe lajeng dipundamel kados thiwul. Amargi kondisi ingkang kados mekaten, lajeng masarakat pantai nguyahan gadhah inovasi kangge damel sarem piyambak kanthi cara manual. Piyambakipun damel sarem namung ngangem genthong kaliyan kayu ingkang dipuntali. Panggenanipun wonten pantai nguyahan amargi kadar sarem wonten ing pantai nguyahan menika paling kathah tinimbang pantai sanesipun. Dangu-dangu pantai menika dados panggenan inkang ngasilaken

sarem paling sae wonten ing Gunung Kidul. Sarem saking panggenan menika ugi kathah ingkang dipunkintun dhateng kutha sanes. Nalika dados panggenan produksi sarem menika, masarakat pantai nguyahan ekonomipun langkung sae, ingkang waunipun mboten gadhah pegawean menapa-menapa, sakmenika masarakat sami damel sarem ingkang sakmangke dipunsade. Penghasilan saking sadayan sarem menika dipunginakaken kangge kabetahan padintenan. Ananging nalika dipuntemokaken pantai enggal inggih menika pantai dhadhap ayam, produksi sarem dipunpindhah wonten ing pantai dhadhap ayam, amargi adhedhasar panaliten pantai dhadhap ayam menika kadar saremipun langkung kathah tinimbang pantai nguyahan. Satemah sakmenika panggenan nguyahan sampun mboten dados panggenan produksi sarem ananging dipunginakaken dados panggenan wisata. Masarakat pantai nguyahan kathah ingkang gantos pegawean dados bakul panganan wonten ing panggenan wisata menika. Wonten ugi ingkang dados tukang foto saha dados tukang parkir. Pranyatan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun narasumber CLW 4 ingkang ngandharaken,

“nek nguyahan nika, riyen panggenan ngge damel uyah. Soale jaman penjajahan riyen napa-napa larang, dados do usaha dewe, mbangane tuku ra ana pasare.”

Pamanggih menika dipunsengkuyung kaliyan narasumber CLW 5, ingkang ngandharaken kados mekaten,

“nguyahan, jaman dulu waktu jaman pagebyug, jadi kita kan mau beli garam aja kan susah mba, mau beli apa susah nggk ada pekerjaan, carane wong jawa ki ora enek buron apaapa arep buru adoh, sampe batang-batang pohon kates dimakan, di parut terus dijemur terus dibikin kaya thiwul, jaman pagebyug nek cara wong mriki larang pangan. Nah, wong sini gadhah inisiatif membuat garam tapi kan manual, jaman dulu kan belum ada alat untuk membuat uyah cuma ada gentong. Hasil garam dijual di wonosari. Jadi nguyahan itu artinya tempat membuat uyah”

Pramila, asal usul nama pantai nguyahan adhedhasar kamus kaliyan narasumber jumbuh inggih menika saking pakaryan masarakat nguyahan inggih menika damel sarem. Amargi kangge mundhut sarem menika panggenanipun tebih saha reginipun awis. Satemah masarakat sami damel piyambak kanthi manual kangge dhahar supados dhedhaharan menika wonten raosipun. Sarem menika ugi kangge dipunsade minangka pegawean kangge nyekapi kabetahan padhintenan. Pranyatan menika nedhahaken bilih cara anggenipun suka nama pantai nguyahan inggih menika adhedhasar fenomena budaya pakaryan inggih menika ngracik toya segara dados sarem kangge dipundhahar saha dipunsade. Pamanggih menika dipunsengkuyung kaliyan Koentjaraningrat (1990: 357-366) ngandharaken bilih pakaryan menika satunggaling cara masarakat kangge nyekapi kabetahan padintenanipun supados tetep gesang. Pakaryan ingkang dipuntindakaken masarakat antawisipun mburu saha ngracik, ternak, tani, miyang, saha tani kanthi irigasi.

Pantai Ngrumput (Data : 16)

Pantai Ngrumput wujudipun saking morfem (ng + rumput). Adhedhasar kamus tegesipun rumput inggih menika k. Soeket (Poerwadarminta, 1939:533). Morfem ikat (-ng) ateges nindakaken pegawean. Dados, makna saking nama pantai ngrumput adhedhasar kamus inggih menika madosi rumput.

Adhedhasar narasumber nama ngrumput menika wonten gayutipun kaliyan pagesangan masarakat pantai ngrumput ing jaman kepengker. Jaman rumiyen, sakderengipun dados panggenan wisata pantai menika kebak kaliyan rumput, dados

akses dumugi pantai taksih angel. Ananging, saya dangu rumput wonten ing pinggir pantai saya telas amargi dipunmanpaataken masarakat sakiwa tengenipun pantai menika kangge nyukani pakan sapi saha menda. Kathahipun masarakat pantai ngrumput ternak sapi saha menda, amargi ternak menika minangka sumber ekonomi kangge masarakat menika. Ananging, dangu-dangu rumput wonten ing pinggir pantai menika sampun mboten runggut, dados adamel margi ingkang langkung gampil dateng pantai. Saksampunipun wonten margi ingkang langkung gampil dipunakses dateng pantai, masarakat sakiwa tengenipun pantai sami dateng wonten pantai, senajan dereng kathah ingkang dateng pantai menika. Saya dangu saya kathah priyantun ingkang dateng pantai menika, satemah masarakat sakiwa tengenipun pantai ngrumput gadhah inovasi kangge dadosaken pantai menika panggenan wisata. Masarakat sakiwa tengenipun pantai, nyukani nama pantai menika pantai ngrumput. Nama pantai ngrumput wonten gayutipun kaliyan pakaryan masarakat wonten ing mriku inggih menika adatipun masarakat wonten ing sakiwa tengenipun pantai ngrumput ingkang madosi rumput wonten panggenan menika sakderengipun dipundadosaken panggenan wisata kangge pakan ternak minangka pakaryanipun. Dumugi sakmenika panggenan menika taksih dipundadosaken sumber pakaryan kangge masarakat sakiwa tengenipun pantai, ananging sampun mboten kangge mados rumput. Sakmenika masarakat sakiwa tengenipun pantai makarya kanthi cara sadayan wonten pantai, wonten ugi ingkang dados tukang parkir, jasa foto, lan sakpanunggalanipun. Masarakat pantai ngrumput ugi damel kelompok sadar wisata ingkang dipunnyukani nama pokdarwis. Pokdarwis dipundamel supados masarakat ingkang makarya wonten ing pantai

menika langkung regeng saha wonten ingkang ngatur kangge nglestantunaken pantai menika. Wiwit pantai ngrumput dados panggenan wisata, kawontenan ekonomi masarakat ing pantai menika langkung sae tinimbang sakderengipun. Pranyatan menika adhedhasar CLW 10 ingkang ngandharaken kados mekaten,

“jaman rumiyen niku ngrumput menika alas sik mboten dikelola priyantun, dados nggih kangge pados pakan ternak dados telas rumpute, mulane pundadosaken panggenan wisata”.

Pramila, asal-usul nama pantai ngrumput adhedhasar kamus kaliyan narasumber jumbuh inggih menika saking pakaryan masarakat pantai ngrumput inggih menika ternak sapi saha menda. Kangge nyukani pakan ternakipun masarakat pantai ngrumput kedah mados rumput. Wonten ing pantai ngrumput menika masarakat sami mendhethi rumput amargi rumput wonten panggenan menika ageng-ageng saha runggut. Rumput menika dipunpendhethi dumugi telas, ananging saking telasipun rumput wonten panggenan menika ugi ndadosake sumber pakaryan enggal kangge masarakat menika. Telasipun rumput ndadosaken pantai menika ketingal, satemah masarakat pantai menika mbudidaya pantai menika dados panggenan wisata. Pranyatan menika nedhahaken bilih cara anggenipun suka nama pantai ngrumput inggih menika adhedhasar fenomena budaya pakaryan inggih menika ternak sapi saha menda. Pamanggih menika dipunsengkuyung kaliyan Koentjaraningrat (1990: 357-366) ngandharaken bilih pakaryan menika satunggaling cara masarakat kangge nyekapi kabetahan padintenanipun supados tetep gesang. Pakaryan ingkang dipuntindakaken masarakat antawisipun mburu saha ngracik, ternak, tani, miyang, saha tani kanthi irigasi.

Pantai Sundak (Data : 22)

Nama pantai Sundak asalipun saking tembung asu landhak. Adhedhasar kamus tembung Asu tegesipun k: ar. kewan kang loemrah diinggo ing wong (Poerwadarminta, 1939:20) saha Landak tegesipun kn: ar. kewan ngrikiti mawa woeloe kakoe lantjip-lantjip kaja eri (Poerwadarminta, 1939:259). Dados tegesipun pantai sundak adhedhasar kamus inggih menika kewan asu kaliyan landak.

Adhedhasar narasumber nama pantai sundak asalipun saking cariyos asu lan landak. Rumiyen masarakat Gunung Kidul mliginipun pantai Sundak gadhah adat inggih menika mburu kangge nyekapi kabetahanipun. Anggenipun mburu piyambakipun ngagem ingon-ingonanipun inggih menika asu. Kathahipun masarakat gunung kidul wonten ing pesisir gadhah ingon-ingon asu mliginipun wonten ing daerah pantai Sundak. Mboten namung kangge mburu, asu menika ugi dipunginakaken kangge njagani tanduranipun supados mboten dipunrisak kaliyan kethek, amargi rumiyen taksih kathah kethek ing pesisir. Masarakat pantai sundak kerep mburu luwak saha landak ing pinggir pantai. Piyambakipun mburu mboten kangge dipunsade anangin dipunkonsumsi piyambak. Satunggaling dinten, wonten priyantun ingkang mburu ing pesisir pantai, asu ingkang dipunbekta weruh landak, lajeng asu menika mlajar ngejar landak mlebet ing guwa. Sampun sakwetara dipuntengga, asu ingon-ingonanipun medal kanthi teles-kebes. Lajeng, priyantun menika mlebet guwa saha nemokaken tuk ing lebet guwa. Priyantun kalawau paring kabar dumateng masarakat ing sakiwa tengen, bilih wonten ing lebet guwa menika wonten tuk-ipun. Tuk kalawau dugi semanten dipundadosaken sumber pagesangan kangge masarakat sakiwa tengenipun pantai sundak. Saking kedadosan kalawau

kangge pangeling-eling pantai menika dipunsukani nama pantai Sundak ingkang tegesipun asu ngoyak landak. Saking dipuntemokaken tuk kalawau dados kathah priyantun ingkang sami tindak pantai Sundak. Wiwitanipun priyantun sami tindak pantai Sundak kangge mendhet toya wonten tuk menika, amrgi tuk menika satunggaling sumber toya masarakat pantai Sundak nalika mangsa ketiga. Ananging dangu-dangu kathah priyantun ingkang sami dolan wonten ing pantai menika. Satemah sakmenika pantai Sundak dados panggenan wisata. Pantai Sundak menika sakmenika dados panggenan kangge pados pangan kaliyan masarakat sakiwa tengenipun pantai. Kathah ingkang sami sadayan saha wonten ugi ingkang dados juru foto saha parkir. Kondisi ekonomi masarakat sansaya sae, ingkang mburu luwak ugi sansaya sekedik, menapa malih luwakipun ugi sansaya sngel dipunpadosi. Pranyatan menika adhedhasar CLW 15 ingkang ngandharaken kados mekaten,

“nggih wonten mriki kathah landak mba, ning nek niku mergane riyen wong buron alas nika lak mbeta asu kangge buron luwak, la dugi pesisir asune weruh landak terus dionyak mlebu goa ting pantai sudak nika, njuk ical. Mulane dugi semanten pun asmani sundak, asu ngoyak landak, landak menika namung dados konsumsi pribadi, warga mriki sok masak daging luwak, turene eco ngoten, riyen nek ting mriki sedaya griya gadhah asu mba, nggih kangge buron niku, sakniki mawon sampun jarang”.

Pramila, asalipun nama pantai Sundak adhedhasar kamus saha narasumber inggih menika saking tembung asu ngoyak landak. Asu ngoyak landak menika adatipun masarakat pantai Sundak jaman kepengker inggih menika buron alas ingkang ngginakaken asu. Buronanipun landak kaliyan luwak. Landak saha luwak menika sakmangke dipunmasak lajeng dipundhahar piyambak. Satemah rumiyen kangge nyekapi kabetahan gesangipun masarakat pantai Sundak buron alas

minangka mata pencaharianipun. Pranyatan menika nedhahaken bilih cara anggenipun suka nama pantai sudak inggih menika adhedhasar fenomena budaya pakaryan inggih menika buron alas. Pamanggih menika dipunsengkuyung kaliyan Koentjaraningrat (1990: 357-366) ngandharaken bilih pakaryan menika satunggaling cara masarakat kangge nyekapi kabetahan padintenanipun supados tetep gesang. Pakaryan ingkang dipuntindakaken masarakat antawisipun mburu saha ngracik, ternak, tani, miyang, saha tani kanthi irigasi.

Pantai Ngusalan (Data : 32)

Pantai Ngusalan wujudipun saking morfem (ng + usal + an). Usal inggih menika keong laut ingkang gadhah cangkang ingkang atos (Retno, 2014). Morfem ikat (-ng) ateges nindakaken pegawean saha (-an) ateges panggenan. Dados, makna saking nama pantai ngusalan inggih menika panggenan mados usal.

Adhedhasar narasumber nama ngusalan menika asalipun saking kewan usal. Usal menika salah satunggaling kewan ingkang wujudipun kadosta keong ananging cangkangipun atos. Usal menika kewan ingkang misuwur kathah sumebar wonten ing deretan pantai Gunung Kidul. Ananging, saking deretan pantai menika ingkang paling kathah dipunpanggihaken usal inggih menika wonten ing pantai ngusalan. Senajan mekaten, usal menika kathah dipunremeni kaliyan masarakat amargi khasiat saking daging usal menika. Daging usal menika sae dipunkonsumsi kaliyan priyantun ingkang gadhah anemia. Daging menika ugi saged kangge nambah stamina dados reginipun inggil. Khasiat menika ingkang adamel usal saged dados sumber ekonomi kangge masarakat pantai ngusalan. Kathah masarakat pantai

ngusalan ingkang sami mados usal kangge dipunsade. Saking usal menika masarakat pantai ngusalan saged nyekapi kabetahanipun. Dangu-dangu nalika usal wiwit angel dipunpadosi, masarakat ndadosaken pantai menika panggenan wisata. Senajan mekaten, pantai ngusalan mlebet pantai enggal, amargi dereng sedaya masarakat mangertosi pantai menika. Pantai menika rame nalika dinten sabtu kaliyan minggu kemawon. Ananging kanthi dipundadosaken panggenan wisata menika saged mbiyantu ekonomi masarakat pantai ngusalan. Pranyatan menika adhedhasar CLW 17 ingkang ngandharaken kados mekaten,

“nek miturut sejarah simbah, kados dene ngusalan nika, amargi laute kathah usale, usal niku seperti keong ning tutupe atos, nah rehne kathah bangsa usal niku, dadi disebutne usalan”

Pramila, asal usul nama ngusalan adhedhasar kamus saha narasumber jumbuh inggih menika saking kathahipun kewan usal sumebar ing pantai ngusalan ingkang dipundadosaken sumber ekonomi masarakat. Khasiat saking usal menika ndadosaken masarakat sami remen konsumsi usal. Khasiat menika ugi ingkang ndadosaken regi usal menika awis. Satemah masarakat pantai ngusalan sami mados usal kanggen dipunsade. Pranyatan menika nedhahaken bilih cara anggenipun suka nama pantai ngusalan inggih menika adhedhasar fenomena budaya pakaryan inggih menika miyang. Pamanggih menika dipunsengkuyung kaliyan Koentjaraningrat (1990: 357-366) ngandharaken bilih pakaryan menika satunggaling cara masarakat kangge nyekapi kabetahan padintenanipun supados tetep gesang. Pakaryan ingkang dipuntindakaken masarakat antawisipun mburu saha ngracik, ternak, tani, miyang, saha tani kanthi irigasi.

c. Seserepan

Koentjaraningrat (1990: 369-375) ngandharaken seserepan wonten ing kabudayan wonten gayutipun kaliyan pirantos kaliyan teknologi, amargi seserepan menika sifatipun abstrak saha wujudipun wonten ing gagasan manungsa. Seserepan ugi dipunginakaken manungsa supados saged tetep gesang. Seserepan menika wonten gayutipun kaliyan mapinten-pinten bab, antawisipun; a. alam, seserepan babagan alam tuladhanipun babagan mangsa, fenomena alam, kewan, lan sakpanunggalanipun; b. tetuwuhan, seserepan babagan tetuwuhan tuladhanipun seserepan babagan tetuwuhan ingkang saged dipunginakaken kangge ngobati penyakit, kangge nindakaken upacara adat, lan sakpanunggalanipun; c. kewan, seserepan babagan kewan inggih menika seserepan kados pundi cara buron kewan saha mangertosi sifat-sifat kewan; d. zat-zat, bahan mentah, saha pirantos wonten ing alam, seserepan menika babagan kadospundi masarakat damel pirantos kangge buron alas, kadospundi cara ngolah kewan menika supados dados dhedharan; e. awak manungsa, seserepan menika babagan kadospundi cara ngobati masarakat desa ingkang dipuntindakaken kaliyan dukun; f. sifat saha tindak tandukipun manungsa, seserepan menika babagan tata krama anggenipun bebrayan, adat-istiadat, norma, saha babagan silsilah sejarah; g. panggenan saha wekdal, seserepan menika babagan kadospundi cara ngukur wekdal, ngitung jumlah lan sakpanunggalanipun.

Nama pantai adhedhasar fenomena budaya seserepan kaandharaken kados mekaten,

Pantai Ngobaran (Data : 07)

Pantai Ngobaran wujudipun saking morfem (ng + kobar + an). Adhedhasar kamus tegesipun kobar inggih menika engg. Kn. kobong (Poerwadarminta, 1939:241). Morfem ikat (-ng) ateges nindakaken pegawean saha morfem (-an) nedhahaken panggenan. Dados, makna saking nama pantai ngobaran adhedhasar kamus inggih menika panggenan kangge ngobong.

Adhedhasar naraasumber nama Ngobaran wonten gayutipun kaliyan kawontenan masarakat ing jaman kepengker. Jaman rumiyen, sakderengipun dados panggenan wisata pantai menika ngemot cariyos masarakat pantai ngobaran. Cariyos menika wonten gayutipun kaliyan Prabu Brawijaya V. Miturut narasumber, Prabu Brawijaya dipunpadosi kaliyan putranipun, ingkang asma Raden Patah. Raden Patah menika nyuwun ramanipun kangge nindakaken sunah inggih menika pindah dados islam. Prabu Brawijaya mboten kersa, lajeng piyambakipun medal ngalembara saking Kerajaanipun ing Majapahit. Nalika ngalembara nyusur pantai selatan, Prabu Brawijaya ngaso wonten ing mapinten-pinten panggenan. Ngantos dumugi wonten ing pantai ngobaran, piyambakipun mutusaken kangge mungkasi lampahipun. Piyambakipun ninggalaken tilas kanthi ngobong dhiri wonten panggenan menika. Ananging, sejatosipun piyambakipun mboten seda, amargi nalika dipuntuweni ingkang wonten namung panyandangipun. Prabu Brawijaya menika priyantun ingkang sekti, dados piyambakipun mboten saged seda ananging muksa. Piyambakipun milih kangge ngobong dhiri supados dados pratanda minangka piyambakipun sampun mboten wonten, amargi piyambakipun mboten kersa perang kaliyan putranipun piyambak. Dados, minangka tetenger cariyos

menika, pantai menika dipunnyukanii nama ngobaran. Sakmenika pantai ngobaran dipundadosaken panggenan wisata, wisatawan sami remen dolan wonten pantai menika amargi wonten pura saha napak tilas Prabu Brawijaya. Semanten ugi, masarakat ingkang sami gadhah inovasi kangge mbangun bangunan-bangunan ingkang narik kawigatosan wisatawan kangge *sami selfie-selfie*. Pranyatan menika adhedhasar CLW 5 ingkang ngandharaken kados mekaten,

“Jadi miturut sejarah simbah, ngobaran itu awal mulanya kan waktu runtuhnya kerajaan majapahit, kan runtuhnya majapahit Brawijaya bukan orang islam waktu ada jajahan islam itu kan masuk ke pulau jawa, awal mulanya itukan di majapahit. Nah, karena Brawijaya nggak mau masuk ke agama islam, dia melarikan diri dari rowulan. Dia melarikan diri bukan karena takut, tapi dia nggak mau perang karena raden patah kan anaknya. Nggak mau perang akhirnya dia lari dari majapahit, Cuma ada beberapa tempat yang disinggahi beliau, dan yang terakhir di Ngobaran. Karena nggak mau perang sama anaknya, akhirnya beliau membuat api dan beliau masuk ke dalam api itu. Tapi beliau kan nggak semudah itu matinya, karena beliau kan ratu, yang namanya orang jaman dulu kan wong kang linuwih, untuk menghilangkan jejak beliau kan masuk kesitu. Akhirnya raden Patah kan pulang, dia bisa seneng karena bapaknya sudah meninggal, soalnya dia kekeh dia nggak mau masuk ke agama islam karena saya punya rakyat. menurut ceritanya kan agama tidak boleh dipaksakan. Akhirnya orang jawa ada unen-unen jawa kan ngluruk tanpa bala ngalahake tanpa angasorake, nah itulah Prabu Brawijaya dengan Raden Patah karena itu tidak ada peperangan. Itu versi pertama, versi kedua ada yang mengatakan, keluarnya api itu kan istilahnya marah gitu. Tapi kalo saya yang saya yakini itu adalah versi pertama karena disini ada pertapaanya dan yang kedua itu ada sumber air tawarnya. Kemungkinan besar kalo menurut ceritanya kan itu kan dulu mukzizat sang kuasa cuman kan yang namanya raden paduka. sabda pandita ratu apa yang dia minta pasti akan terjadi”.

Pramila, asal-usulipun pantai ngobaran menika cariyos lampahipun Prabu Brawijaya ingkang muksa kanthi ngobong dhiri wonten ing pantai menika. Muksa kanthi ngobong dhiri menika cara Prabu Brawijaya supados mboten nyengsaraken rakyatipun kanthi meksa kedah pindhah kapitadosan, saha supados mboten perang kaliyan putranipun. Saking cariyos menika ngemot makna filosofi masarakat jawa inggih menika *ngluruk tanpa bala, ngalahake tanpa ngasorake*.

Filosofi menika gadhah makna bilih kangge ngrampungaken perkawis mboten kedah kanthi perang ananging ugi saged kanthi siasat, menawi menang ugi mboten pikantuk ngasoraken lawanipun. Pranyatan menika nedhahaken bilih cara anggenipun suka nama pantai ngobaran inggih menika adhedhasar fenomena budaya seserepan inggih menika tindak tandukipun manungsa ingkang wonten ing sejarah menika. Pamanggih menika dipunsengkuyung kaliyan Koentjaraningrat (1990: 369-375) ngandharaken bilih seserepan menika wonten gayutipun kaliyan mapinten-pinten bab, salah satunggaling inggih menika sifat saha tindak tandukipun manungsa, seserepan menika babagan tata krama anggenipun bebrayan, adat-istiadat, norma, saha babagan silsilah sejarah.

d. Organisasi sosial

Koentjaraningrat (1990: 366-369) ngandharaken bilih organisasi sosial menika satunggaling wujud manungsa anggenipun bebrayan kanthi maneka werni kelompok sosial. Kelompok masarakat menika dipunatur dening adat istiadat saha aturan anggenipun bebrayan. Organisasi sosial ingkang caket inggih menika kulawarga inti, ananging anggenipun bebrayan wonten ing masarakat, kadosta masarakat desa ugi wonten lapisan tartamtu. Organisasi menika ngatur babagan aktivitas kerjasama utawi gotong royong wonten ing komunitas, babagan sikap antawis pimpinan kaliyan pendherekipun wonten ing komunitas, saha babagan wewenang pemimpin.

Pantai Sepanjang lestari (Data : 15)

Nama pantai sepanjang wujudipun saking morfem (se + panjang) + lestari. Adhedhasar kamus tegesipun panjang inggih menika jarakipun tebih saking pucuk dumugi pucuk (KBBI). Morfem ikat (se-) tegesipun nedhahaken dados setunggal. Lestari inggih menika ajeg kadosta kawontenan sakderengipun, boten ewah, *bertahan, kekal* (KBBI). Dados, adhedhasar kamus tegesipun nama sepanjang inggih menika setunggal pantai ingkang jarakipun saking pucuk dumugi pucuk tetep lestantun.

Adhedhasar narasumber nama sepanjang lestari menika wonten gayutipun kaliyan kondisi masarakat wonten ing jaman rumiyen. Rumiye pantai sepanjang menika lahan pertanian ingkang statusipun *sultan ground*. Lahan menika dipunginakaken masarakat pantai sepanjang kangge tani, ananging nalika mangsa ketiga, tanduran sami kirang toya. Bab menika andadosaken masarakat pantai sepanjang mboten saged nyekapi kabetahan padintenanipun. Kathah masarakat pantai sepanjang ingkang sami nganggur saha mboten kopen. Saking kedadosan menika, masarakat gadhah gagasan kangge ngelola pantai menika dados panggenan wisata.

Pantai menika dipunbuka wiwit taun 1993. Ananging, marginipun namung setapak saha namung wonten parkir roda kalih. Wisatawan setunggal kalih sampun wonten ingkang sama dhateng pantai Sepanjang. Wiwit menika, lajeng dipundamelaken parkir roda sekawan, senajan taksi sawetara kemawon. Dangu-dangu pantai menika rame wisatawan. Wiwit menika, pantai sepanjang resmi dipunbuka dados panggenan wisata kaliyan masarakat pantai sepanjang. Rumiye pantai menika namung sisih kilen mawon ingkang dipundadosaken panggenan

wisata dereng dugi wetan, nama pantai menika pantai panjang. Ananging, ngengingi pantai menika ingkang langkung rame saha masarakat ingkang sadeyan langkung kathah, satemah dipunrembakakaken dugi kilen. Saking menika, pantai panjang dados sepanjang lestari. Tembung sepanjang ingkang ngemot pangarep-arep supados saking dawanipun pantai sepanjang saking pucuk wetan dugi pucuk kilen ingkang kirang langkung wonten 1km menika saged dados setunggal kubu pokdarwis. Lajeng tembung lestari ngemot pangarep-arep supados dugi kapan mawon pantai sepanjang wonten peningkatan ingkang asifat lestantun dados mboten punah saha rusak amargi pencemaran. Pranyatan menika adhedhasar CLW 13 ingkang ngandharaken kados mekaten,

“kalau nama sepanjang lestari itu mengandung harapan mba, dari sepanjang dulu ya mba, sepanjang itu mengandung harapan dari panjangnya pantai 1km ini supaya menjadi satu kubu pokdarwis pantai sepanjang. Sedangkan lestari, semoga dari sekian hari ini dan sampe kapanpun ada pelestarian, peningkatan, dan kelanjutan yang sifatnya lestari, jadi tidak punah, tidak rusak dan tidak berdampak pencemaran”.

Pramila, asalipun nama sepanjang lestari menika saking kondisi alam pantai menika ingkang dawa kirang langkung 1 km saha ngemot pengarep-arep masarakat menika supados pantai menika tetep lestantun saha warganipun rukun saha nyawiji. Pranyatan menika nedhahaken bilih cara anggenipun suka nama pantai sepanjang lestari inggih menika adhedhasar fenomena budaya *organisasi sosial* inggih menika dipunbentuk pokdarwis kangge ningkataken saha nglestantunaken pantai sepanjang lestari kanthi rukun saha saling gotong royong. Pamanggih menika dipunsengkuyung kaliyan Koentjaraningrat (1990: 366-369) ngandharaken bilih organisasi sosial menika satunggaling wujud manungsa anggenipun bebrayan

kanthi maneka werni kelompok sosial. Kelompok masarakat menika dipunatur dening adat istiadat saha aturan anggenipun bebrayan. Organisasi sosial ingkang caket inggih menika kulawarga inti, ananging anggenipun bebrayan wonten ing masarakat, kadosta masarakat desa ugi wonten lapiran tartamtu. Organisasi menika ngatur babagan aktivitas kerjasama utawi gotong royong wonten ing komunitas, babagan sikap antawis pimpinan kaliyan pendherekipun wonten ing komunitas, saha babagan wewenang pemimpin.

e. Pirantos saha teknologi

Koentjaraningrat (1990: 341-357) ngandharaken bilih pirantos menika dipunginakaken manungsa supados saged tetep gesang. Pirantos menika antawisipun; a. pirantos produktif, pirantos menika pirantos ingkang dipunginakaken kangge nindakaken pakaryan, kadosta watu tumbuk kangge numbuk terigu; b. senjata, pirantos menika dipunginakaken kangge buron, nangkep iwak, saha kangge perang; c. wadah, pirantos menika dipunginakaken kangge madahi saha kangge nyimpen barang; d. pirantos kangge nyulet geni, pirantos ingkang dipunginakaken kangge nyulet geni antawisipun, watu, kayu, minyak, utawi gas; e. dhedhaharan, unjukan, jamu-jamuan, pirantos menika awujud bumbu, godhong-godhongan, daging, susu; f. sandhangan, pirantos menika dipunginakaken manungsa kangge njagi awakipun saking ewahipun mangsa, wujudipun kulit witan, kulit kewan, utawi bahan tenun; g. panggenan, pirantos menika dipunginakaken manungsa kangge njagi piyambakipun saking bebayan, panggenan dipundamel jumbuh kaliyan swasana sakiwa tengenipun; h. kendaraan, kendaraan

menika dipundamel supados manungsa langkung gampil anggenipun tindakakan utawi pindah saking pangenan setunggal dumugi setunggalipun, tuladhanipun kreta, kewan, prahu, lan sakpanunggalanipun.

Pantai Parangendhog (Data : 01)

Pantai Parangendhog wujudipun saking tembung (parang + endhog). Adhedhasar kamus tembung parang tegesipun engg. Kn. karang, wadhas ing segara (Poerwadarminta, 1939:473) saha tembung endhog tegesipun n. Tigan (Poerwadarminta, 1939:122). Makna saking nama pantai parangendhog adhedhasar kamus inggih menika karang sing wujud kaya endhog.

Adhedhasar narasumber nama parangendhog asalipun saking kawontenan alam pantai menika nalika jaman semanten. Jaman semanten, pasir wonten ing pantai parangendhog menika mbika, wonten ing ilmu geografi kawontenan menika dipunsebut abrasi. Kawontenan menika ndadosaken watu-watu ingkang ngandhap pasir ketingal. Karang menika wujudipun bunder kados endhog wernipun pethak saha abot, jaman semanten karang menika asring dipunginakaken masarakat kangge pondasi bangunan saha hiasan wonten ing aquarium. Kajawi menika, masarakat ugi remen madosi watu menika kangge dipunsade, amargi nalika dipunsade watu menika awis reginipun saha kathah priyantun manca ingkang sami madosi watu menika. Kathah priyantun manca ingkang sami tindak Gunung kidul kangge madosi watu menika, piyambakipun asring nyebut watu menika batu telur. Telur wonten ing Gunug Kidul dipunasmani endhog, menawi watu menika watu, amargi watu kalawau watu karang dados masarakat Gunung kidul anggenipun

nyebut parangendhog. Pranyatan menika adhedhasar CLW 1 ingkang ngandharaken kados mekaten,

“Dados ndisik nika ting pantai nika telengan mba, kenging abrasi. Amargi abrasi nika dados pasire mbuka. Nah, pas pasire mbuka dados ketingal watu-watune niku mba. Watune ki bentuke bulet-bulet kados telur ning abot. Watune ki kae lo mba sik saiki sok dinggo bahan bangunan, bentuke bulet-bulet kaya telur mba. Dadi ndisik ki ana wong manca sik golek batu telur, tekon karo wong kene karo ngenahi ngerto bentuke kaya ngapa. Nah seka kono wong kene dadi melu-melu le nyebut batu telur, nek dijawake kan dadi parangendhog mba. Parang ki watu karang endhog ki telur”.

Pramila, asalipun saking watu ing segara ingkang wujudipun bulat, atos, saha wernipun pethak. Batu menika dipunginakaken masarakat kangge bahan bangunan damel pondasi saha dipunginakaken ugi dados wati hias aquarium. Pranyatan menika nedhahaken bilih cara anggenipun suka nama pantai parangendhog inggih menika adhedhasar fenomena budaya pirantos inggih menika watu ingkang dipunginakaken kangge pondasi bangunan. Pamanggih menika dipunsengkuyung kaliyan Koentjaraningrat (1990: 341-357) ngandharaken bilih pirantos menika dipunginakaken manungsa supados saged tetep gesang. Salah satunggaling pirantos menika panggenan, pirantos menika dipunginakaken manungsa kangge njagi piyambakipun saking bebayan, panggenan dipundamel jumbuh kaliyan swasana sakiwa tengenipun.

Pantai Kayu Arum (Data : 10)

Pantai Kayu Arum wujudipun saking tembung (kayu + arum). Adhedhasar kamus tembung kayu tegesipun n. kajeng k deleging wit-witan (Poerwadarminta, 1939:180) saha tembung arum tegesipun kn. wangi (Poerwadarminta, 1939:19).

Makna saking nama pantai kayu arum adhedhasar kamus inggih menika kayu ingkang arum.

Adhedhasar narasumber nama pantai menika dipunsukani nama kayu arum amargi wonten kayu ingkang gandhanipun arum nalika dipunbakar wonten pantai menika, namung wonten panggenan menika. Nalika jaman kepengker, masarakat Gunung Kidul mliginipun masarakat pesisir menika sami damel sarem piyambak kangge dipunginakaken piyambak utawi dipunsade. Semanten ugi masarakat pantai kayu arum. Sakderengipun dipunsukani asma kayu arum utawi nalika pantai taksih prawan dereng wonten ingkang sami tindakan mriku. Wonten masarakat sakiwa tengenipun pantai ingkang damel sarem wonten panggenan menika. Nalika sami damel sarem, piyambakipun ugi sami masak wedang kangge unjukan saha bakar jagung tela kangge dhedhaharan. Piyambakipun masak saha mbakar menika ngagem kayu saking wit ingkang wonten pantai menika inggih menika wit cukilan. Nalika kayu menika dipunbakar, piyambakipun ngraosaken gandha ingkang arum saking kayu menika. Senajan mekaten, kayu menika ugi saged adamel geni ingkang ageng. Menawi godhog wedang setunggal meter saged kangge godhog sakceret, kangge masak sanesipun ugi awet mboten cepet telas. Kayu cukilan menika wujudipun atos saha mboten tuwuh ing siti ananging tuwuh ing watu. Bab ingkang unik saking kayu menika, nalika kangge bakar wonten ing panggenan sanes kayu menika mboten medalaken gandha arum. Miturut Pak Mangun minangka narasumber, piyambakipun sampun nyobi piyambak, kayu cukilan menika gandhanipun arum nalika dipunbakar wonten ing pantai kayu arum menika. Satemah panggenan menika dipunsukani nama kayu arum. Sakemnika pantai

menika dipundadosaken panggenan wisata senajan pantai menika rame nalika dinten libur kemawon mboten kadosta pantai sakiwa tengenipun ingkang rame sakwekdal-wekdal, ananging pantai menika pantai ingkang paling sae saha paling amba tinimbang pantai sanesipun ing desa Kanigoro. Pranyatan menika adhedhasar CLW 4 ingkang ngandharaken kados mekaten,

“dados riyen niku, setiap pantai nate kangge damel uyah mba. Wonten kayu arum lak wonten guwa mba, mriku niku tangga kula mbah rejo damel uyah wonten mriku. Bapak kula uga ndhrek nguyahi wonten mriku. Dados nek ngobong kayu sing gandhane arum niku kayu cukilan. Kayu cukilan niku nek ngge masak napa mawon awet tenan, ngge nggodhog wedhang matenge sakceret. La kayu niku nek dibakar gandhane wangi tenan. Niku mboten tinancep ting lemah nanging ting watu mba. Ageng niku mba kayune, atos. Neng nek le mbakar mboten ting kayu arum nggih mboten mambu kayune niku mba. Kula sampun nate nyobi niku mba.”

Pramila, asal-usulipun nama pantai kayu arum inggih menika saking kayu ingkang gandhanipun arum. Kayu menika dipunginakaken masarakat kangge damel geni ingkang dipunginakaken kangge masak. Kayu ingkang dipunginakaken menika kayu cukilan, setunggal meter kayu cukilan sampun saged kangge godhog wedang setunggal ceret saha mapinten-pinten masakan. Ananging kayu menika gandhanipun arum nalika dipunbakar wonten pantai kayu arum kemawon. Nalika dipunbeta kondur sampun mboten medalaken gandha arum. Pranyatan menika nedhahaken bilih cara anggenipun suka nama pantai kayu arum inggih menika adhedhasar fenomena budaya pirantos inggih menika kayu ingkang dipunginakaken kangge nyulet geni. Pamanggih menika dipunsengkuyung kaliyan Koentjaraningrat (1990: 341-357) ngandharaken bilih pirantos menika dipunginakaken manungsa supados saged tetep gesang. Salah satunggaling pirantos menika pirantos kangge nyulet geni, pirantos ingkang dipunginakaken kangge nyulet geni antawisipun, watu, kayu, minyak, utawi gas

Pantai Drini (Data : 17)

Pantai Drini asalipun saking tembung drini. Drini utawi setigi inggih menika tetuwuhan perdu ingkang tuwuh wonten ing pesisir (Baihaqi, 2017) . Dados makna pantai drini inggih menika panggenan ingkang wonten tetuwuhan drini.

Adhedhasar narasumber nama drini dipendhet saking nama tetuwuhan ingkang tuwuh wonten ing pantai menika. Kayu drini utawi wit drini asalipun saking cariyos ingkang misuwur wonten ing masarakat pantai menika. Cariyos menika wonten gayutipun kaliyan lampahanipun Prabu Brawijaya V. Nalika Prabu Brawijaya V ngalembara nyusur pesisir segara kidul, Prabu Brawijaya ninggal salah satunggal seliripun wonten ing Kerajaan Majapahit. Selir kalawau kuatir kaliyan tindakipun Prabu Brawijaya amargi sampun dangu mboten kondur-kondur. Piyambakipun madosi Prabu Brawijaya, nyusur segara kidul kanthi nangis. Nalika dugi pantai drini piyambakipun nangis lajeng luhipun dhawah wonten ing watu. Saking luh menika tuwuh wit ingkang dugi sakmenika dipunparingi nama drini kaliyan masarakat pantai drini. Kapitadosan masarakat pantai drini, wit utawi kayu drini menika saged ngobati penyakit. Bagiyon ingkang dipunginakaken kangge obat inggih menika godhong saha tlutuhipun. Godhong drini ingkang dipuncemplungaken ing toya panas lajeng dipununjuk menika saged ngobati sedaya penyakit. Lajeng tlutuhipun saged kangge ngobati nalika wonten priyantun ingkang midak kewan ing segara ingkang kathah erinipun. Nalika dipunolesi nganggem tlutuh wit drini, eri menika medal piyambak. Ananging menawi dipunpendeti nganggem tangan eri menika malah sansaya tumancep. Wit drini ugi dipunlestantunaken kaliyan masarakat pantai drini, amargi sansaya mriki wit drini

menika sansaya telas dipendheti kaliyan priyantun saking njawi. Pranyatan menika adhedhasar CLW 10 ingkang ngandharaken kados mekaten,

“Dados jaman rumiyen Brawijaya nate ngili (umpetan) ing pengilon, riyen ting pengilon nika guwane mbuka mba, ning saiki sampun ketutup merga jugrug watu-watune. Nek rumiyen guwane niku mbuka mba wonten galare. Nah, merga ditinggal Brawijaya, bidadari kalawau nangis, luhe widodari kalawau tuwuh wit drini. Drini kathah khasiate mba, dadi nek yakin daune niku, misale kengeng penyakit menapa mawon, daune dicuci terus disukani jarang diclupke diminum mangke penyakit napa mawon saged mantun mba”.

Pramila, asalipun nama drini inggih menika luh garwanipun Prabu Brawijaya ingkang tuwuh ing watu. Satemah wit drini menika dipunanggep ajaib kaliyan masarakat sakiwa tengenipun. Amargi wit drini ugi kathah khasiatipun. Pranyatan menika nedhahaken bilih cara anggenipun suka nama pantai drini inggih menika adhedhasar fenomena budaya pirantos inggih menika godhong-godhongan ingkang dipunginakaken kangge ngobati penyakit. Pamanggih menika dipunsengkuyung kaliyan Koentjaraningrat (1990: 341-357) ngandharaken bilih pirantos menika dipunginakaken manungsa supados saged tetep gesang. Salah satunggaling pirantos menika dhedhaharan, unjukan, jamu-jamuan, pirantos menika awujud bumbu, godhong-godhongan, daging, susu.

Pantai Sedhahan (Data 30)

Pantai Sedhahan wujudipun saking tembung (sedhah + an). Adhedhasar kamus tembung kayu tegesipun k. Suruh (Poerwadarminta, 1939:552) saha panambang (-an) nedhahaken panggenan. Makna saking nama pantai sedhahan adhedhasar kamus inggih panggenan ingkang wonten suruh.

Adhedhasar narasumber nama sedhahan menika asalipun saking kathahipun tetuwuhan suruh wonten ing tegalan segara. Masarakat pantai sedhahan kathahipun ngginakaken suruh menika kangge ngingang utawi nyedhah mliginipun priyantun sepuh. Nyedhah menika katindakaken kaliyan priyantun jaman rumiyen supados wajanipun kiat, amargi jaman semanten dereng wonten odol saha sikat gigi kados jaman sakmenika. Inggang dipunginakaken kangge nyedhah inggih menika godhongipun. Godhong menika dipunlinthing kanthi dipunisi woh jambe saha kapur lajeng dipungeget. Senajan mekaten, godhong suruh menika ugi taksih wonten khasiatipun malih. Godhong menika ugi dipunginakaken masarakat kangge ngobati tatu saha ngobati nalika mimisen, amargi jaman semanten ugi dereng wonten betadhin. Menawi badhe tindak matri, panggenanipun tebih dereng wonten kendharaan. Satemah masarakat pantai sedhahan ngginakaken menapa inggang wonten ing alam. Pranyatan menika adhedhasar CLW 17 inggang ngandharaken kados mekaten,

“sedhahan niku miturut sejarah niku kathah wit suruh. Nek wong tua ning ndesa iki rak isih okeh sik do nyedhah, mula dijenengi sedhahan, nyedhah ki padha dhene ngingang”.

Pramila, asal-usulipun nama pantai sedhahan inggih menika saking kathahipun tetuwuhan suruh wonten ing pantai menika inggang saklajengipun dipunmanpaataken masarakat mriku kangge nyedhah. Nyedhah menika dipunginakaken kangge ngiataken waja priyantun sepuh jaman rumiyen. Bahanipun suruh, woh jambe saha kapur inggang dipunlinthing dados setunggal lajeng dipungeget dumugi wajanipun sami abangabang. Pranyatan menika nedhahaken bilih cara anggenipun suka nama pantai sedhahan inggih menika adhedhasar

fenomena budaya pirantos inggih menika godhong-godhongan ingkang dipunginakaken kangge ngobati penyakit. Pamanggih menika dipunsengkuyung kaliyan Koentjaraningrat (1990: 341-357) ngandharaken bilih pirantos menika dipunginakaken manungsa supados saged tetep gesang. Salah satunggaling pirantos menika dhedhaharan, unjukan, jamu-jamuan, pirantos menika awujud bumbu, godhong-godhongan, daging, susu.

2. Konteks Budaya

Konteks budaya inggih menika sedaya kabudayan utawi situasi-situasi non linguistis ingkang wonten komunikasi (Kridalaksana, 1983:108). Konteks budaya saking panaliten menika dipuntingali saking wujud kabudayanipun inggih menika aktivitas, gagasan/ide, saha pirantos/artefak. Saking konteks budaya menika saged dipunmangertosi nilai budaya ingkang wonten ing saklebetipun toponimi nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul menika. Pamanggih menika dipunsengkutung Rosmawaty (2011:77) Konteks budaya menika mengacu kaliyan nilai ingkang dados pedoman masarakat. Nilai budaya menika ingkang dipundadosaken pedoman masarakat anggenipun nindakaken menapa kemawon. Sistem nilai budaya saged kaperang dados 5 kategori gegayutan manungsa, inggih menika : 1) nilai budaya wonten ing gayutipun manungsa kaliyan Tuhan, 2) nilai budaya wonten ing gayutipun manungsa kaliyan alam, 3) nilai budaya wonten ing gayutipun manungsa kaliyan manungsa sanesipun, 4) nilai budaya ingkang dipuntindakaken manungsa wonten ing gayutipun manungsa kaliyan masarakat, saha 5) nilai budaya ingkang dipuntindakaken manungsa wonten ing gayutipun

manungsa kaliyan piyambakipun (Djamaris,1993:2). Konteks budaya saha nilai ingkang wonten ing saklebetipun toponimi nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul kaandharaken kados mekaten.

a. Aktivitas

Aktivitas inggih menika salah satunggaling konteks budaya ing masarakat. Miturut Koentjaraningrat wonten ing Setiadi (2006:29-30) ingkang ngandharakan menawi wujud aktivitas utawi saged dipunwastani sistem sosial amargi wonten gayutipun kaliyan tumindak masarakat ingkang kapola saking masarakat piyambak, sistem sosial wonten ing aktivitas masarakat ingkang nindakaken interaksi antawisipun setunggal priyantun kaliyan sanesipun.

Aktivitas mlebet salah satunggaling aspek penamaan ingkang awujud sosial. Aspek kemasyarakatan (sosial) anggenipun nyukani nama panggenan wonten gayutipun kaliyan interaksi sosial utawi panggenan kangge interaksi sosial, kadosta lenggahing priyantun wonten ing masarakat, pakaryan, saha profesi. Kondisi masarakat nemtokaken nama panggenan, kadosta salah satunggaling panggenan ingkang masarakatipun mayoritas dados tani, nama panggenan menika ugi mboten tebih saking perkawis tani (Sudaryat wonten ing Mardhoniawati, 2016:11).

Dados, aktivitas minangka konteks budaya salah satunggaling dhasar nyukani nama ingkang awujud sosial amargi aktivitas nuwuhaken interaksi sosial wonten ing masarakat. Nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul ingkang ngemot konteks budaya aktivitas inggih menika,

Pantai Nguyahan (Data : 06)

Maknanipun nama pantai Nguyahan adhedhasar kamus (makna leksikal) saha adhedhasar narasumber (makna kultural) jumbuh inggih menika panggenan kangge damel sarem minangka mata pencaharian masarakat pantai nguyahan. Pramila, konteks budaya saking pantai nguyahan inggih menika aktivitas. Konteks budaya aktivitas ketingal saking adatipun masarakat inggih menika damel sarem kangge dipunsade. Saking aktivitas menika ketingal bilih masarakat pantai nguyahan pakaryanipun damel saha sadayan sarem. Dados nama pantai menika dipundhut saking sejarah saking panggenan menika, inggih menika kangge damel sarem. Pranyatan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Baehaqie (2013:14) ngandharaken bilih etnolinguistik ilmu babagan basa ingkang wonten gayutipun kaliyan unsur utawi perkawis kabudayan suku bangsa saha masarakat wonten ing satunggaling panggenan ing donya menika kanthi ancas mangertosi sejarah saha proses evolusi sarta sumebaripun kabudayan manungsa ing bumi menika.

Saking kabudayan masarakat pantai nguyahan ngemot nilai budaya inggih menika gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam utawi hakekat alam manungsa ingkang nedhahaken bilih lingkungan menika salah satunggaling objek saking tuwuhipun pola pikir manungsa. Wonten kabudayan ingkang pasrah kaliyan alam, wonten ugi ingkang nglawan alam, saha wonten kabudayan ingkang mados kaselarasan kaliya alam. Manungsa kedah saged adaptasi kaliyan alam supados saged ngginakaken alam menika dados sumber pagesangan Djamaris (1993:2). Nilai budaya menika jumbuh kaliyan pola pikir masarakat gunung kidul mliginipun pantai nguyahan, inggih menika masarakat mboten namung pasrah kaliyan alam, ananging piyambakipun saged ngginkaken kawontenan alam kangge nyekapi

kabetahan pagesanganipun. Masarakat menika mbudidaya kawontenan alam kangge damel sarem supados saged tetep gesang, saha sadayan hasil budidaya menika supados saged gadhah penghasilan. Masarakat saged mbudidayakaken pantai minangka sumber kangge damel sarem ugi sakmenika dipun damel panggenan wisata ingkang sakmenika ugi dados sumber ekonomi masarakat pantai nguyahan. Pramila katingal bilih masarakat pantai nguyahan menika manungsa ingkang mbudidaya, makarya kanthi tumemen saha nglestantunaken kawontenan alam.

Pantai Ngrumput (Data : 16)

Maknanipun nama pantai ngrumput adhedhasar kamus (makna leksikal) saha adhedhasar narasumber (makna kultural) jumbuh, inggih menika mados rumput kangge pakan ternak minangka mata pencaharian masarakat menika. Pramila konteks budaya saking nama pantai ngrumput menika aktivitas. Konteks budaya ingkang awujud aktivitas katingal saking adatipun masarakat pantai ngrumput inggih menika madosi rumput kangge pakan ternak. Saking aktivitas menika katingal bilih masarakat pantai ngrumput menika mata pencaharianipun ternak. Dados nama pantai menika dipundhut saking sejarah saking panggenan menika, inggih menika panggenan kangge mados rumput minangka pakan ternak. Pranyatan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Baehaqie (2013:14) ngandharaken bilih etnolinguistik ilmu babagan basa ingkang wonten gayutipun kaliyan unsur utawi perkawis kabudayan suku bangsa saha masarakat wonten ing satunggaling panggenan ing donya menika kanthi ancas mangertosi sejarah saha proses evolusi sarta sumebaripun kabudayan manungsa ing bumi menika.

Saking kabudayan masarakat pantai ngrumpit ngemot nilai budaya inggih menika gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam utawi hakekat alam manungsa ingkang nedhahaken bilih lingkungan menika salah satunggaling objek saking tuwuhipun pola pikir manungsa. Wonten kabudayan ingkang pasrah kaliyan alam, wonten ugi ingkang nglawan alam, saha wonten kabudayan ingkang mados kaselarasan kaliya alam. Manungsa kedah saged adaptasi kaliyan alam supados saged ngginakaken alam menika dados sumber pagesangan Djamaris (1993:2). Nilai budaya menika jumbuh kaliyan pola pikir masarakat gunung kidul mliginipun pantai ngrumpit, inggih menika masarakat mboten namung pasrah kaliyan alam, ananging piyambakipun saged ngginkaken kawontenan alam kangge nyekapi kabetahan pagesanganipun. Masarakat menika mbudidaya kewan kangge ternak supados saged tetep gesang, saha mbudidayakaken tetuwuhan kangge pakan ternakipun. Saking menika, masarakat dados saged mbudidayakaken pantai minangka panggenan wisata ingkang sakmenika dados sumber ekonomi masarakat pantai ngrumpit. Pantai ngrumpit sakmenika saged adamel kawontenan ekonomi masarakat pantai langkung sae tinimbang sakderengipun. Pramila ketinggal bilih masarakat pantai ngrumpit menika manungsa ingkang mbudidaya saha makarya kanthi tumemen.

Pantai Sundak (Data : 22)

Makna nama pantai Sundak adhedhasar kamus (makna leksikal) saha adhedhasar narasumber (makna kultural) jumbuh inggih menika mburu landak ngagem asu minangka mata pencaharianipun masarakat Gunung Kidul mliginipun

pantai Sundak. Pramila, konteks budaya saking nama pantai Sundak inggih menika aktivitas. Aktivitas menika ketingal saking caranipun masarakat pantai Sundak anggenipun makrya supados tetep gesang inggih menika buron alas. Buron alas menika sakmangke dipudamel dhedhaharan khas masarakat mriku lajeng dipunkonsumsi piyambak saha dipunbagikaken dhumateng tangga teparo. Dados ketingal bilih asalipun nama pantai menika saking adatipun masarakat inggih menika mburu minangka mata pencaharian. Dados nama pantai menika dipundhut saking sejarah saking panggenan menika, inggih menika panggenan dipuntemokaken tuk saking asil anggenipun asu ngoyak landak. Pranyatan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Baehaqie (2013:14) ngandharaken bilih etnolinguistik ilmu babagan basa ingkang wonten gayutipun kaliyan unsur utawi perkawis kabudayan suku bangsa saha masarakat wonten ing satunggaling panggenan ing donya menika kanthi ancas mangertosi sejarah saha proses evolusi sarta sumebaripun kabudayan manungsa ing bumi menika.

Saking kabudayan masarakat pantai ngusalan ngemot nilai budaya inggih menika gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam utawi hakekat alam manungsa ingkang nedhahaken bilih lingkungan menika salah satunggaling objek saking tuwuhipun pola pikir manungsa. Wonten kabudayan ingkang pasrah kaliyan alam, wonten ugi ingkang nglawan alam, saha wonten kabudayan ingkang mados kaselarasan kaliya alam. Manungsa kedah saged adaptasi kaliyan alam supados saged ngginakaken alam menika dados sumber pagesangan Djamaris (1993:2). Nilai budaya menika jumbuh kaliyan pola pikir masarakat gunung kidul mliginipun pantai Sundak, inggih menika masarakat mboten namung pasrah kaliyan alam,

ananging piyambakipun saged ngginkaken kawontenan alam kangge nyekapi kabetahan pagesanganipun. Masarakat menika mburu landak saha luwak kangge dhahar supados tetep gesang. Mburu menika salah satunggaling cara masarakat pantai Sundak kangge manpaataken utawi mbudidaya kewan ingkang asalipun saking alam. Masarakat pantai Sundak ugi sakmenika manpaataken kawontenan alam ingkang awujud pantai minangka panggenan kangge makarya. Pantai Sundak menika dipundadosaken panggenan wisata, satemah masarakat pantai Sundak tetep saged nyambut damel kangge nyekapi kabetahanipun kanthi sadayan, dados juru parkir, saha juru foto wonten ing pantai menika. Amargi sakmenika adat mburu sampun wiwit ical. Pramila ketingal bilih masarakat pantai ngusalan menika manungsa ingkang mbudidaya, makarya kanthi tumemen saha nglestantunaken kawontenan alam.

Pantai Ngusalan (Data : 32)

Maknanipun nama pantai ngusalan adhedhasar kamus (makna leksikal) saha adhedhasar narasumber (makna kultural) jumbuh inggih menika pantai ingkang kathah usal utawi keong ingkang cangkangipun atos minangka sumber ekonomi masarakat sakiwa tengenipun. Pramila, saged dipunsimpulaken konteks budaya saking nama pantai ngusalan inggih menika aktivitas. Konteks budaya aktivitas ketingal saking adatipun masarakat ingkang sami mados usal wonten ing pantai ngusalan kangge dipunsade. Saking aktivitas menika ketingal bilih masarakat pantai ngusalan mata pencaharianipun mados usal kangge dipunsade. Dados nama pantai menika dipundhut saking sejarah saking panggenan menika, inggih menika kangge mados usal ingkang badhe dipunsade. Pranyatan menika jumbuh kaliyan

pamanggihipun Baehaqie (2013:14) ngandharaken bilih etnolinguistik ilmu babagan basa ingkang wonten gayutipun kaliyan unsur utawi perkawis kabudayan suku bangsa saha masarakat wonten ing satunggaling panggenan ing donya menika kanthi ancas mangertosi sejarah saha proses evolusi sarta sumebaripun kabudayan manungsa ing bumi menika.

Saking kabudayan masarakat pantai ngusalan ngemot nilai budaya inggih menika gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam utawi hakekat alam manungsa ingkang nedhahaken bilih lingkungan menika salah satunggaling objek saking tuwuhipun pola pikir manungsa. Wonten kabudayan ingkang pasrah kaliyan alam, wonten ugi ingkang nglawan alam, saha wonten kabudayan ingkang mados kaselarasan kaliya alam. Manungsa kedah saged adaptasi kaliyan alam supados saged ngginakaken alam menika dados sumber pagesangan Djamaris (1993:2). Nilai budaya menika jumbuh kaliyan pola pikir masarakat gunung kidul mliginipun pantai ngusalan, inggih menika masarakat mboten namung pasrah kaliyan alam, ananging piyambakipun saged ngginkaken kawontenan alam kangge nyekapi kabetahan pagesanganipun. Masarakat menika mbudidaya usal ingkang sakmangke dipunmasak lajeng dipunsade minangka sumber penghasilan. Masarakat ugi mbudidayakaken pantai minangka panggenan wisata ingkang sakmenika ugi dados sumber ekonomi masarakat pantai ngusalan. Pramila ketingal bilih masarakat pantai ngusalan menika manungsa ingkang mbudidaya, makarya kanthi tumemen saha nglestantunaken kawontenan alam.

b. Gagasan/ide

Gagasan / ideology, inggih menika ide saking kabudayan manungsa ingkang wonten ing alam pikir manungsa saha sifatipun abstrak, mboten saged diraba saha difoto, awujud adat istiadat ingkang ngrembaka wonten ing satunggaling kabudayan tartamtu (Koentjaraningrat, 1990:187). Pirantos-pirantos budaya, pola tindak-tanduk sarta sistem ideologi satunggaling masarakat utawi komunitas tartamtu ing saklebetipun sadar menapa mboten sampun nuwuhaken ide-ide, pandangan-pandangan inggih menika pesan-pesan kolektif (Ahimsa-Putra, 2013:45). Gagasan/ide/nilai/norma/peraturan ugi dipunmaknani salah satunggaling bab ingkang sifatipun abstrak, kerangka pikir wonten ing saklebetipun otak, kerangka tindak-tanduk ingkang ideal, arupi tatanan/aturan/norma ideal. Inggih kalebet wonten ing wujud menika, kadosta cita-cita, visi-misi, norma/aturan-aturan, lan sakpanunggalanipun (Sumaryadi, 2004:4).

Dados, gagasan/ide minangka konteks budaya salah satunggaling dhasar nyukani nama ingkang awujud cita-cita, visi-misi, norma/aturan-aturan, lan sakpanunggalanipun. Nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul ingkang ngemot konteks budaya Gagasan/ide inggih menika,

Pantai Kesirat (Data 02)

Makna nama pantai kesirat adhedhasar kamus (makna leksikal) saha adhedhasar narasumber (makna kultural) jumbuh inggih menika panggenan ingkang sampun katulis ngemot sejarah saha wonten gaib ingkang njagi panggenan menika. Sakmenika pantai kesirat ugi dipunginakaken kangge nindakaken acara-acara sakral, kadosta jamasan saha pertapan. Pramila, konteks budaya saking nama pantai kesirat inggih menika gagasan. Gagasan menika keningal saking kapitadosan

masarakat ingkang pitados bilih pantai kesirat menika panggenan ingkang sakral mliginipun gua pantai kesirat. Gua menika dipunginakaken kangge pertapan saha nyukani sesaji dhumateng roh ingkang njagi pantai menika. Kapitadosan dhumateng roh-roh menika salah satunggaling unsur kabudayan inggih menika religi. Riana (2019:130) ngandharaken bilih sistem religi awujud sistem keyakinan saha gagasan-gagasan babagan Tuhan, dewa-dewaa, roh halus, neraka, surge, lan sakpanunggalanipun. Dados nama pantai menika dipundhut saking sejarah saking panggenan menika, inggih menika kangge mertapa kangge nyuwun jejibahan. Pranyatan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Baehaqie (2013:14) ngandharaken bilih etnolinguistik ilmu babagan basa ingkang wonten gayutipun kaliyan unsur utawi perkawis kabudayan suku bangsa saha masarakat wonten ing satunggaling panggenan ing donya menika kanthi ancas mangertosi sejarah saha proses evolusi sarta sumebaripun kabudayan manungsa ing bumi menika.

Saking kabudayan masarakat pantai kesirat ngemot nilai budaya inggih menika gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam utawi hakekat alam manungsa ingkang nedhahaken bilih manungsa namung saged usaha mados keselarasan kaliyan alam (C. Kluckhohn wonten ing Koentjaraningrat, 1990:191). Nilai budaya menika jumbuh kaliyan pola pikir masarakat gunung kidul mliginipun pantai kesirat, inggih menika masarakat gadhah kapitadosan bilih wonten roh-roh ingkang manggen wontening satunggaling panggenan. Menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Endraswara (2017:129) bilih priyantun jawa pitados wonten roh-roh priyantun sepuh jaman kepengker saha dewa ingkang manggen wonten ing satunggaling panggenan, satemah tuwuh kapitadosan dhumateng para dewa.

Kapitadosan ingkang saking priyantun sepuh menika ndadosaken masarakat jawa mliginipun masarakat pantai kesirat sami mertapa kangge nyuwun kasuksesan, kalenggahan, saha kaberkahan saking usahanipun. Masarakat pantai kesirat ingkang kathahipun makarya dados tani, sami mertapa wonten ing gua kesirat supados dipunsukani jawah dados anggenipun panen mboten gagal. Pramila ketingal bilih masarakat pantai kesirat menika manungsa ingkang pasrah kaliyan alam satemah masarakat menika jagi kaselarasan kaliyan alam kanthi nyenyuwun kaliyan roh – roh ingkang wonten ing alam.

Pantai Ngobaran (Data : 07)

Makna nama pantai ngobaran adhedhasar kamus (makna leksikal) saha adhedhasar narasumber (makna kultural) jumbuh, inggih menika panggenan muksa Prabu Brawijaya kanthi ngobong dhiri. Pramila konteks budaya saking nama pantai ngobaran inggih menika gagasan. Konteks budaya ingkang awujud gagasan katingal saking unen-unen *ngluruk tanpa bala, ngalahake tanpa ngasorake* minangka gagasan ingkang dipundadosaken pedoman kangge tumindakipun masarakat jawa mliginipun masarakat pantai ngobaran.

Saking kabudayan masarakat pantai ngobaran ngemot nilai budaya inggih menika gegayutan antawisipun manungsa kaliyan manungsa sanesipun utawi hakekat saking gegayutan manungsa kaliyan manungsa sanesipun ingkang ngandharaken bilih gegayutan vertikal antawisipun manungsa saha manungsa sanes menika wigati, inggih menika ndadosaken tokoh-tokoh pimpinanipun utawi priyantun ingkang derajatipun inggil pedoman anggenipun tumindak saha gegayutan horizontal antawisipun manungsa kaliyan manungsa sanesipun langkung

wigati. Wonten ing kabudayan menika gegayutan kanthi sae kaliyan tangga teparo dipunanggep wigati sanget (C. Kluckhohn wonten ing Koentjaraningrat, 1990:191). Nilai budaya menika jumbuh kaliyan pola pikir masarakat ngobaran inggih menika saking kadospundi masarakat pantai gunung kidul mliginipun masarakat pantai ngobaran menika sami bebrayan. Senajan wonten pantai ngobaran menika dipunbangun pura kaliyan masjid ingkang jejeran, ananging masarakat sami rukun mboten nate wonten perselisihan, masarakat sami ngormati agama sanesipun. Semanten ugi wonten pantai menika dipunbangun candi ingkang dados petilasan Prabu Brawijaya, petilasan menika dipunbangun kangge ngormati kawontenanipun Prabu Brawijaya wonten panggenan menika. Bab menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Mulder (1985:47) bilih kawontenanipun priyantun sanes dipunkawigatosaken sanget kaliyan priyantun jawa.

Pramila, saking ingkang sampun dipunandharaken wonten nginggil ketingal bilih wonten gegayutan basa, budaya, saha gagasan manungsa. Masarakat gunung kidul mliginipun pantai ngobaran inggih menika masarakat ingkang budayanipun jawa. Masarakat menika anggenipun bebrayan sami rukun saha ngormati agama setunggal kaliyan sanesipun. Bab menika ugi dados salah satunggaling bukti bilih masarakat menika sami ngormati dumateng priyantun ingkang nate dados pimpinanipun. Gagasan menika awujud nilai hormat saha rukun, inggih menika rukun saha hormat kaliyan priyantun sanes senajan beda kapitadosan saha hormat utawi ngajeni kaliyan priyantun ingkang langkung sepuh utawi ingkang dipuntuakaken. Satemah nama pantai menika dipunnsukani nama ngobaran kangge

ngormati saha ngemotaken bilih Prabu Brawijaya nate berjasa kangge masarakat jawa saha panjenenganipun muksa wonten panggenan menika.

Pantai Sepanjang lestari (Data : 15)

Makna nama pantai sepanjang adhedhasar kamus (makna leksikal) saha adhedhasar narasumber (makna kultural) jumbuh inggih menika pantai ingkang dawanipun kirang langkung 1 km ingkang masarakatipun dados setunggal kulawarga kangge nglestantunaken pantai supados mboten risak. Pramila, konteks budaya saking dhasaripun nama pantai sepanjang lestari inggih menika gagasan. Konteks budaya gagasan menika ketinggal saking tumindakipun masarakat menika kangge ndadosaken pantai menika dados panggenan wisata supados saged ningkataken perekonomian masarakat pantai sepanjang inggih menika kanthi gabungaken sedaya masarakat dados setunggal kulawarga ingkang rukun lan nyawiji lumantar organisasi sosial inggih menika pokdarwis. Dados nama pantai menika dipundhut saking sejarah saking panggenan menika, inggih menika panggenan ingkang dawanipun 1km, kalarumiyen wonten kalih kubu ananging sakmenika warganipun dados setunggal kubu kanthi damel organisasi pokdarwis. Pranyatan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Baehaqie (2013:14) ngandharaken bilih etnolinguistik ilmu babagan basa ingkang wonten gayutipun kaliyan unsur utawi perkawis kabudayan suku bangsa saha masarakat wonten ing satunggaling panggenan ing donya menika kanthi ancas mangertosi sejarah saha proses evolusi sarta sumebaripun kabudayan manungsa ing bumi menika.

Saking kabudayan masarakat pantai sepanjang lestari ngemot nilai budaya inggih menika gayutipun manungsa kaliyan masarakat, nilai ingkang penting

kangge masarakat sanes nilai ingkang dipunanggep wigati minangka individu (Djamaris, 1993:2). Nilai budaya menika jumbuh kaliyan pola pikir masarakat gunung kidul mliginipun pantai sepanjang lestari, inggih menika tumindakipun masarakat pak Priyo anggenipun ngrembakaken pantai sepanjang supados saged dados pantai ingkang nyukani berkah dhumateng masarakatipun inggih menika ndadosaken pantai menika panggenan wisata. Semanten ugi gagasanipun Pak Subiyo kangge gabungaken kalih kubu inggih menika kubu sepanjang kilen saha wetan supados nyawiji lumantar organisasi pokdarwis. Menika sedanten dipuntindakaken supados pantai menika tetep lestantun saha masarakatipun sami rukun. Pramila, ketingal bilih masarakat pantai sepanjang menika manungsa ingkang mboten namung mentingaken piyambakipun, ananging ngawigatosaken kadospundi kondisi masarakat sakiwa tengenipun ingkang sakmenika sami gesang kanthi rukun, adil, saha wicaksana. Semanten ugi, saking pokdarwis menika ketingal bilih masarakat pantai sepanjang menika masarakat ingkang ngawigatosaken rembugan kangge ngrampungaken perkawis, satemah piyambakipun damel organisasi ingkang dipundamel supados bilih wonten warga ingkang gadhah perkawis saged dipun rembag sesarengan.

Pantai Sadranan (Data : 21)

Makna nama pantai sadranan adhedhasar kamus (makna leksikal) saha adhedhasar narasumber (makna kultural) jumbuh inggih menika upacara adat kangge nyuwun kaslametan dhumateng Eyang ratu kidul ingkang sampun nyukani rejeki saking segara saha nyukani kaslametan dhumateng masarakat pantai sadranan. Pramila, konteks budaya saking dhasaripun nama pantai sadranan inggih

menika gagasan. Gagasan menika ketinggalan kapitadosan masarakat sadranan bilih icalipun pak tugeno menika wonten gayutipun kaliyan roh ingkang njagi segara kidul inggih menika Eyang Ratu Kidul, satemah kedah dipunwontenaken slametan kanthi nyukani sesajen dhumateng roh-roh menika supados para nelayan sami slamet anggenipun mados iwak saha minangka wujud panuwun dhumateng Eyang Ratu Kidul ingkang sampun paring rejeki saking segara. Kapitadosan dhumateng roh-roh menika salah satunggaling unsur kabudayan inggih menika religi. Bab menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Riana (2019:130) bilih sistem religi awujud sistem keyakinan saha gagasan-gagasan babagan Tuhan, dewa-dewaa, roh halus, neraka, surga, lan sakpanunggalanipun. Dados nama pantai menika dipundhut saking sejarah saking panggenan menika, inggih menika kangge mertapa ingkang gadhah pepinginan utawi kangge ngicali sarak. Pranyatan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Baehaqie (2013:14) ngandharaken bilih etnolinguistik ilmu babagan basa ingkang wonten gayutipun kaliyan unsur utawi perkawis kabudayan suku bangsa saha masarakat wonten ing satunggaling panggenan ing donya menika kanthi ancas mangertosi sejarah saha proses evolusi sarta sumebaripun kabudayan manungsa ing bumi menika.

Saking kabudayan masarakat pantai sadranan ngemot nilai budaya inggih menika gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam utawi hakekat alam manungsa ingkang nedhahaken bilih lingkungan menika salah satunggaling objek saking tuwuhipun pola pikir manungsa. Wonten kabudayan ingkang pasrah kaliyan alam, wonten ugi ingkang nglawan alam, saha wonten kabudayan ingkang mados kaselarasan kaliyan alam. Manungsa kedah saged adaptasi kaliyan alam supados

saged ngginakaken alam menika dados sumber pagesangan Djamaris (1993:2). Nilai budaya menika jumbuh kaliyan pola pikir masarakat gunung kidul mliginipun pantai sadranan, inggih menika masarakat nindakaken upacara kanthi nyukani sesaji saha ledhek ingkang jumbuh kaliyan pepinginanipun roh ingkang njagi segara kidul nalika setunggal suro. Ancasipun kangge mados kaselarasan kaliyan alam ingkang sampun nyukani rejeki saking segara saha sampun nyukani kasalametan dhumateng masarakat Gunung Kidul mliginipun pantai Sadranan. Pramila ketingal bilih masarakat pantai sadranan menika manungsa ingkang percaya dhumateng roh – roh ingkang wonten ing alam, saha gesang kanthi selaras kaliyan alam supados pikantuk katentreman.

Pantai Greweng (Data : 33)

Maknanipun nama pantai greweng adhedhasar kamus (makna leksikal) saha adhedhasar narasumber (makna kultural) jumbuh, inggih menika watu ageng ingkang wujudipun kados gua saha dipunginakaken kangge mertapa. Pramila konteks budaya saking nama pantai greweng menika gagasan. Konteks budaya ingkang awujud gagasan katingal saking kapitadosan dhumateng babagan mistis inggih menika roh-roh priyantun sepuh jaman kepengker kangge nyuwun kasuksesan. Kapitadosan/religi menika salah satunggaling unsur kabudayan. Riana (2019:130) ngandharaken bilih sistem religi awujud sistem keyakinan saha gagasan-gagasan babagan Tuhan, dewa-dewaa, roh halus, neraka, surge, lan sakpanunggalanipun. Dados nama pantai menika dipundhut saking sejarah saking panggenan menika, inggih menika kangge mertapa priyantun ingkang gadhah pepinginan. Pranyatan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Baehaqie (2013:14)

ngandharaken bilih etnolinguistik ilmu babagan basa ingkang wonten gayutipun kaliyan unsur utawi perkawis kabudayan suku bangsa saha masarakat wonten ing satunggaling panggenan ing donya menika kanthi ancas mangertosi sejarah saha proses evolusi sarta sumebaripun kabudayan manungsa ing bumi menika.

Saking kabudayan masarakat pantai greweng ngemot nilai budaya inggih menika gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam utawi hakekat alam manungsa ingkang nedhahaken bilih manungsa namung saged usaha mados keselarasan kaliyan alam (C. Kluckhohn wonten ing Koentjaraningrat, 1990:191). Nilai budaya menika jumbuh kaliyan pola pikir masarakat gunung kidul mliginipun pantai greweng, inggih menika masarakat gadhah kapitadosan bilih roh-roh nenek moyang menika manggen wontening satunggaling panggenan. Menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Endraswara (2017:129) bilih priyantun jawa pitados wonten roh-roh priyantun sepuh jaman kepengker saha dewa ingkang manggen wonten ing satunggaling panggenan, satemah tuwuh kapitadosan dhumateng para dewa. Kapitadosan ingkang saking priyantun sepuh menika ndadosaken masarakat jawa mliginipun masarakat pantai greweng sami mertapa kangge nyuwun kasuksesan, kalenggahan, saha kaberkahan saking usahanipun. Masarakat pantai greweng ingkang kathahipun makarya dados tani, sami mertapa wonten ing greweng supados dipungangsaraken panenipun saha dipunnyukani kaberkahan saking panenipun. Pramila ketingal bilih masarakat pantai greweng menika manungsa ingkang pasrah kaliyan alam satemah masarakat menika jagi keselarasan kaliyan alam kanthi nyenyuwun kaliyan roh – roh priyantun sepuhipun.

c. Pirantos/artefak

Pirantos / barang / artefak inggih menika hasil fisik saking aktivitas, tindak tanduk, saha karya manungsa wonten ing masarakat ingkang sifatipun konkret saged diraba, ditingali, saha dipunfoto. Tuladhanipun komputer, candi, bathik, lan sakpanunggalanipun (Koentjaraningrat, 1990:188).

Dados, pirantos / barang / artefak minangka konteks budaya salah satunggaling dhasar nyukani nama ingkang awujud pirantos hasil saking karya manungsa utawi pirantos ingkang dipunwarisaken kanthi turun-temurun. Nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul ingkang ngemot konteks budaya pirantos / barang / artefak inggih menika,

Pantai Parangendhog (Data : 01)

Maknanipun nama pantai Parangendhog adhedhasar kamus (makna leksikal) saha adhedhasar narasumber (makna kultural) jumbuh inggih menika Peralatan anggenipun gesang awujud watu bulat, atos, saha wernipun pethak ingkang dipunginakaken miangka bahan bangunan damel pondasi sarta miangka hiasan aquarium. Pramila, saged ketingal konteks budaya saking nama pantai parangendhog inggih menika pirantos/artefak. Pirantos menika awujud watu bulat ingkang atos, wernipun pethak saha dipunginakaken dados bahan bangunan damel pondasi utawi hiasan aquarium. Dados nama pantai menika dipundhut saking sejarah saking panggenan menika, inggih menika wonten watu karang ingkang sami ketingal wonten pantai lajeng dipundadosaken bahan bangunan. Pranyatan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Baehaqie (2013:14) ngandharaken bilih etnolinguistik ilmu babagan basa ingkang wonten gayutipun kaliyan unsur utawi

perkawis kabudayan suku bangsa saha masarakat wonten ing satunggaling panggenan ing donya menika kanthi ancas mangertosi sejarah saha proses evolusi sarta sumebaripun kabudayan manungsa ing bumi menika.

Saking kabudayan masarakat pantai parangendhog ngemot nilai budaya inggih menika gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam utawi hakekat alam manungsa ingkang nedhahaken bilih lingkungan menika salah satunggaling objek saking tuwuhipun pola pikir manungsa. Wonten kabudayan ingkang pasrah kaliyan alam, wonten ugi ingkang nglawan alam, saha wonten kabudayan ingkang mados kaselarasan kaliya alam. Manungsa kedah saged adaptasi kaliyan alam supados saged ngginakaken alam menika dados sumber pagesangan Djamaris (1993:2). Nilai budaya menika jumbuh kaliyan pola pikir masarakat gunung kidul mliginipun pantai parangendhog, inggih menika masarakat mboten namung pasrah kaliyan alam, ananging piyambakipun saged ngginkaken kawontenan alam kangge nyekapi kabetahan pagesanganipun. Masarakat menika mbudidaya watu karang ingkang wujudipun kados endhog menika minangka bahan bangunan kangge damel pondasi griyanipun, semanten ugi masarakat sami ngginakaken watu menika kangge hiasan saha wonten ingkang sami sadayan watu menika. Pramila ketingal bilih masarakat pantai parangendhog menika manungsa ingkang mbudidaya, prigel saha makarya kanthi tumemen.

Pantai Kayu Arum (Data : 10)

Maknanipun nama pantai Kayu Arum adhedhasar kamus (makna leksikal) saha adhedhasar narasumber (makna kultural) jumbuh inggih menika kayu ingkang medalaken gandha arum nalika dipunbakar utawi dipunginakaken masak wonten

ing pantai kayu arum kemawon. Dados, saged dipunsimpulaken konteks budaya saking nama pantai Kayu Arum inggih menika pirantos/artefak. Pirantos menika awujud kayu minangka peralatan anggenipun gesang inggih menika ingkang dipunginakaken kangge damel geni kangge masak. Peralatan anggenipun gesang menika salah satunggalipun unsur budaya. Wonten mriki peralatan menika awujud kayu ingkang manpaatipun minangka alat produksi inggih menika kangge damel geni. Dados nama pantai menika dipundhut saking sejarah saking panggenan menika, inggih menika wonten kayu ingkang gandhanipun arum nalika dipunginakaken masak wonten pantai menika. Pranyatan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Baehaqie (2013:14) ngandharaken bilih etnolinguistik ilmu babagan basa ingkang wonten gayutipun kaliyan unsur utawi perkawis kabudayan suku bangsa saha masarakat wonten ing satunggaling panggenan ing donya menika kanthi ancas mangertosi sejarah saha proses evolusi sarta sumebaripun kabudayan manungsa ing bumi menika.

Saking kabudayan masarakat pantai kayu arum ngemot nilai budaya inggih menika gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam utawi hakekat alam manungsa ingkang nedhahaken bilih lingkungan menika salah satunggaling objek saking tuwuhipun pola pikir manungsa. Wonten kabudayan ingkang pasrah kaliyan alam, wonten ugi ingkang nglawan alam, saha wonten kabudayan ingkang mados kaselarasan kaliya alam. Manungsa kedah saged adaptasi kaliyan alam supados saged ngginakaken alam menika dados sumber pagesangan Djamaris (1993:2). Nilai budaya menika jumbuh kaliyan pola pikir masarakat gunung kidul mliginipun pantai kayu arum, inggih menika masarakat mboten namung pasrah kaliyan alam,

ananging piyambakipun saged ngginkaken kawontenan alam kangge nyekapi kabetahan pagesanganipun. Masarakat menika mbudidaya kayu utawi wit kangge damel geni ingkang dipunginakaken kangge masak. Masak menika salah satunggaling cara masarakat kangge damel dhedhaharan supados saged tetep gesang. Pramila ketingal bilih masarakat pantai kayu arum menika manungsa ingkang mbudidaya, prigel saha makarya kanthi tumemen.

Pantai Drini (Data : 17)

Makna nama pantai drini adhedhasar kamus (makna leksikal) saha adhedhasar narasumber (makna kultural) jumbuh inggih menika tetuwuhan ingkang tuwuh ing watu saha kathah khasiatipun kangge masarakat Gunung Kidul mliginipun masarakat pantai drini. Pramila, konteks budaya saking nama pantai drini inggih menika pirantos/artefak. Pirantos/artefak menika awujud tetuwuhan ingkang tuwuh ing watu saha saha dipunginakaken kangge ngobati sedaya penyakit. Godhong drini ingkang dipuncemplungaken ing toya panas, nalika dipununjuk saged adamel mantun sedaya penyakit. Lajeng saking tlutuhipun ingkang saged ngedalaken eri kanthi dipunolesaken nalika kening kewan ing segara ingkang gadhah eri. Dados nama pantai menika dipundhut saking fenomena budaya panggenan menika, inggih menika kayu drini ingkang dipunpitados masarakat saged ngobati mapinten-pinten penyakit. Pranyatan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Baehaqie (2013:14) ngandharaken bilih etnolinguistik ilmu babagan basa ingkang wonten gayutipun kaliyan unsur utawi perkawis kabudayan suku bangsa saha masarakat wonten ing satunggaling panggenan ing donya menika

kanthi ancas mangertosi sejarah saha proses evolusi sarta sumebaripun kabudayan manungsa ing bumi menika.

Saking kabudayan masarakat pantai drini ngemot nilai budaya inggih menika gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam utawi hakekat alam manungsa ingkang nedhahaken bilih lingkungan menika salah satunggaling objek saking tuwuhipun pola pikir manungsa. Wonten kabudayan ingkang pasrah kaliyan alam, wonten ugi ingkang nglawan alam, saha wonten kabudayan ingkang mados kaselarasan kaliya alam. Manungsa kedah saged adaptasi kaliyan alam supados saged ngginakaken alam menika dados sumber pagesangan Djamaris (1993:2). Nilai budaya menika jumbuh kaliyan pola pikir masarakat gunung kidul mliginipun pantai drini, inggih menika masarakat mboten namung pasrah kaliyan alam, ananging piyambakipun saged ngginkaken kawontenan alam inggih menika kanthi ngginakaken tetuwuhan menika dados obat utawi jamu. Masarakat menika mbudidaya kayu utawi wit drini kangge obat utawi jamu saking sedaya penyakit. Masarakat ugi nglestantunaken wit utawi kayu drini ingkang sampun wiwit telas supados mboten punah kanthi nandur wit menika ing setunggal pulau caket pantai drini. Pramila ketingal bilih masarakat pantai drini menika manungsa ingkang mbudidaya, prigel saha makarya kanthi tumemen.

Pantai Sedhahan (Data 30)

Maknanipun nama pantai sedhahan adhedhasar kamus (makna leksikal) saha adhedhasar narasumber (makna kultural) jumbuh inggih menika panggenan ingkang kathah tetuwuhan kangge nyedhah ingkang katindakaken priyantun jaman rumiyen kangge adamel wajanipun kiat. Pramila, konteks budaya saking nama

pantai sedhahan inggih menika pirantos/artefak. Pirantos menika awujud godhong suruh ingkang dipunginakaken masarakat pantai sedhahan jaman rumiyen kangge nyedhah supados wajanipun kiat. Satemah godhong suruh menika salah satunggaling obat-obatan. Dados nama pantai menika dipundhut saking fenomena budaya panggenan menika, inggih menika godhong suruh ingkang dipunginakaken masarakat kangge ndamel waja langkung kiat. Pranyatan menika jumbuh kaliyan pamanggihipun Baehaqie (2013:14) ngandharaken bilih etnolinguistik ilmu babagan basa ingkang wonten gayutipun kaliyan unsur utawi perkawis kabudayan suku bangsa saha masarakat wonten ing satunggaling panggenan ing donya menika kanthi ancas mangertosi sejarah saha proses evolusi sarta sumebaripun kabudayan manungsa ing bumi menika.

Saking kabudayan masarakat pantai sedhahan ngemot nilai budaya inggih menika gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam utawi hakekat alam manungsa ingkang nedhahaken bilih lingkungan menika salah satunggaling objek saking tuwuhipun pola pikir manungsa. Wonten kabudayan ingkang pasrah kaliyan alam, wonten ugi ingkang nglawan alam, saha wonten kabudayan ingkang mados kaselarasan kaliya alam. Manungsa kedah saged adaptasi kaliyan alam supados saged ngginakaken alam menika dados sumber pagesangan Djamaris (1993:2). Nilai budaya menika jumbuh kaliyan pola pikir masarakat gunung kidul mliginipun pantai sedhahan, inggih menika masarakat mboten namung pasrah kaliyan alam, ananging piyambakipun saged ngginkaken kawontenan alam kangge nyekapi kabetahan pagesanganipun. Masarakat menika ngginakaken tetuwuhan inggih menika godhong suruh kangge nyedhah supados wajanipun kiat. Godhong suruh

ugi dipunginakaken kangge ngobati maneka werni penyakit, kadosta mimisan saha tatu. Pramila ketingal bilih masarakat pantai kayu arum menika manungsa ingkang mbudidaya, prigel saha saged manfaataken kawontenan alam.

BAB V

PANUTUP

A. Dudutan

Adhedhasar asiling panaliten saha pirembagan ingkang sampun kaandharaken lajeng dipunpendhet dudutanipun. Dudutan panaliten menika kaandharaken ing ngandhap menika.

1. Cara anggenipun suka nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul wonten gayutipun kaliyan fenomena budaya masarakat pantai menika, kadosta : a. kapitadosan utawi religi, b. Pakaryan, c. *organisasi sosial*, d. Kawruh, e. Pirantos.
2. Konteks budaya saking nama pantai menika adhedhasar gagasan, aktivitas, saha pirantos. Konteks budaya menika ngandharaken kadospundi nilai budaya ingkang tuwuh saking toponimi nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul. Nilai budaya ingkang wonten ing saklebetipun toponimi nama pantai Kabupaten Gunung Kidul inggih menika, (1) gegayutan antawisipunipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya, nglestantunaken alam, saha makarya kanthi tumemen), (2) gegayutan antawisipunipun manungsa kaliyan manungsa sanesipun (ngajeni, tulung tinulung), (3) gegayutan antawisipunipun manungsa kaliyan masarakat (rukun, patebayan, welas asih, tepa selira), saha (4) gegayutan antawisipun manungsa kaliyan piyambakipun (andhap asor saha ngati-ati).

B. Implikasi

Adhedhasar saking dudutan ingkang sampun kaandharaken, panaliten menika saged nyukani paedah ingkang saged dipuntrepaken ing bebrayan. Paedahipun kaandharaken kados wonten ngandhap menika.

1. Kangge panggenan wisata saged mangertosi kadospundi asal-usulipun nama pantai menika. Sejarah pantai menika ugi saged dados medhia promosi panggenan wisata menika.
2. Kangge Dinas Pariwisata saged dados inventarisasi toponimi utawi asal-usulipun nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul.
3. Kangge mahasiswa saged dipunginakaken referensi menawi badhe neliti babagan toponimi nama panggenan kanthi kajian etnolinguistik.

C. Pamrayogi

Adhedhasar saking asiling panaliten saha pangrembagan ing panaliten menika wonten pamrayogi ingkang saged dados kawigatosan. Pamrayoginipun kaandharaken wonten ngandhap menika.

1. Kangge masarakat Gunung Kidul mliginipun daerah pantai kedahipun mangertos menapa toponimi saking nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul.
2. Kangge Dinas Pariwisata Kabupaten Gunung Kidul kedahipun wonten *inventarisasi* asal-usulipun nama pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul.
3. Kangge panaliten sanes, panaliten menika namung dipunwatesi kanthi toponimi pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul ingkang dados panggenan wisata

kemawon, satemah taksih saged dipunteliti kanthi sedaya pantai wonten ing
Gunung Kidul.

KAPUSTAKAN

- Abdullah, W. (1999). *Bahasa Jawa Dialek Masyarakat Samin di Kabupaten Blora*. Laporan Penelitian Dasar. Surakarta: FSSR UNS didanai oleh Dirjen Dikti.
- Ahimsa-Putra, H.S. (1997). *Etnolinguistik : Beberapa Bentuk Kajian*". Makalah dalam Temu Ilmiah Bahasa dan Sastra. Balai Penelitian Bahasa Yogyakarta.
- _____. (2013). *Strukturalisme Levi-Strauss: Mitos dan Karya Sastra*. Yogyakarta: Kepel Press.
- Astrea, Kiki. (2017). *Hipotesis Sapir-Whorf dalam Proses Toponimi Kabupaten Tuban (Kajian Antropologi Linguistik)*. Lamongan: BASTRA, Vol.4, No.1, Juni 2017.
- Aminuddin, (1998). *Semantik: Pengantar Studi Tentang Makna*. Bandung: Sinar Baru.
- Ayatrohaedi. (1993). *Kata, Nama, Dan Makna. Pidato Pengukuhan Diucapkan pada Upacara Penerimaan Jabatan Gurubesar Madya Tetap*. Depok: Fakultas Sastra Universitas Indonesia.
- Badan Pengembangan dan Pembinaan Bahasa. (2016). *Kamus Besar Bahasa Indonesia*. Dikutip 15 Februari 2020 dari <https://kbbi.kemdikbud.go.id/entri/panjang>
- Baehaqie, I. (2013). *Etnolinguistik Telaah Teoritis dan Praktis*. Surakarta : Cakrawala Media.
- Baihaqi, Ahmad. (2017). *Stigi, Pohon Khas Pesisir Kaya Manfaat*. Dikutip 9 April 2020 dari Greeners.co : <https://www.greeners.co/flora-fauna/stigi-pohon-khas-pesisir-kaya-manfaat/>
- Baehaqie, I. (2017). *Nama-Nama Makanan dalam Sesaji Selamatan Daur Hidup Masyarakat Jawa Studi Kasus di Kabupaten Wonogiri: Telaah Etnolinguistik*. Yogyakarta : Universitas Gajah Mada.
- Camalia, M. (2012). *Toponimi Kabupaten Lamongan : Kajian Antropologi Linguistik*. Semarang: Parole Vol.5 No.1, April 2015
- Chaer, A. (1995). *Pengantar Semantik Bahasa Indonesia (edisi revisi)*. Jakarta : RINEKA CIPTA.
- Darheni, N. (2018). *Regional Toponymy in Cirebon Regency: An Ethnolinguistic*

Study. Indonesia: Atlantis Press, Advances in Social Science, Education and Humanities Research, volume 231

- Dinas Pariwisata Gunung Kidul. (2017). *Potensi Kepariwisata Kabupaten Gunung Kidul*. Yogyakarta: _____.
- Djamaris, E. (1993). *Nilai-nilai Budaya dalam Beberapa Karya Sastra Nusantara: Sastra Daerah di Sumatera*. Jakarta : Departemen Pendidikan dan Kebudayaan.
- Duranti, A. (1997). *Linguistic Anthropology*. New York: Cambridge University Press.
- Endraswara, S. (2017). *Metode Penelitian Etnografi Budaya*. Yogyakarta: UNY Press.
- Farida, U. (2017). *Istilah Peralatan Hidup Tradisional Masyarakat Jawa di Daerah Temanggung*. Semarang: Balai Bahasa Jawa Tengah.
- Foley, W.A. (2001). *Anthropological Linguistics*. Oxford:Blackwell.
- Fromkin, V. et.al. (2011). *An Introduction to Language*. Boston: Wadsworth, Cengage Learning.
- Elmes, D. (2013). *The Relationship Between Language And Culture*. National Institute of Fitness and Sports in Kanoya International Exchange and Language Education Center, available at: <http://www2.lib.nifs-k.ac.jp/HPBU/annals/an46/46-11.pdf>
- Hersita M, A. (2018). *Toponimi Desa – desa di Malang*. Yogyakarta : Universitas Gajah Mada.
- Khatib, M., Tabari, B.H., & Mohammadi, M.J. (2016). *Tracing Native Culture In Iranian Students' Academic Writing: Focus On Acknowledgements*. International Journal of English Language and Literature Studies ISSN(e): 2306-0646/ISSN(p): 2306-9910
- Koentjaraningrat. (1990). *Pengantar Ilmu Antropologi*. Jakarta: PT. Rineka Cipta
- Kramsch, Claire. (2001). *Language and Culture*. New York: Oxford University Press.
- Kridalaksana, H. (1983). *Kamus Linguistik*. Jakarta: Gramedia.
- Maharani, T., & Nugrahani, A. (2019). *Toponimi Kewilayahan di Kabupaten*

- Tulungagung (Kajian Etnosemantik dan Budaya)*. Malang: Belajar Bahasa (Jurnal Ilmiah Program Studi Pendidikan Bahasa & Sastra, Vol. 4 (2). Hal. 161-240, 2019
- Mardhoniawati, A. (2016). *Toponimi Desa-Desa di Provinsi Lampung Sebuah Kajian Linguistik Antropologi*. Yogyakarta : Universitas Gajah Mada.
- Muhajir, N. (1996). *Metode Penelitian Kualitatif*. Yogyakarta: Rake Sarasia.
- Mulder, N. (1985). *Pribadi dan Masyarakat Jawa*. Jakarta: Sinar Harapan
- Mulyana. (2011). *Pencerminan Budaya Dalam Perilaku Kode-kode Bahasa*. Yogyakarta: Makalah Seminar Internasional Brunei Darussalam
- Nababan, PWJ. (1986). *Sosiolinguistik Suatu Pengantar*. Jakarta: Gramedia.
- Nida, E. A. (1975). *Componential Analysis of Meaning*. Mouton: The Houge.
- Piliang, Y.A. (2012). *Semiotika dan hipersemiotika Gaya, Kode, dan Matinya Makna*. Bandung: Matahari.
- Poerwadarminta, W. J. S. 1939. *Baoesastra Djawa*. GRONINGEN BATAVIA : J.B. WOLTERS“ UITGEVERS-MAATSCHAPPIJ N. V.
- Prihadi. 2015. *Struktur bahasa nama pedusunan (kampung) Di daerah istimewa yogyakarta: kajian antropolinguistik*. Yogyakarta : LITERA, Volume 14, Nomor 2, Oktober 2015
- Prihadi & Listiyorini, A. (2020). *Latar Belakang Aspek Kehidupan Pada Sistem Penamaan Jalan Di Kota Yogyakarta: Kajian Antropolinguistiklitera*. Yogyakarta: LITERA, Volume 19, Nomor 1, Maret 2020
- Rangriz, S. & Harati, M. 2017. *The Relationship between Language and Culture*. Journal of Applied Linguistics and Language Research Volume 4, Issue 6, 2017, pp. 209-213.
- Retno. (2014). *Mengenal Usal, si Keong Laut yang Lezat*. Dikutip 9 April 2020 dari Panduan Wisata Keliling Jogja Terlengkap : <http://yogyakarta.panduanwisata.id/daerah-istimewa-yogyakarta/gunung-kidul/mengenal-usal-si-keong-laut-yang-lezat/>
- Riana, D. R. (2019). *Leksikon Perburuan Suku Dayak Meratus : Kajian Etnolinguistik*. Kalimantan Selatan: Sirok Bastra, Vol. 7 No. 2, Desember 2019: 129-139
- Richards, J. C.& Schmidt, R. 2010. *Longman Dictionary of Language Teaching*

and Applied Linguistics. United Kingdom : Great Britain.

- Rosmawaty. (2011). *Tautan Konteks Situasi Dan Konteks Budaya: Kajian Linguistik Sistemik Fungsional Pada Cerita Terjemahan Fiksi "Halilian"*. LITERA, Volume 10, Nomor 1, April 2011
- Ruspandi, J. & Mulyadi, A. (2014). *Fenomena geografis di balik makna toponimi di kota Cirebon*. Bandung: *Junal Gea* Volume 14 Nomor 23, Oktober 2014.
- Santoso, J. (2006). *Semantik*. Yogyakarta : Fakultas Bahasa dan Seni
- Sapir, E. (1921). *Language: An Introduction to the Study of Speech*. San Diego, New York, London: Harcourt Brace Jovanovich Publishers
- Setiadi, E. M., Hakam, K.A., & Efendi, R. (2006). *Ilmu Sosial & Budaya Dasar*. Jakarta: Kencana.
- Sibrani, R. (2015). *Pendekatan Antropolinguistik Terhadap Kajian Tradisi Lisan*. Sumatra Utara: RETORIKA, *Junal Ilmu Bahasa*, Vol.1, No.1 April 2015, 1-7.
- Sugiri. (2003). *Perspektif budaya perubahan nama diri bagi wni Keturunan tionghoa di wilayah pemerintah kota surabaya*. Surabaya : Universitas Airlangga.
- Sukardi. (2006). *Penelitian Kualitatif-Naturalistik Dalam Pendidikan*. Yogyakarta: Usaha Keluarga.
- Sumaryadi. (2004). *Kebudayaan : Pelurusan atas Kemaknaan*. Dikutip 8 April 2020 dari [http://staff.uny.ac.id/sites/default/files/KEBUDAYAAN%20UNTUK%20WUNY%202004%20\(EDIT\).pdf](http://staff.uny.ac.id/sites/default/files/KEBUDAYAAN%20UNTUK%20WUNY%202004%20(EDIT).pdf)
- Völkel, S. (2010). *Social Structure, Space and Possession in Tongan Culture and Language. An ethnolinguistic study*. Amsterdam/Philadelphia: John Benjamins Publishing Company.
- Wahyuni, T. (2017). *Makna Kultural Pada Istilah Bidang Pertanian Padi Di Desa Boja, Kabupaten Kendal, Jawa Tengah (Sebuah Tinjauan Etnolinguistik)*. Semarang : JALABAHASA, Volume 13, Nomor 1 Tahun 2017
- Yule, G. (2006). *The Study of Language*. Cambridge:CUP.

LAMPIRAN

Lampiran 1. Tabel Analisis

TABEL ANALISIS TOPONIMI NAMA PANTAI WONTEN ING KABUPATEN GUNUNG KIDUL

No	Nama Pantai	Konteks Budaya			Makna		Nilai Budaya
		G	A	B	Leksikal	Kultural	
1	Parangendog			√	<p>Parangendog (Parang + endhog) Parang → engg. Kn. karang, wadhas ing segara (Poerwadarminta, 1939:472) Endhog → n. Tigan (Poerwadarminta, 1939:122)</p> <p>Karang wujud kados tigan.</p>	<p><i>Peralatan anggenipun gesang</i> ingkang awujud watu karang ingkang abot sumebar wonten ing peden ngandhap pasir, saha wujudipun kadosta endhog wernipun pethak. Batu menika dipunpadosi masarakat sakiwa tengenipun pantai ingkang dipunginkaken kangge damel pondasi griya, hiasan aquarium, saha hiasan wonten griya.</p>	Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya sumber daya alam)
2	Kesirat	√			<p>Kesirat asalipun saking kaserat (ka + serat) Serat → k. ditoelis (Poerwadarminta, 1939:339). Ater-ater (ka-) nedhahaken sampun.</p>	<p>Panggenan sakral saha gadhah sejarah ingkang <i>dipunpercaya</i> masarakat minangka panggenan kangge mertapa nalika gadhah pepinginan ingkang sakmangke dipunsukani wangsulan kaliyan roh ingkang njagi gua menika.</p>	Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mistis utawi percaya kaliyan roh-roh priyantun sepuhipun)

					sampun dipuntulis.		
3	Wohkudu		v		<p>Wohkudu asalipun saking kudu woh Kudu → k; 1 ak. Derenging ati tansah arep, 2. Mesti wadajib ditindake (Poerwadarminta, 1939: 232) Woh → kn. 1 pentil kang wis tuwa, 2. Pikoleh (Poerwadarminta, 1939:668)</p> <p>mesthi wajib ditindake supaya pikoleh.</p>	<p>Kudu woh menika pengarep-arep priyantun sepuh jaman kepengker supados panggenan menika saged nyukani berkah kangge masarakat sakiwa tengenipun. Menika jumbuh kaliyan kasunyatanipun, pantai ingkang rumiyen namung dipunginakaken kangge ngarit saha mados iwak kangge nyekapi kabetahan, sakmenika langkung misuwur saksampunipun wonten priyantun ingkang sami rawuh wonten pantai menika. Panggenan menika sakmenika dados <i>sumber penghasilan</i> masarakat pantai minangka panggenan wisata. Masarakat sami sadeyan wonten pantai menika, ugi wonten ingkang buka wc umum.</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya sumber daya alam)</p>
4	Gesing		v		<p>Gesing menika sejatosipun namnipun gesing panjala mulya. Gesing → sunan gesing Panjala → jala : kn. djarung sing mawa tampang</p>	<p>Gesing panjala mulya menika asalipun saking <i>kapitadosan</i> masarakat mriku nalika nama menika pikantuk saking bisikan priyantun mboten ketingal adhedhasar sunan gesing ingkang mertapa wonten watu congot saha saged dipunsalemetaken kyai jala ingkang nate ical wonten segara menika. Kyai jala ugi</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mistis utawi percaya dhumateng roh-roh priyantun sepuhipun)</p>

				(Poerwadarminta, 1939:78) Mulya → ak. Sarwa kacukupan lan seneng uripe (Poerwadarminta, 1939:324)	dipuntemokaken amargi riyang sepuhipun mertapa lajeng mbucal sega kepelan kaliyan jala dhateng segara. Inggang saksampunipun masarakat disuwun pamarintah kangge mulyakaken pantai menika supados saged dipunmanfaataken jkaliyan masarakat wonten mriku.	
5	Buron	√		Buron → k. Kc. Buru (Poerwadarminta, 1939:54) panambang (-n) nedhahaken panggenan. Panggenan kangge buru.	<i>Kapitadosan</i> saking priyantun sepuh inggih menika nalika kangge mados iwak utawi mados hasil laut toyanipun anteng, ananging nalika wonten rame-rame wonten ing pantai, toya saged ageng sakwekdal-wekdal kadosta mburu priyantun.	Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mistis utawi percaya dhumateng roh-roh priyantun sepuhipun)
6	Nguyahan		√	Nguyahan (Ng + uyah + an) Uyah → n. Sarem k. Ar jasad rasane asin asal saka kenthele banyu segara (Poerwadarminta, 1939:436) Ater-ater (ng-) nedhahaken tembung kriya, panambang (-an) nedhahaken panggenan.	<i>Mata pencaharian</i> masarakat nguyahan inggih menika damel sarem. Amargi kangge mundhut sarem menika panggenanipun tebih saha reginipun awis. Satemah masarakat sami damel piyambak kanthi manual kangge dhahar supados dhedhaharan menika wonten raosipun. Sarem menika ugi kangge dipunsade minangka pegawean kangge nyekapi kabetahan padhintenan.	Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya kawontenan saha sumber daya alam, prigel)

					Panggenan kangge damel uyah.		
7	Ngobaran	√			<p>Ngobaran (Ng + kobar + an) Kobar → engg. Kn. kobong (Poerwadarminta, 1939:241) Ater-ater (ng-) nedhahaken tembung kriya), panambang (-n) nedhahaken panggenan.</p> <p>Panggenan kangge kobong.</p>	<p>cariyos lampahipun Prabu Brawijaya ingkang muksa kanthi ngobong dhiri wonten ing pantai menika. Muksa kanthi ngobong dhiri menika cara Prabu Brawijaya supados mboten nyengsaraken rakyatipun kanthi meksa kedah pindhah kapitadosan, saha supados mboten perang kaliyan putranipun. Saking cariyos menika ngemot makna filosofi masarakat jawa inggih menika <i>ngluruk tanpa bala, ngalahake tanpa ngasorake</i>. Filosofi menika gadhah makna bilih kangge ngrampungaken perkawis mboten kedah kanthi perang ananging ugi saged kanthi siasat, menawi menang ugi mboten pikantuk ngasoraken lawanipun.</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan mangsa sanesipun (hormat saha rukun)</p>
8	Ngrenehan	√			<p>Ngrenehan → (ng + reneh + an) Reneh / mreneh → k. menyang ing kene (Poerwadarminta, 1939:333)</p>	<p>Cariyos Prabu Brawijaya V ingkang nate mapan wonten ing pantai menika sawetara kangge umpetan saking putranipun Raden Patah. Wonten panggenan menika ugi Prabu Brawijaya nimbali punggawanipun kangge sami kempal wonten ing panggenan menika. Ananging ingkang</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan mangsa sanesipun (rukun saha patebayan)</p>

				<p>Ater-ater (ng-) nedhahaken tembung kriya, panambang (-n) nedhahaken panggenan.</p> <p>Panggenan ingkang kedah diparani.</p>	<p>niatipun namung sawetara malah dados dangu amargi sami kempal saha wicantenan wonten panggenan menika. Dumugi sakmenika sinten kemawon ingkang sami tindak dhateng pantai ngrehan ingkang niatipun namung sekedhap, kasunyatanipun dangu. Senajan mekaten priyantun ingkang sami sadayan wonten pantai menika, nalika wonten ingkang sami pinarak wonten pantai menika dipunsukani unjukan saha dipunajak wicantenan. Wonten ugi ingkang malah dados sederek.</p>	
9	Widodaren	√		<p>Widadaren (widadari + an) Widadari → kn. dewa wadon (Poerwadarminta, 1939:662) Panambang (-an) nedhahaken panggenan.</p> <p>Panggenan ingkang wonten dewa wadon.</p>	<p><i>kapitadosan</i> masarakat kaliyan batu ingkang dados panggenan siram kangge widadari, satemah batu menika mboten pareng dipunicali utawi dipunewahaken. Semanten ugi <i>kapitadosan</i> masarakat kaliyan pantai menika, menawi wonten priyantun setri ingkang pengen cepet palakrama, nalika tindak dhateng pantai menika saged cepet anggenipun palakrama.</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mistis utawi percaya dhumateng roh-roh priyantun sepuhipun)</p>
10	Kayu Arum		√	<p>Kayu Arum (kayu + arum) Kayu → n. Kajeng k deleging wit-witan</p>	<p>Kayu arum menika panggenan ingkang wonten kayu ingkang gandhanipun arum. Kayu menika dipunginakaken masarakat <i>kangge damel geni</i> ingkang</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya kawontenan alam saha</p>

				<p>(Poerwadarminta, 1939:180) Arum → kn. wangi (Poerwadarminta, 1939:19)</p> <p>deleging wit-witn ingkang wangi.</p>	<p>dipunginakaken <i>kangge masak</i>. Kayu ingkang dipunginakaken menika kayu cukilan, setunggal meter kayu cukilan sampun saged kangge godhog wedang setunggal ceret saha mapinten-pinten masakan. Ananging kayu menika gandhanipun arum nalika dipunbakar wonten pantai kayu arum kemawon. Nalika dipunbeta kondur sampun mboten medalaken gandha arum.</p>	<p>sumber daya alam, prigel)</p>
11	Baron			<p>Baron asalipun saking tembung baran Baran → I. Engg. Kn. tegal (ara-ara) panggonan (duweke wong akeh), II. Panas kn. ak: panasten, nepson. (Poerwadarminta, 1939:31)</p>	<p>Cariyos perang antawisipun Panembahan Senopati kaliyan Baron van skeber wonten ing saklebitipun segara. Perang menika kalampahan 40 dinten 40 ndalu antawisipun Panembahan Senopati kaliyan Baron Skeber amargi baron skeber ingkang sombong mboten kersa wonten ingkang langkung sekti saking piyambakipun saha srakah badhe malakrama garwanipun Panembahan Senopati. Saking cariyos menika nedhahaken bilih baran menika ateges tilas panggenan paprangan antawisipun Baron skeber kaliyan Panembahan Senopati. Saking perang menika ugi nedhahaken bilih priyantun sombong saha srakah menika mboten mesthi katurutan menapa ingkang dipunpinginaken, amargi</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan piyambakipun (andhap asor)</p>

					taksih kathah ugi ingkang langkung pinter langkung sekti wonten ing donya menika.	
12	Kukup	√		Kukup → kn. dirangkup nganggo tangan loro, diopeni (Poerwadarminta, 1939:233)	Kukup menika sejatosipun panggenan kangge ngukup wangsit. Wonten ing lebetipun gua pantai kukup, wiwit jaman rumiyen dipunginakaken kangge semedi mados wangsit. Dumugi semanten goa menika ugi taksih dipunginakaken kangge semedi priyantun ingkang sami gadhah pepinginan utawi badhe ngicali sarak. Masarakat <i>pitados</i> bilih mertapa wonten gua kukup menika menapa ingkang dipunsuwun bakal kajabah.	Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mistis utawi percaya dhumateng roh-roh priyantun sepuhipun)
13	Ngrawe		√	Ngrawe (ng + rawe) Rawe → ar. tetuwuhan rambat sing godhonge nggateli (Poerwadarminta, 1939:522). tetuwuhan rambat sing godhonge nggateli	nama pusaka ingkang wonten ing gua pantai kukup-ngrawe, ingkang sakmenika wonten ing Keraton Solo. Keris menika dipun percaya masarakat pantai ngrawe gadhah kesaktian inggih menika adamel gatel sinten kemawon ingkang dipuntodhong ngagem keris menika. Keris menika ugi <i>namung saged dipunpendhet saha dipuntingali priyantun ingkang linuweh.</i>	Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mistis utawi percaya dhumateng roh ingkang mapan wonten ing saklebetipun pirantos)
14	Watu Kodok	√		Watu kodhok (watu + kodhok) Watu → n. Sela k. Barang atos kedadean saka panjendheling wlahar lsp	Watu kodok menika watu ingkang wonten ing ngandhap tebing pantai watu kodok wujudipun kados wujud kodok ananging nalika banyu taksih surut kemawon saged ningali watu menika. Adatipun watu	Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya alam saha prigel)

				<p>(Poerwadarminta, 1939:658) Kodhok → kn. ar. kewan bngs bancet, kongkang lsp (Poerwadarminta, 1939:242)</p> <p>Barang atos kedadean saka panjendheling wlahar awujud kewan bngs bancet, kongkang lsp.</p>	<p>menika kangge panggenan mancing. Saking watu menika masarakat gadhah <i>inisiatif</i> kangge <i>ngrembakakaken</i> pantai menika kanthi dipunbuka panggenan wisata supados saged ngindhakaken perekonomian masarakat.</p>	
15	Sepanjang lestari	√		<p>Sepanjang lestari (se + panjang) + lestari Panjang → jarakipun tebih saking pucuk dumugi pucuk (KBBI) Lestari → ajeg kadosta kawontenan sakderengipun, boten ewah, bertahan, kekal (KBBI)</p> <p>jarakipun tebih saking pucuk dumugi pucuk ajeg kadosta kawontenan</p>	<p>sepanjang lestari menika saking kondisi alam pantai menika ingkang dawa kirang langkung 1 km saha ngemot pengarep-arep masarakat menika supados pantai menika tetep lestantun saha warganipun rukun saha nyawiji ingkang kantidakaken kanthi ndamel pokdarwis kangge ningkataken saha nglestantunaken pantai sepanjang lestari kanthi rukun saha saling gotong royong.</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan mangsa sanesipun (rukun saha patebayan)</p>

				sakderengipun, boten ewah, bertahan, kekal		
16	Ngrumput		v	<p>Ngrumput (ng + rumput) Rumput → k. Suket (Poerwadarminta, 1939:533) Ater-ater (ng-) nedhahaken tembung kriya</p> <p>Panggenan kangge mados rumput</p>	<p><i>mata pencaharian</i> masarakat pantai ngrumput inggih menika ternak sapi saha menda. Kangge nyukani pakan ternakipun masarakat pantai ngrumput kedah mados rumput. Wonten ing pantai ngrumput menika masarakat sami mendheti rumput amargi rumput wonten panggenan menika ageng-ageng saha runggut. Rumput menika dipunpendheti dumugi telas, ananging saking telasipun rumput wonten panggenan menika ugi ndadosake sumber pakaryan enggal kangge masarakat menika. Telasipun rumput ndadosaken pantai menika ketingal, satemah masarakat pantai menika mbudidaya pantai menika dados panggenan wisata.</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya saha nglestantunaken alam)</p>
17	Drini		v	<p>Drini utawi setigi inggih menika tetuwuhan perdu ingkang tuwuh wonten ing pesisir (Baihaqi, 2017)</p>	<p>tetuwuhan ingkang tuwuh ing watu saha saha dipunginakaken kangge ngobati sedaya penyakit. Godhong drini ingkang dipuncemplungaken ing toya panas, nalika dipununjuk saged adamel mantun sedaya penyakit. Lajeng saking tlutuhipun ingkang saged ngedalaken eri kanthi dipunolesakin nalika kenging kewan ing</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya saha nglestantunaken alam)</p>

				tetuwuhan perdu ingkang tuwuh wonten ing pesisir	segara ingkang gadhah eri. Dados drini menika mlebet <i>peralatan anggenipun gesang</i> ingkang manpaatipun dados jamu.	
18	Krakal		√	Krakal → kn. 1 watu kang rada gedhe; 2 engg. Watu gamping (Poerwadarminta, 1939:248) watu kang rada gedhe	Krakal menika watu karang wonten ing <i>bibir pantai</i> . watu karang menika langkung awis nalika dipun sade satemah nuwuhaken adatipun masarakat ingkang sami mados watu karang kangge dpunsade. Watu menika dipunginakaken masarakat kangge damel pondasi omah saha hiasan taman. Ananging, sakmenika watu menika sampun mboten pareng dipunpendheti malih saksampunipun medal UU kangge jagi kalestantunan wosipun segara.	Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya kawontenan alam)
19	Pok Tunggal		√	Pok tunggal Pok → pc. Kateranganing woh (Poerwadarminta, 1939:506) Tunggal → k. 1 br. Iji, siji (Poerwadarminta, 1939:615) Kateranganing woh siji.	Wit ingkang namung wonten setunggal ing pinggir segara. Wit menika ingkang dados sumber mata air / tuk kangge masarakat pantai pok tunggal. Nalika mangsa ketiga sedaya masarakat anggenipun mendhet toya saking tuk menika. Adatipun menika sampun kalampahan wiwit jaman rumiyen nalika wit menika dipuntemokaken dumugi	Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya ingkan wonten ing alam kangge kabutuhan anggenipun gesang)

					sakmenika. Dados wit menika <i>sumber pagesangan</i> kangge masarakat pantai Pok Tunggal.	
20	Sarangan (Brubusan Temanten)	√		<p>Sarangan nama aslinipun brubusan penganten Brubusan (brubus + an) Brubus → engg. Kn. metu njedhul (Poerwadminta, 1939:61) Temanten → engg. Pc. Penganten (Poerwadminta, 1939:600)</p> <p>Penganten ingkang metu / njedhul.</p>	Brubusan temanten inggih menika panggenan ingkang dipuntemokaken penganten ingkang nate ical. Masarakat Gunung Kidul gadhah <i>kapitadosan</i> bilih wonten temanten ingkang dereng sepasaran mboten pikantuk dolan pantai, amargi saged cilaka.	Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mistis utawi percaya dhumateng roh-roh priyantun sepuhipun)
21	Sadranan	√		<p>Sadranan (asalipun saking tembung nyadran) Nyadran → kn. slametan (sesaji) ing panggenan kang kramat (Poerwadminta, 1939:352). Panambang (-an) nedhahaken panggenan</p>	<i>Kapitadosan</i> masarakat sadranan bilih icalipun pak tugeno menika wonten gayutipun kaliyan roh ingkang njagi segara kidul inggih menika Eyang Ratu Kidul, satemah kedah dipunwontenaken slametan kanthi nyukani sesajen dhumateng roh-roh menika supados para nelayan sami slamet anggenipun mados iwak saha minangka wujud panuwun	Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mistis utawi percaya dhumateng roh-roh priyantun sepuhipun)

				Panggenan kangge slametan (sesaji) ing panggenan kang kramat	dhumateng Eyang Ratu Kidul ingkang sampun paring rejeki saking segara.	
22	Sundak	√		Sundak → Asu lan Landak Asu → k:ar. Kewan kang loemrah diingoe ing wong (Poerwadarminta, 1939:20) Landak → kn. Ar. Kewan ngrikiti mawa woeloe kakoe lantjip-lantjip kaja eri (Poerwadarminta, 1939:259). Kewan kang loemrah diingoe ing wong ngoyak Kewan ngrikiti mawa woeloe kakoe lantjip-lantjip kaja eri	Sundak saking tembung asu ngoyak landak. Asu ngoyak landak menika adatipun masarakat pantai Sundak jaman kepengker inggih menika buron alas ingkang ngginakaken asu. Buronanipun landak kaliyan luwak. Landak saha luwak menika sakmangke dipunmasak lajeng dipundhahar piyambak. Satemah rumiyen kangge <i>nyekapi kabetahan gesangipun</i> masarakat pantai Sundak buron alas minangka <i>mata pencaharianipun</i> .	Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya sumber daya alam saha nglestantunaken alam)
23	Watu Lawang	√		Watu Lawang Watu → k. Barang kang atos kedadean saka panjendheling wlahar	Watu lawang inggih menika watu ingkang wujudipun bolong dipunginakaken kangge nyepakaken sesaji nalika sedekah laut. Kangge ngeleke sesajen kedah ngliwati watu menika, amargi	Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mistis utawi percaya dhumateng roh-roh priyantun sepuhipun)

				<p>(poerwadarminta, 1939:658) Lawang →kn: 1 dalam (bolongan) sing dinggo mlebu metu (poerwadarminta, 1939:263).</p> <p>Barang kang atos kedadean saka panjendheling wlahar dalam (bolongan) sing dinggo mlebu metu.</p>	<p><i>kapitadosan</i> masarakat menika watu menika minangka jalur hubung antawisipun dunia nyata kaliyan gaib.</p>	
24	Timang			<p>Timang → nimbang (KBBI)</p>	<p>Timang menika ateges dipuntimbang/dipunpikir-pikir kados pundi saenipun saking cariyos putranipun Pawira ingkang asmanipun Guna ingkang badhe dipunjodhokaken kaliyan rayinipun Manggala. Ananging si Guna mboten kersa, malah rabi kaliyan si Surti. Dados rayinipun manggala kesah saha kepanggih kaliyan Buyut Sari. Pungkasipun Buyut Sari nawani manggala kangge njodhokaken putranipun kaliyan rayinipun manggala. Wonten pantai timang menika sami nimang-nimang utawi nimbang-nimang kados pundi</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan piyambakipun (ngati-ati, ora grusa-grusu)</p>

					saenipun. Saking cariyos menika ngemot kawruh bilih priyantun jawa menika anggenipun ngrampungaken perkawis dipunpenggalih rumiyen kanthi ngatiati mboten namung waton, mboten grusa-grusu supados saged pikantuk asil ingkang sae.	
25	Nglambor	√		Nglambor asalipun saking tembung bengar-bengor. Bengar-bengor → jerit-jerit.	Nglambor asalipun saking cariyos icalipun temanten wonten ing pantai menika. Temanten ingkang dereng separeng dolan wonten pantai nglambor. Miturut <i>kapitadosan</i> masarakat gunung kidul, menawi temanten dereng genep separeng mboten pikantuk tindak segara amargi bakal cilaka. Nalika dateng pantai penganten menika kagawa ombak, priyantun wonten pantai menika sami bengor-bengor. Lurah desa ngawontenaken tayuban utawi rame-rame wonten ing pantai ateges kegem tanda supados penganten saged wangsul malih. Swanten rame menika dipunmaksud nyeluk penganten supados mireng saha mbalik ingkang dipunumpamikaken bengor-bengor.	Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mistis utawi percaya dhumateng roh-roh priyantun sepuhipun)
26	Jogan	√		Jogan → grojogan Grojogan → grojog + an	Jogan asalipun saking tembung grojogan. Grojogan menika grojogan ingkang dipunginakaken nini surti siram kangge	Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mistis utawi percaya

				<p>Grojog → kn. swaraning banyu mancur (Poerwadarminta, 1929:165). Panambang (-an) nedhahaken panggenan.</p> <p>Panggenan ingkang wonten swaraning banyu mancur.</p>	<p>ngicalaken sarak. Sarak amargi nini surti sampun nolak dijodhokaken kaliyan ramanipun. Dugi semanten grojogan menika taksih <i>dipunpercaya</i> masarakat saged kangge anggampilaken pikantuk jodho.</p>	<p>dhumateng roh-roh priyantun sepuhipun)</p>
27	Siung	√		<p>Siung → hasihing biyung Hasih (asih) → kn: tresna marang (Poerwadarminta, 1939:20) biyung → kn. 1 engg. Embok (Porwadarminta, 1939:44).</p> <p>Rasa tresna embok.</p>	<p>siung asalipun saking tembung hasihing biyung. Nama menika asalipun saking cariyos nini surti. Hasihing biyung menika ateges kasih sayang ibu dhumateng putrinipun. Inggih menika kasih sayang mbah lantur kaliyan nini surti. Cariyos menika ngandhut <i>pengarep-arep</i> supados masarakat pantai siung dados priyantun ingkang sami tulung tinulung, sami asih kaliyan sanesipun kados ingkang dipuntindakaken kaliyan mbah lantur dhumateng nini surti.</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan manungsa sanesipun (tulung tinulung, welas asih, tepa selira)</p>
28	Watu Lambung		√	<p>Watu → k. Barang kang atos kedadean saka panjendheling wlahar (Poerwadarminta, 1939:658)</p>	<p>Watu lambung inggih menika watu ingkang wujudipun kados lambung. Lambung menika <i>peralatan anggenipun gesang</i> ingkang kadamel saking kayu wujudipun kados krucut. Masarakat</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya alam minangka kabutuhan anggenipun gesang)</p>

				<p>Lambung → kn. 1 omah sing dianggo simpen pari (Poerwadarminta, 1939:278)</p> <p>Barang kang atos kedadean saka panjendheling wlahar ingkang wujudipun omah sing dianggo simpen pari</p>	<p>Gunung Kidul ngginakaken lumbung menika kangge nyimpen beras, amargi jaman rumiyen masarakat menika arang ingkang sami mundhut beras. Piyambakipun nandhur pari piyambak, lajeng supados beras hasil panen supados mboten dipunpangani tikus dipunsimpen ing lumbung.</p>	
29	Wedhiamba		√	<p>Wedhiamba (wedhi + amba) Wedhi → kn. lemah agal (krikil lembut-lembut) (Poerwadarminta, 1939:659) Amba → n. Wiyar, jembar (Poerwadarminta, 1939:8)</p> <p>Lemah agal (krikil lembut-lembut) ingkang Wiyar.</p>	<p>Pantai ingkang gadhah wedhi ingkang amba. Amargi lokasinipun ingkang wiyar, pantai menika panggenan pertama ingkang dipunmanfaataken masarakat desa Jepitu <i>kangge mados iwak ingkang sakmangke dipunsade saha kangge konsumsi piyambak</i>, amargi kathah iwak cakalang, cucut, lan sakpanunggalanipun tanpa kedah dugi tengah segara.</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya alam minangka kabutuhan anggenipun gesang)</p>
30	Sedahan		√	<p>Sedahan → sedah + an</p>	<p>Sedhahan asalipun saking tembung sedhah. Sedhah inggih menika suruh. Suruh inggih menika tetuwuhan ingkang</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya ingkang</p>

				<p>Sedhah → k. Suruh (Poerwadarminta, 1939:552)</p> <p>Panggenan kathah suruh.</p>	<p>dipunginakaken priyantun sepuh kangge <i>nyedah supados wajanipun kiat</i>. Bahanipun suruh, woh jambe saha kapur ingkang dipunlinthing dados setunggal lajeng dipungeget dumugi wajanipun sami abangabang. Dados, sedhah miangka <i>piranti produktif</i> awujud jejamuan amargi saged kangge ngobati penyakit.</p>	<p>wonten ing alam minangka kabutuhan anggenipun gesang)</p>
31	Dhadhapan			<p>Dhadhapan (Dhadhap+an) Dhadhap → kn: ar. wit (Poerwadarminta, 1939:100) Panambang (-an) nedhahaken panggenan.</p> <p>Panggenan ingkang tuwuh wit dhadhap.</p>	<p>Tetuwuhan ingkang kathah tuwuh wonten ing tegalan pantai dhadhapan. Masarakat pantai ngginakaken wit dhadhap menika kangge ngobati sakit benter lare alit. Piyambakipun ngginakaken godhong dhadhap amargi jaman rumiyen dereng wonten obat saha dokter wonten ing panggenan menika. Anggenipun badhe dhateng mantri panggenanipun tebih saha mboten wonten kendharaan, satemah masarakat ngginakaken menapa ingkang wonten ing alam.</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya ingkang wonten ing alam minangka kabutuhan anggenipun gesang)</p>
32	Ngusalan		v	<p>Ngusalan → ng + usal + an Usal → keong laut ingkang gadhah cangkang ingkang atos (Retno, 2014)</p>	<p>Usal menika kewan ingkang kados keong ananging cangkangipun atos ugi kathah khasiatipun, mliginipun kangge nambah stamina. Usal menika minangka <i>sumber ekonomi</i> masarakat pantai amargi anggenipun disade awis reginipun.</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mbudidaya ingkang wonten ing alam minangka kabutuhan anggenipun gesang)</p>

				<p>Ater-ater (ng-) nedhahaken tembung kriya saha panambang (-an) nedhahaken panggenan.</p> <p>Panggenan mados keong laut ingkang gadhah cangkang ingkang atos.</p>		
33	Greweng	√		<p>Greweng → growong Growong → Kn. 1 ing jero nggoronggong (bolong) (Poerwadarminta, 1939:165)</p> <p>Panggenan ingkang wonten bolonganipun.</p>	<p><i>Kapitadosan</i> masarakat pantai greweng dhumateng watu-watu wonten pantai greweng ingkang kados goa ingkang dipunjagi kaliyan macan putih minangka panggenan pertapan kangge nyuwun kasuksesan saha lancar anggenipun panen</p>	<p>Gegayutan antawisipun manungsa kaliyan alam (mistis utawi percaya dhumateng roh-roh priyantun sepuhipun)</p>

Keterangan :

G : Gagasan/Ide

A : Aktivitas

B : Pirantos/Artefak

Lampiran 2. Pedoman wawancara

PEDOMAN WAWANCARA

“Toponimi Nama Pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul (Kajian Etnolinguistik)”

A. BIODATA

Nama :

Panggenan, wanci lair :

Yuswa :

Alamat :

Jenis Kelamin :

Status :

B. PITAKONAN

1. Kados pundi mula bukanipun pantai ?
 - a. Sinten ingkang paring nama pantai / kados pundi asal-usul nama pantai ?
 - b. Kapan pantai menika dados dipunbuka dados panggenan wisata ?
2. Menapa makna saking nama pantai menika ?
3. Kados menapa kabudayan masyarakat setempat ?
4. Menapa makna saking makna pantai kaliyan kabudayan masyarakat setempat wonten gayutipun?

Lampiran 3. Transkrip Wawancara

TRANSKRIP WAWANCARA

“Toponimi Nama Pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul (Kajian Etnolinguistik)”

1. GIRIJATI

Pantai Parangendhog

CLW 1	
<i>Nama</i>	<i>: Sukardi</i>
<i>Tempat, Tanggal lahir</i>	<i>: Gunung Kidul, 6 April 1960</i>
<i>Yuswa</i>	<i>: 59 taun</i>
<i>Alamat</i>	<i>: Watugajah, Girijati, Purwosari, Gunung Kidul.</i>
<i>Jenis Kelamin</i>	<i>: Laki-laki</i>
<i>Status</i>	<i>: Pegawai Kelurahan</i>

P : “nuwun sewu Pak, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsu mula bukanipun pantai parangendhog, menapa bapak mangertosi kados pundi asal-usulipun saged dipunparingi nama pantai parangendhog?”

I : “Dados ndisik nika ting pantai nika telengan mba, kenging abrasi. Amargi abrasi nika dados pasire mbuka. Nah, pas pasire mbuka dados ketingal watu-watune niku mba. Watune ki bentuke bulet-bulet kados telur ning abot.

P : “Watune nika dipuginakaken kangge menapa Pak “

I : “Watune ki kae lo mba sik saiki sok dinggo bahan bangunan”.

P : “dados masarakat mriki sok mendheti batu nika kangge dipunsade malih pak ?”

I : “yo ho oh mba, ning kan saiki ora kaya ndisik mba, nek ndisik kan ketok kabeh watune, nek saiki kan pasire wis nutup. Saiki yo wis ana undang-undange ra oleh jupuk kekayaan laut”.

P : “ko saged le paring nama niku batu telur?”

I : “ha yo soale kan bentuke bulet-bulet kaya telur mba. Dadi ndisik ki ana wong manca sik golek batu telur, tekon karo wong kene karo ngenahi ngerto bentuke kaya ngapa. Nah seka kono wong kene dadi melu-melu le nyebut batu

telur, nek dijawake kan dadi parangendhog mba. Parang ki watu karang endhog ki telur.

P : “lajeng, wonten pantai menika wonten upacara adat kadosta labuhan ngoten mboten pak ?”

I : “ora mba, nek kui ning parangtritis malah kerep.”

P : ‘ Pantai Prangendhog dipun buka taun pinten ?

I : nek dibuka wis suwi mba, tapi nek dadi panggenan wisata kirang langkung taun 2016an.

2. BEDUG

Pantai Kesirat dan Wohkudu

CLW 2

Nama	: Kis
Tempat, Tanggal lahir	: -
Yuswa	: -
Alamat	: Karang, Girikarto, Panggang
Jenis Kelamin	: Laki-laki
Status	: Juru Kunci

P : “nuwun sewu mbah, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsa mula bukanipun pantai wohkudu saha kesirat, menapa mbah Kis mangertosi kados pundi asal-usulipun saged dipunparingi nama pantai wohkudu kaliyan kesirat ?”

I : Riyen niku ngeten mba, niku wonten sakral budaya jawa nggih. Ada cerita, dulu-dulunya itu ada orang ingkang namanipun kertasuara. Riyen niku mriki wonten sarang walet niku gedhe. Niku dicolong priyantun namine tapak benthong, niku sekti, niku saged mateni wong sik nyolong sarang lawet niku. Terus dijenengi kertapati saking kademangan. Niki saking trah mataram ketiga kesirat niki. Nah sing jaga sarang lawet niku asmane nitikrama. Nggeh priyantun ngriki sing jaga. Lajeng saben setahun sepisan nek musing sanga, mriki wonten perayaan larungan sesaji. Niku mangke ngagem seragam jawa. Niku mangke dipuntekani HB 8. Dugi semanten.

P : Niku ket riyen nggih pak ?

I : nggih niki ket riyen mba, La ket jaman sing ngayahi sesaji riyen. Nah riyen niku nek priyantun tani sik kekurangan jawah, nandur palawija mboten dadi la gek wingi angsal petunjuk ken paring sesaji wonten mriku gek mangke pun paringi jawah. La niku pun uri-uri ket jaman riyen dumugi semanten. Dados nek tekan kula niki pun turun 3.

P : mapannipun wonten pundi pak ?

I : wonten gua nika mba, guane niku lawangipun alit, dados mlebetipun ndhodhok riyen mangke ting lebetipun saged ngadeg mba.

P : Dados wonten mriki panggenan kangge mertapa nggih pak ?

I : nggih mba

P : Lajeng ko saged dados mertapa niku kados pundi pak ? Menapa mboten menapa-menapa panggenan sakral kangge pariwisata ?

I : Nek saged dados wisata niku lak merga tebinge niku mba, tebinge nika kangge sunsetan. Wiwitipun saking priyantun mancing, dangu-dangu kathah pengunjung dhateng mriki. Saking mriku lajeng dipunkembangaken masarakat dados panggenan wisata. Ning mangke dipunparingi wates mba kangge panggenan sakralipun dados nggih mboten menapa-menapa. Menawi bade nindakaken upacara adat utawa badhe mertapa mangke dalane beda mba, dalane mitu mrika nika, jalure kedah medal mriku.

P : Menawi nama kesirat menika maknanipun menapa pak ?

I : kesirat menika jane kaserat mba, tertulis. Dados niki niku sampun pakem. Riyen niku ket jaman pak Sri HB 9 niku nggih sering mriki mba. Wonten mriki niku wonten petilasane Brawijaya V mba. Dados sejatosipun nggih kaserat ning le nyepetke kesirat. Niku sik paring mangertos nggih priyantun mriki ning mboten ketingal sik mbenerke aksarane mba. Nek wohkudu nika jane kudu woh, ning diwalik kaliyan priyantun mriki dados wohkudu.

P : Dados wohkudu menika sejatosipun kudu woh nggih pak ?

I : Nggih mba.

P : lajeng rumiyen mula bukanipun pantai wohkudu kados pundi ?

I : riyen nika, wonten priyantun setri kalih dugi mriki mba saking kesirat, nyuwun pirsaa pantai pasir putih wonten pundi malih. Lajeng kula paring ngertos dugi

mrika. Lajeng priyantun kekalih nika wau matur nek pantai nika dados rame 10 taun malih.

P : taun pinten niku Pak ?

I : kirang langkung taun 2008/2009niku mba.

P : Rumiye sakderengipun dados panggenan wisata, pantai menika dados menapa pak ? menapa taksih wujud alas menapa kados pundi pak ?

I : riye nggih sampun wonten pasir putihhe mba, wonten gua-gua, ning nggih mboten kangge menapa-menapa. Namung masarakat mriki ingkang sami ngarit wonten mriki. Ning goane nika nggih sok-sok kangge mertapa biksu-biksu ngoten mba mangke nglarungke sesaji.

P : Nggih dugi semanten pak ?

I : Sampun mboten nate akhir-akhir nika mba.

P : Menawi saking namanipu ingkang pun paring nama sinten nggih pak ? kenging menapa pun paring nama whokudu?

I : hanek niku priyantun sepuh jaman rumiye mba, jane niku kudu woh ning priyantun mriki sok le nyebut wohkudu.

P : Arti saking nama menika menapa pak ?

I : Nggih supados panggenan menika saged woh. Kasunyatanipun sakmenika pantai menika saged woh, ngrembaka paring pakaryan dumateng masarakat sakiwa tengenipun.

P : Menawi pun buka dados panggenan pariwisata wiwit kapan nggih pak ?

I : nek wiwit wonten pengunjung nika 2008 mba, nggih priyantun kalih nika wau, lajeng tambah malih tambah malih. Nek wiwit dibuka dados wisata nika taun 2015 mba.

3. GIRIKARTO

CLW 3	
<i>Nama</i>	<i>: Aris Sargiyono</i>
<i>Tempat, Tanggal lahir</i>	<i>: Gunung Kidul, 10 Februari 1958</i>
<i>Yuswa</i>	<i>: 61 taun</i>
<i>Alamat</i>	<i>: Bolang, Girikarto, Panggang, Gunung Kidul</i>
<i>Jenis Kelamin</i>	<i>: Laki-laki</i>
<i>Status</i>	<i>: Ketua Pokdarwis</i>

Pantai Gesing dan Pantai Buron

Transkrip pawicantenan wisata alam pantai buron saha gesing

P : “nuwun sewu mbah, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsu mula bukanipun pantai gesing saha buron, menapa mbah Surasa mangertosi kados pundi asal-usulipun saged dipunparingi nama gesing saha buron ?”

I : “Cariyosipun rumiyen badhe nglestantunaken segara gesing menika mba. Lajeng dipuntunjuk 3 priyantun kangge ngopeni segara menika. Tetiga priyantun mening antawisipunipun kyai Resa Sumitro, Kyai Tokrama, saha kyai Bala. Priyantun tetiga menika katunujuk supados nalika mangsa kapitu sami nuweni segara kidul ingkang klebet wilayang padhusunan mbolang. Nuwenipun mawi srana ngawontenaken sedhekah lalapan. Saklajengipun anggenipun wonten segara menika nyarengi dedekah lalapan inggih menika ngirim gantal dhumateng para pepundhen daerah pertapan segara menika. Saklajengipun mboten ngantos dangu, simbah tetiga menika mireng swanten ning mboten ngertos priyantunipun. Swanten menika kados mekaten “Besok ana rejaning jaman, jenengana alas kene alas gesing”. Menika dumadakan, Kyai sunan Gesing mertapa wonten pertapan mriku. Lajeng, nalika nuweni kawontenan segara ingkang saklejengipun, wonten priyantun sepuh ingkang madosi putranipun inggih menika Kyai Wanamenta. Lajeng piyambakipun nyuwun pirsu kaliyan simbah teiga wau. Simbah tetiga wau nyukani mangertos bilih wonten tepak lare ingkang gegujengan wonten ing kilen pertapan. Lajeng priyantun sepuh menika nyuwun mangertos dhumateng tetiga simbah menika, kados pundi caranipun supados saged kepanggih larenipun. Lajeng tetiga simbah menika nyukani mangertos bilih badhe kepanggih larenipun kedah mertapa wonten pertapan menika lajeng dipununcalaken sega sakepel ing segara nalika ombakipun ageng. Nalika katindakaken priyantun sepuh kalawaau sumerep larenipun ananging dereng saged nyepeng tanganipun, lare menika namung jumbul lep jumbul lep. Lajeng nyuwun pirsu malih dhumateng simbah tetiga wau. Ngendikanipun simbah tetiga wau, priyantun sepuh menika kedah tapa malih lajeng bibar tapa diken nguncalaken sega sakepel malih ananging kaliyan jala nalika ombakipun ageng. Lajeng nalika dipuntindakaken

lare menika ketingal lajeng dipunbalangi jala dipuntarik dugi ndaratan. Nalika sampun wonten pasiran, lare menika pamit badhe mendhet dolananipun inggih menika cupu wonten watu congot menika. Cupu menika wujudipun kothak nanging wonten isinipun gangsal. Inggang namanipun semar tinando, kalang kinanthang, kenthiwiri, dewi lwmbayung saha klobot. Cupu menika saged dipunginakaken dados jimat, nalika selasa wage cupu menika dipunbuka buntelanipun saking mori, sakmangke saged ketingal gamabar menapa seratan ingkang saged dipunginakaken tanda menapa ingkang badhe kadadosan saha ingkang sampun kadadosan. Cupu menika ugi saged dipunginakaken nalika gadhah pepinginan saha nyuwun kaslametan. Lajeng nalika tahun 2002, pantai gesing menika badhe dipunbudidayakaken kaliyan pamarintah, satemah pantai gesing menika lajeng dipundamel kados sakmenika dipunkelola pamarintah supados warganipun saged manfaataken segara menika kadosta dados nelayan. Pantai gesing menika dipunmulyakaken ingkang gadhah manpaat dhumateng warga sakiwa tengenipun. Saking cariyos menika, pantai menika lajeng dipunasmani gesing panjala mulya.

P : “lajeng dumugi sakmenika ugi taksih kathah ingkang nindhakaken pertapan pak?”

I : “nggih taksih mbak, wonten watu congot menika kangge nyuwun kaslametan, amargi wonten mriku dipunjagi kaliyan kyai panjala kaliyan kanca-kancanipun ingkang cacah pitu”.

P : “lajeng, menawi pantai buron menika kados pundi nggih pak ?”

I : “Buron menika ngendikanipun juru kunci mriki, jaman rumiyin jaman simbah bengen ngemutaken dateng lare-lare. Kowe nek do nyang segara mburon ojo gur sakgelemmu, dadi ojo rame-rame. Mburon kui paribasane gelem mburu wong, umpamane kowe de nyang sgoro kae rame-rame upamane segara apik disaba golek panganan neng kono iso, ning nek kowe do rame rame tetep banyune gedhe terus. Dados dumugi semanten ugi dipunpercaya kaliyan masarakat mriki mba”.

P : “Menika nggih dumugi semanten Pak ?”

I : “la nggih mba, percaya mboten percaya nggih mba, ning nggih kedadosan. Ombak wonten pantai mburon menika saged ujuk-ujuk ageng, dados nalika wonten ingkang sami ngecamp nika mboten pikantuk wonten mrika mba”.

4. KANIGORO

Pantai Nguyahan, Ngobaran, Ngrenehan, Midodaren, saha Kayu Arum

CLW 4

*Nama : Mangun Pahing
Tempat, Tanggal lahir : 1956
Yuswa : 63 taun
Alamat : Kranon, Kanigoro, Saptosari, Gunung Kidul.
Jenis Kelamin : Laki-laki
Status : tangan kanan juru kunci*

CLW 5

*Nama : Iswantoro
Tempat, Tanggal lahir : Kanigoro, 18 Agustus 1980
Yuswa : 39 taun
Alamat : Gebang, Kanigoro
Jenis Kelamin : Laki-laki
Status : Ketua Pokdarwis Pantai Ngobaran*

Transkrip pawicantenan wisata alam pantai nguyahan, ngobaran, ngrenehan, midodaren, saha kayu arum

Informan I

P : “nuwun sewu mbah, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsu mula bukanipun pantai greweng, menapa mbah Surasa mangertosi kados pundi asal-usulipun saged dipunparingi nama pantai nguyahan, ngobaran, ngrenehan, midodaren, saha kayu arum?”

I : “Ngeten mba, nek niki kan taksih mlebet sejarah majapahit, ngrenehan niku lak wonten sambung rapete kaliyan brawajaya, brawijaya itu kan raja kerajaan majapahit, brawijaya niku kan sedane ting ngobaran, niku brawijaya V. Dulu itu kan kerajaan-kerajaan saking keyakinan hindu kan jane ora seda ning murca, pindah-pindah ganti nama. Jadi gini mas, miturut nenek moyang pantai ngrenehan mriki niki kan angker, dadi nggak sembarang orang masuk ke pantai ngrenehan niki kalo belum musimnya disentuh dari orang kampung. Riye niku

wonten cerita, raden patih kepengin brawijaya masuk islam, akhire brawijaya murca-murca de'e ajeng diken sunah ning ngertose ken sunat, akhire murca, nah gadhah garwa asmane bondan surati. Niku, gandheng de'e tresnane gedhe kalih garwane, ditinggal murca garwane de'e goleki. Niku bondan surati kalih diyah loh wati. Nah, sing bondan surati digawa merca pertama ngantik nglembara beratus tahu, nah sing diyah loh wati tunggu wonten taman. Gandeng pun berapa abad murcane kanjeng ratu ko mboten wangsul-wangsul, diyah loh wati nangis-nangis nurut tebing pantai selatan. Niku nganti nyai loh wati nangis ngento-ento temetes ting pinggir tebing, niku tuwuh sing jenenge wit drini. Niku iluhi dewi loh wati. Nah, setelah niku nangis-nangis, murca-murca, enten pantai ngrehan brawijaya mertapa ting mriku. Sekabat-sekabate niku rak le do mlaku rak gandheng jenenge prajurit saya sayah saya sayah, la setelah brawijaya semedi ting pante ngrehan, ngawe sekabat-sekabate kalawau "ee renea pada renea to aku neng kene". Setelah niku isa kumpul bareng-bareng karo sekabat-sekabate kalawau. De'e ngawe-awe sekabate kalawau ngejak ...bujana, tujuane gur arep sakjam rongjam ning ternyata nganti berbulan-bulan ting pantai ngrehan niku. Setelah niku, sekabat-sekabate niku ngendika nek tekan reja rejaning jaman, pantai kene tak jenengi pantai ngrehan. Mulane daerah pundi wae, nek tekan pantai kene sing niate gur sedela, tekane ya suwe. Setelah itu berapa abad di pantai ngrehan niku nganti nek ana rejaning jaman, lempeng ngrehan gempal niku udan real. Ning nggih bukti niku mba, ngrehan niki mbiyen hutan mba, dadi latar barang wis dibangun mba, kula cilik niku nek simbah-simbah nyang ngrehan nek dereng mangsa labuh dereng angsal mba. Ning nek wis mangsa papat ngeten niki, warga kanigara damel galaran ting tengah-tengah batu. Galaran niku kados rambu-rambu saking daun-daunan kaya duk, daun maja, daun sukun. Mangke nek sesepuh kanigara pun dijawab, sakampung kanigara mriki sedaya mba, mangke nek pun dijawan, iwak-iwak sak ler galar niku pun boten saged napa-napa, pun kantun dipendeti mawon mba. Nah, sik lempeng gempal nika, nek direnungke saknyatane niku lak dibangun mba, metu duwite. Ternyata niku nggih jaman 2006 lak gempal bantul, tebing niku sami gempal mepeti kapal sami mlebu metu. Niki dikerja bakti

wonten biayane niki mba, dibiayai pemerintah, sing dokerjo do dibayar mba, padahal direseki nggo saba awake dewe, ning ko dibayar mba. Kan jumbuh karo unen-unen priyantun sepuh kalawau mba. Nah, setelah niku deweke murca maleh dugi ngobaran, tekan ngobaran rinyrn niku lak dugi pinten-pinten abad. Nah, raden patah niku ajeng ngoyak ramane niku wau, nah supados masyarakat sami caket kaliyan raden patah. Dewek'e ajeng ngembangke keyakinan agama islam, deweke ngedeke hiburan wayangan. Digambare purwa niku manungsa niku. Jane ngerti nek Brawijaya semedi ting mriku niku, ning deweke nyamar dados dalang. Nah, le dalang khotbah unsur agam islam. Akhire Brawijaya tuduh kalih raden patah. Nah niku nek manut sejaraha nenek moyang, aku tak sunah neng sesok rejaning jaman tak jaluk bali. Nah niku sik dereng ngertos mangke pripun. Setelah niku, wayangan ditonton, sakjane sik nonton sanes manungsa ning lelembut mba. La badare niku, mengko nek gara-gara utawa lelimbukan aja do noleh mburi, dhalange pun matur ngoten, soale nek noleh mburi ora kawula sik nonton. Barang wayahe geguyon do noleh mbure dadi ngerti nek sik nonton ora bangsane awake dewe dadi bubar. Akhire brawijaya le semedi ting ngobaran niku, ting ngobaran lak wonten pertapan. Nah, ngobaran niku disebut pantai penyepian. Nah, setelah niku sakderenge pantai mriki dibuka pantai nelayan, nelayan mriki gabunge ting baron. Nah, nelayan baron nek golek iwak ting ngajengan niki mentas ting mriki. Loh, ternyata ngrehan saged ngge darat kapal. Akhire nelayan sik merantau do ngritis gawe kapal kayu mba, kapal ditatah ngangge mesin 12pk mba, dirintis berkembang-berkembang. Setelah niku pemerintah desa pirsane nek ngrehan saged ngge darat kapal, akhire didamelaken gedung TPU. Kirang langkung sampun 15tahun, jaman saya maju nelayan sami saged usaha, wong sing do sugih duit tuku kapal ting mriki do dilakoke ning nelayane wong mriki. Barang de'e wis do due duit ngge tuku kapal ngge usaha. Dados niki kapal ting mriki nggene priyantun pribumi sedaya mba. Niku sik sami sadayan iwak, bojo-bojone nelayan sedaya mba.

P : “dibuka taun pinten mriki pak?”

I : “kirang langkung taun 77 mba”.

P : “nek rame pengunjung taun pinten pak?”

I : “ sampun 15 taun niki mba”.

P : “kinten-kinten 2004 nggih pak?”

I : “nggih mba, riyen niku wonten mriki jaman kula niku, nelayan nek entuk iwak bingung le arep adol, dados mikul dugi kampung keliling. Nah, merga wong sing kepengen ben wong kampung sami ting ngrehan, niku matur hayo do ning ngrehan mengko tak nei iwak. Nah, cah enom-enom do mriki gawa gorok karo petel nggo gawe dalan brobos-brobos mba”.

P : “Menawi nguyahan, kados pundi mula bukane nggih pak?”

I : “nek nguyahan nika, riyen panggenan ngge damel uyah. Soale jaman penjajahan riyen napa-napa larang, dados do usaha dewe, mbangane tuku ra ana pasare.”.

P : “sakmenika taksih dipundadosake budidaya uyah pak?”

I : “pun dipindah mba, ting dhadhapan ayam, amargi kalawingi dicek kadar garamenya berkurang, ternyata malah kathah sik ting dhadhapan ayam dados dipindah”.

P : “Menawi pantai midodaren menika kados pundi pak?”

I : “hanek nika jane asmane midodari mba sanes midodaren, midodaren lak lare-lare sakniki le nyebut ngoten. Niku le nyeritake wong-wong sakniki, kados cah wedok-wedok cah enom-enom nek pengen gek rabi do nyang pantai supados berkah.”

P : “kadosipun wonten pantai menika wonten watu ageng ingkang wonten sambung rakete kaliyan namanipun pantai, ngendikane pak lurah batu menika kangge siram widadari, leres pak?”

I : “nggih leres, dari keyakinanane mbah juru kunci, mungkin dari mata batin to mba, mapane wonten mriku niku. Mulane batu niku mboten pareng dirusak. Nah riyen niku direncanake badhe didamel patung widadari ting caket watu niku ingkang sambung rapete kaliyan dongeng widadari niku. Jan-jane pantai sik bagus niku kayu arum mba.”

P : “Pun dadosaken panggenan wisata pak ?”

I : “taksih dipunrealisasi dados panggenan wisata mba”.

P : “ngendikane pak lurah nama kayu arum menika amarga mbakar kayu wonten mriku kayune dados mambet arum, leres mboten pak?”

I : “nggih leres mba”.

P : “ko saged mbakar kayu wonten mriku kados pundi pak?”

I : “dados riyen niku, setiap pantai nate kangge damel uyah mba. Wonten kayu arum lak wonten guwa mba, mriku niku tangga kula mbah rejo damel uyah wonten mriku. Bapak kula uga ndhrek nguyahi wonten mriku. Dados nek ngobong kayu sing gandhane arum niku kayu cukilan. Kayu cukilan niku nek ngge masak napa mawon awet tenan, ngge nggodhog wedhang matenge sakceret. La kayu niku nek dibakar gandhane wangi tenan. Niku mboten tinancep ting lemah nanging ting watu mba. Ageng niku mba kayune, atos. Neng nek le mbakar mboten ting kayu arum nggih mboten mambu kayune niku mba. Kula sampun nate nyobi niku mba.”

Informan II

P : “nuwun sewu mbah, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsu mula bukanipun pantai greweng, menapa mbah Surasa mangertosi kados pundi asal-usulipun saged dipunparingi nama pantai nguyahan, ngobaran, ngreneh, midodaren, saha kayu arum?”

I : “Jadi miturut sejarah simbah, ngobaran itu awal mulanya kan waktu runtuhnya kerajaan majapahit, kan runtuhnya majapahit Brawijaya bukan orang islam waktu ada jajahan islam itu kan masuk ke pulau jawa, awal mulanya itukan di majapahit. Nah, karena Brawijaya nggak mau masuk ke agama islam, dia melarikan diri dari rowulan. Dia melarikan diri bukan karena takut, tapi dia nggak mau perang karena raden patah kan anaknya. Nggak mau perang akhirnya dia lari dari majapahit, Cuma ada beberapa tempat yang disinggahi beliau, dan yang terakhir di Ngobaran. Karena nggak mau perang sama anaknya, akhirnya beliau membuat api dan beliau masuk ke dalam api itu. Tapi beliau kan nggak semudah itu matinya, karena beliau kan ratu, yang namanya orang jaman dulu kan wong kang linuwih, untuk menghilangkan jejak beliau kan masuk kesitu. Akhirnya raden Patah kan pulang, dia bisa seneng

karena bapaknya sudah meninggal, soalnya dia kekeh dia nggak mau masuk ke agama islam karena saya punya rakyat. menurut ceritanya kan agama tidak boleh dipaksakan. Akhirnya orang jawa ada unen-unen jawa kan ngluruk tanpa bala ngalahake tanpa angasorake, nah itulah Prabu Brawijaya dengan Raden Patah karena itu tidak ada peperangan. Itu versi pertama, versi kedua ada yang mengatakan, keluarnya api itu kan istilahnya marah gitu. Tapi kalo saya yang saya yakini itu adalah versi pertama karena disini ada pertapaanya dan yang kedua itu ada sumber air tawarnya. Kemungkinan besar kalo menurut ceritanya kan itu kan dulu mukzizat sang kuasa cuman kan yang namanya raden paduka. sabda pandita ratu apa yang dia minta pasti akan terjadi”.

P : “lajeng bangunane niki wonten gayutanipun mboten pak?”

I : “Jadi, dulu karena ini petilasan Prabu Brawijaya, Sri Sultan Hamengkubuwono yang ke 9, itukan juga orang yang linuwih orang yang luhur, bikin tenger di sini itu candi yang di bawah dideket mushola, itu sekarang kan stupa dulu kan candi kecil. Awal mulanya ada candi yang depan ini kan punyanya sinuhun sri sultan HB X karena beliau napak tilas ramanya. Kalo yang patung-patung ini itu untuk nguri-uri kebudayaan jawi. Di patung-patung itu kan ada tulisan, nah itulah sifat-sifat manusia jaman dulu itu gunanya untuk mengingatkan manusia jaman sekarang biar punya prinsip seperti itu, kemungkinan akan damai. Kalau yang pura itu resmi untuk beribadah umat hindu, dulu dibawah karena napak tilasnya Prabu Brawajaya, tapi kan sekarang dibangun masjid jadi pindah ke atas, karena pada dasarnya kan dulu yang pertama kali di sini orang hindu dan jawa.

P : “pantai wonten ing saptosari saanesipun pundi nggih pak?”

I : “ngrehan, ngobaran, nguyahan, pantai ngeden, dadap ayam yang kedepanya akan dijadikan prabik garam, midodaren, mboyo”.

P : “sakng pantai menika wonten ingkang bapak mangertosi mula bukane mboten pak?”

I : “nguyahan, jaman dulu waktu jaman pagebyug, jadi kita kan mau beli garam aja kan susah mba, mau beli apa susah nggak ada pekerjaan, carane wong jawa ki ora enek buron apaapa arep buru adoh, sampe batang-batang pohon kates

dimakan, di parut terus dijemur terus dibikin kaya thiwul, jaman pagedyug nek cara wong mriki larang pangan. Nah, wong sini gadhah inisiatif membuat garam tapi kan manual, jaman dulu kan belum ada Cuma ada gentong. Hasil garam dijual di wonosari. Jadi nguyahan itu artinya tempat membuat uyah.

5. KEMADANG

Pantai Baron

CLW 6	
<i>Nama</i>	: Suwarji
<i>Tempat, Tanggal lahir</i>	: Kemadang, 15 Juli 1976
<i>Yuswa</i>	: 43 taun
<i>Alamat</i>	: Sumuran, RT 1/3 Kemadang, Tanjung Sari, Gunung Kidul
<i>Jenis Kelamin</i>	: Laki-laki
<i>Status</i>	: Anak Juru Kunci Pantai Baron
CLW 7	
<i>Nama</i>	: Sigit Pramudyanto
<i>Tempat, Tanggal lahir</i>	: Lendah, 10 Desember 1971
<i>Yuswa</i>	: 48 taun
<i>Alamat</i>	: Karangduwet, Karangrejek, Wonosari, gunung Kidul.
<i>Jenis Kelamin</i>	: Laki-laki
<i>Status</i>	: Kepala Bidang Sejarah, Bahasa, dan Sastra.

Transkrip pawicantenan wisata alam pantai Baron

Informan I

P : “nuwun sewu mbah, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsu mula bukanipun pantai greweng, menapa bapak mangertosi kados pundi asal-usulipun saged dipunparingi nama pantai baron ?”

I : “dados ngeten, ceritanipun mula bukane pantai baron dados nami baron. Rikala tahun ingkang rumiyen jaman simbah, sakderengepun nala karya, jaman nala karya niku rumiyen wonten pantai baron menika wonten pendhatang saking Belanda. Belanda menika badhe jajah negara Indonesia. Menika wonten Belanda ingkang setunggal inggih menika NASA ingkang dateng mriki nika mapanipun wonten pantai baron. Piyambakipun badhe pala krama wonten mriki, nanging mboten wonten wanita ingkang purun, piambakipun naminipun

menika baron skeber. Baron skeber rumiyen ngantos dados cerita, lelampahan kethoprak. Lajeng dipunbujung-bujung piyambakipun seda wonten ing Baron. Dados pantai menika dipunasmani pantai Baron. Engga sepriki pantai Baron menika dipunkunjungi taun 1916, menika wonten Belanda ingkang madosi ingkang asmanipun Baron skeber, nika mboten dipunketingalaken mboten dipunblakani. Saengga ngantos dugi sauntawes wekdal, menika ingkang manggehaken jasadipun, menika sekitar taun 1965/1966 menika dipunbeta dateng walanda. Saengga dugi sepriki pantai Baron dados sejarah. Lajeng bikaipun pantai Baron, menika dipunkunjungi dateng para-para wiwit taun 1967/1968 nanging dalanipun taksih laburan. Menawi dinten minggu radi rame ananging mobil mboten saged minggah. Lajeng angsal perhatian saking pemerintah, wiwit taun 1971 niku sampun wiwit wonten bangunan, dalanipun dipunaspal. Lajeng 1974 menika sampun wonten pengunjung. Dinten minggu wage, pantai Baron dipunresmikake, menika ramene mboten elok.

Nek priyantun riyen niku ngertos sakderenge winar, karena kalo orang dulu prihatinya mahir. Jadi dia itu sebelum kejadian sudah ada felling. Dados rumiyen, priyantun sepuh menika anakipun ajeng nyuwun arta taksih dipunsemayani. Suk le nek wis lempeng kukup jugrug kue sesuk udan duit koe iso jajan golek duit dewe, terus nek koe ndenangi le sesuk, ana ratan mujur ngetan pinggir segara kui geger wis ta titenana. Nek kula pikir-pikir, ndisik ki aku nek jajan disemayani jare nek lempeng kukup jugrug okeh duit. Ning estu, kukup dados rame, napa-napa pajeng. Pasir pajeng, kayu pajeng, karangan payu, asal gelem kerja. Terus yo kui ana ratan mujur ngetan pinggir segara kui geger, ning gegere geger lemper. Estu, sareng kula titeni, saben esuk niku wonge sampun mboten wonten omah, do golek sandhang pangan ting baron, lempere nganggur, sanepan. Mboten damel uleg-uleg, le uleg-uleg wonten Baron. Kula wedi riyen kula kinten geger peperangan jebule geger lemper.

Informan II

P : “nuwun sewu pak, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsa mula bukanipun pantai wonten ing Gunung Kidul, menapa wonten dinas kebudayaan gadhah buku utawa data mula bukanipun pantai wonten ing Gunung Kidul ?”

I :”dereng wonten mba, ananging kula sampun nate mangertos setunggal mawon mula buka pantai wonten ing Gunung Kidul. Namung pantai Baron.”

P :”kados pundi nggih pak, mula bukanipun ?”

I : “Berkaitan dengan terjadinya pantai Baron, itu adalah sebenarnya dari seorang bangsawan yang berasal dari Hindia-Belanda, namanya Baron van skeber. Dulu ketika Belanda menjajah di Indonesia, setiap kerajaan-kerajaan yang menjadi bawahan Belanda, maka dia harus menyerahkan upeti, atau semacam setor hasil panen kepada pemerintah VOC atau Hindia-Belanda. Tapi, ketika menyerahkan upeti itu tidak tentu, ada yang 13x setor kesana ada 6 bulan sekali setor kesana bahkan ada yang 1 tahun sekali baru setoe kesana. Setelah kejadian itu, maka pemerintah Hindia-Belanda ini mengevaluasi, meneliti, ini kok banyak kerajaan-kerajaan yang tidak rutin menyerahkan hasil buminya, pajaknya. Sehingga ratu bulhemina memberi tugas kepada seorang bangsawan yang bernama Baron van skeber disuruh datang ke nusantara. Dia berlayar dari Hindia-Belanda akhirnya sampai ke Surabaya. Dia mengambil upeti-upeti itu dijadikan satu disebuah kapal yang besar yang nanti akan dibawa ke Hindia-Belanda terhadap kerajaan-kerajaan yang belum menyerahkan hasil bumi. Disisi lain, bahwa Baron skeber ini adalah orang yang pandai bergaul, orang yang cerdas, orang yang pintar. Dia pandai dalam mensikap terhadap situasi yang terjadi di nusantara, sehingga dia belajar bahasa jawa, sehingga dia ketika berkomunikasi tidak perlu meminta bantuan orang lain. Ketika di Surabaya dia bertemu dengan beberapa sunan, seperti sunan ampel, sunan gersik, bahkan dia berguru kepada sunan kalijaga. Dia orangnya pintar tetapi dia sombong, dia merasa menjadi orang yang paling sakti, adigang, adigung, adiguna. Ini yang membuat sunan kalijaga tidak sreg dengan Baron skeber. Setiap orang sakti pasti ditantang Baron skeber, setiap ada informasi orang pintar, digdaya pasti dicoba, dan kebetulan orang-orang yang dicoba itu kalah dengan Baron skeber ketika bertarung. Sunan kalijaga merasa sedih karena

memiliki salah satu murid yang berilmu tinggi tapi sombong. Akhirnya untuk memberi pelajaran kepada salah satu muridnya itu, sunan kalijaga mengatakan sesuatu kepada Baron van skeber, “kalau kamu merasa digdaya, kalau kamu merasa linuwih, itu akan terbukti kalau kamu bisa mengalahkan Panembahan Senopati”. Mendengar perkataan itu, Baron skeber menjadi meradang, marah, dan dia segera ingin menjajal panembahan senopati. Ketika suatu saat di kerajaan Demak, sunan kalijaga sudah mempunyai rencana, untuk mengundang panembahan senopati bersama Baron skeber. Ketika sunan kalijaga mendakwahkan islam dengan sebuah cerita pewayangan, wayang kulit yang dulu namanya wayang beber belum wayang kulit itu dia berada di Demak, dan Baron skeber ini memiliki watak selain sombong dia juga suka melihat wanita cantik. Ketika ada wanita cantik dia pasti ingin menikahi. Dia tau kalau eyang panembahan senopati itu memiliki istri yang cantik. Ketika pagelaran wayang di Keraton Demak, sunan kalijaga mengetahui bahwa Baron skeber itu menggunakan ilmu ngraga sukma mecah raga untuk dia pergi ke mataram untuk menculik garwane panembahan senopati, tetapi sunan kalijaga orang waskita yang tau segala perbuatan baron van skeber. Sehingga, dia juga bilang pada eyang panembahan senopati, “bojomu arep dijupuk karo Baron van skeber dengan dia meraga sukma, tututono! Segera kamu pulang ke mataram”. Ketika Baron van skeber sudah sampai di mataram, dia sudah menguntit mgindik untuk masuk ke keraton, tiba-tiba panembahan senopati sudah ada di depannya, terjadilah pertarungan 7 hari 7 malam, tetapi tidak ada yang kalah tidak ada yang menang. Kemudian untuk memutuskan siapa yang unggul diantara mereka, atas petunjuk dari ki juru mertani, ahli strateginya keraton mataram dijak bertempur di lautan yaitu di pantai selatan. Sunan kalijaga mengetahui hal itu, sehingga beliau meminjamkan, kotang antrakusuma yang itu adalah baju yang merupakan sobekan dari pakaiannya nabi muhammad yang diberikan kepada wali sanga dan sebagian ageman itu adalah di asta sunan kalijaga yang dibuat perisai atau rompi, dia dipinjamkan oleh sunan kepada panembahan senopati ketika bertarung suwe-suwenan bertarung di dalam air. Hampir sekitar 40 hari 40 malam, maka Baron van skeber kalah, dia tidak kuat lebih lama lagi

sehingga dia ke permukaan, panembahan senopati tidak masalah karena dia memiliki itu dan dia juga mempunyai ilmu ngraga sukma, walaupun badanya di dalam, tetapi dia bisa keluar lautan dengan ilmu itu. Karena ada hubungan panembahan senopati dengan kanjeng ratu kidul, sehingga kanjeng ratu kidul tentunya juga membantu eyang panembahan senopat. Sehingga takluklah Baron van skeber ketika bertarung di dalam laut. Wujud kekalahan itu, akhirnya Baron van skeber merasa bahwa ilmunya belum apa-apa dibandingkan dengan panembahan senopati. Sehingga dia mengabdikan di mataram, dia menjadi salah satu senopati di kerajaan mataram, dan dia orangnya pandai sekali berbahasa jawa. Sehingga mengapa dinamakan pantai baran, itu yang menamakan eyang ki juru mertani dari kata baran.

Pantai Ngrawe saha Kukup

CLW 8

Nama : Samidin
Tempat, Tanggal lahir : Gunung Kidul, 27 Juni 1962
Yuswa : 55 taun
Alamat : Padukuhan Ngelo (ing Kukup)
Jenis Kelamin : Laki-laki
Status : Juru Kunci pantai Kukup

CLW 9

Nama : Ngatna
Tempat, Tanggal lahir : Gunung Kidul, 6 April 1961
Yuswa : 58 taun
Alamat : Watubelah, Kemadang, Tanjung Sari, Gunung Kidul.
Jenis Kelamin : Laki-laki
Status : Orang yang dituakan di watu kodok, ngrawe, dan kukup

Transkrip pawicantenan wisata alam pantai ngrawe saha kukup

Informan I

P : “nuwun sewu pak, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsu mula bukanipun pantai ngrawe saha kukup, menapa bapak mangertosi kados pundi asal-usulipun saged dipunparingi nama pantai ngrawe saha kukup ?”

I : “ Dados ngukup menika, sejatosipun ngukup wahyu. Dados panggenan mriki dipunginakaken kangge mertapa, saking rumiyen dumugi sakmenika mba. Ibarate priyantun ingkang sami mertapa wonten pundipundi menika pikatukipun pitudhuhipun wonten mriki niki mba. Soale nek riyen niku lak namung ilmu batin to mba, dereng kados sakmenika. Dados menapa wonten gegayuhan utawi gerah menapa kedah dipun prihatini menepi ngoten mba. Nek kula le ngarani mertapa ngoten mba, pinten dinten ngoten.

P : “adatipun pinten dinten pak?”

I : “nek sakmenika namung dipundadosaken pinten ngoten sing itungane saged 40 dinten, tapi nek rumiyen 40 dinten nggih 40 dinten tenan mba.”

P : “adatipun sami kangge nyuwun menapa pak mertapa wonten mriki ?”

I : “nggih kathah mba, wonten ingkang nyuwung kalenggahan, wonten ugi nyuwun kasarasan. Dados ngeten mba, kadang kan wonten penyakit sik mboten saged mantun ngagem obat, nah nek kados mekaten kan perlu dipuntirakati butuhke ngelak ngelih. Nek badhe sing paling mujarab nggih langkung dangu mba. Nek disik niku kan kathah barang angker, nah barang angker niku kan ben saged dijajah menika kan kedah diprihatini. Nah mangke ben saged dados setunggal antawisipun alam mrika kaliyan sik ketingal kan saged gabung kedah di paringi syukuran. Wong ngoten mawon sok kadang taksih wonten sik kesurupan nek taksih wonten sik mboten pener.

Informan II

P : “nuwun sewu pak, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsu mula bukanipun pantai ngrawe saha kukup, menapa bapak mangertosi kados pundi asal-usulipun saged dipunparingi nama pantai ngrawe saha kukup ?”

I : “Kalo ngrawe itu gini mba, pantai kukup itu kan ada sejarah dari kraton mangkubumi mba. Mangkubumi itu mengambil pusaka rawe, diambil dari gua yang dikukup menuju ke barat itu ada bangunan-bangunan itu ada trobosan gua yang kecil, kalo saya nggak cukup, tapi kalo allah meridhoi tetep penak saja. Itu guanya panjang namanya gua ngrawe, itu ada pusaka ngrawe yang bisa diambil mangkubumi, yang bila mana ada musuh mau nyerang kerajaan solo, dituding pake pusaka itu sudah gatelen semua. Dan orang-orang solo itu

banyak yang mertapa disitu. Pusakanya berbentuk keris mba, dan kerisnya tidak luk tapi kecil mba, paling 15cm. Dan kerisnya sekarang di solo mba. Dan itu tidak semua orang bisa mengambil dan melihat mba, hanya orang-orang tertentu saja.

Pantai Drini dan Ngrumput

CLW 10	
Nama	: Mangun Pahing
Tempat, Tanggal lahir	: 1956
Yuswa	: 63 taun
Alamat	: Kranon, Kanigoro, Saptosari, Gunung Kidul.
Jenis Kelamin	: Laki-laki
Status	: tangan kanan juru kunci

Transkrip pawicantenan wisata alam pantai drini saha ngrumput

P : “nuwun sewu mbah, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsu mula bukanipun pantai drini saha ngrumput, menapa mbah Mandung mangertosi kados pundi asal-usulipun saged dipunparingi nama pantai drini saha ngrumput ?”

I : “ Nalika jaman riyen niku priyantun sepuh le nyejarahke, bengen kayu drini nika luhing midodari.

P : “Cariyosipun kados pundi menika pak?”

I : “Dados jaman rumiyen Brawijaya nate ngili (umpetan) ing pengilon, riyen ting pengilon nika guwane mbuka mba, ning saiki sampun ketutup merga jugrug watu-watune. Nek rumiyen guwane niku mbuka mba wonten galare. Nah, merga ditinggal Brawijaya, bidadari kalawau nangis, luhe widodari kalawau tuwuh wit drini.

P : “kayu drini menika wonten khasiate menapa mboten pak?”

I : “oo niku keyakinan niku mba, dadi nek yakin daune niku, misale kengeng penyakit menapa mawon, daune dicuci terus disukani jarang diclupke diminum mangke penyakit napa mawon saged mantun mba”.

P : “Menawi ngidak kerang ingkang alit-alit wonten erine nika saged ngagem jetah drini menapa leres pak?”

I : “nggih saged mba, nek ditetesi jetah drini, mangke erine saged nyumul-nyumul piyambak mba, nek dibekta ting dokter malah sami mlingsep-mlingsep”.

P : “menawi upacara adat wonten mriki wonten mboten pak?”

I : “wonten mba, nek suronan niku wonten wayangan, labuhan. Kegiatane kathah wonten reog, jathil wonten, do macak jawa macak mataraman. Nek labuhan niku wonten sesajine barang mba, wonten buah-buahan, tumpeng-tumpengan, ndas kambing. Tradisi jawi taksih digunake wonten mriki mba”.

P : “nek pantai ngrumput menika priipun pak?”

I : “jaman rumiyen niku ngrumput menika alas sik mboten dikelola priyantun, dados nggih kangge pados pakan ternak.”

P : “nek sakmenika nggih taksih kathah rumputipun pak?”

I : “mboten mbak, pun telas rumpute, mulane pundadosaken panggenan wisata”.

P : “wonten pantai ngrumput nggih pun tindakaken upacara tradisi?”

I : “mboten mba, wong ngrumput menika enggal. Dados rumiyen pantai sik pertama kali dibuka niku baron, kukup, drini, krakal, ngrehan, sundak, gesing, dados saged ngedika ngoten soale kula ngertos sedaya. Taun 80-an nikuh taksih alas sedaya mriki mba. Rumiyen kula mbekta perahu mriki taksih pager pandan mba. Mung sing dienggeni nggen kula mengetan dugi kilen kali mriku kula kelola. Sareng maju majune jaman, kula ngerintis nelayan niku dadi. Nelayan nyuwun tempat ngge ngaso, lajeng kula nyuwun ijin kaliyan desa lajeng diiji dibagi kangge pemukiman nelayan, e malah dadi rame. Niku taun 86 le mbagi mba. Riyen kula tanemi jagung nek rendeng, nek ketiga ngeten niki nggih kosong, mboten wonten air. Petani mriki niku mung nunggu jawah. Nek mboten jawah nggih mboten tani.

Pantai Watu Kodok

CLW 11

Nama : Rugiyati
Tempat, Tanggal lahir : -
Yuswa : -
Alamat : Kelor Kidul, Kemadang, Tanjung Sari, Gunung Kidul
Jenis Kelamin : Perempuan
Status : Wakil Paguyuban

CLW 12

Nama : Ngatna
Tempat, Tanggal lahir : Gunung Kidul, 6 April 1961
Yuswa : 58 taun
Alamat : Watubelah, Kemadang, Tanjung Sari, Gunung Kidul.
Jenis Kelamin : Laki-laki
Status : Orang yang dituakan di watu kodok

Transkrip pawicantenan wisata alam pantai watu kodok

Informan I

P : “nuwun sewu bu, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsu mula bukanipun pantai watu kodok, menapa ibu mangertosi kados pundi asal-usulipun saged dipunparingi nama pantai watu kodok ?”

I : “Kalau untuk cerita watu kodok itu nggak ada mba, jadi kenapa dinamakan watu kodok ya karena ada batu kodoknya mba, nah batunya itu disebelah barat itu mba, tapi kalau air pasang ya tidak kelihatan batunya mba, kalau pas surut itu keliyatan bisa buat mancing. Tapi dulu waktu pertama dibuka sebagai tempat wisata, memang pernah dibuat batu berbentuk kodok, tapi itu hanya karena untuk menjawab pertanyaan pengunjung kalau menanyakan watu kodok itu batunya mana. Tapi sebenarnya batu kodok itu di sebelah barat itu mba.”

Informan II

P : “nuwun sewu pak, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsu mula bukanipun pantai watu kodok, menapa bapak mangertosi kados pundi asal-usulipun saged dipunparingi nama pantai watu kodok ?”

I : “Dinamakan watu kodok itu karena ada batu kecil di bagian ujung itu seperti katak, makanya dinamakan pantai watu kodok”

P : “yang memberi nama siapa pak ?”

I : “itukan anak-anak karang taruna aja, anak-anak karang taruna yang ada di pantai watu kodok itu, jadi dibukanya pantai watu kodok itu kan karena kita inginya wilayah selatan itu mempunyai zona, zona barat, zona, tengah, zona timur, itu kan zona timur kita bagi menjadi sepanjang dan watu kodok. Mengapa kita bagi? Supaya masyarakat semua bisa merasakan apa yang menjadi harapan masyarakat itu akan meningkat, kita bukakan itu wisata baru. Tahun 2002 kita buka jalan menuju pantai sepanjang dan watu kodok. Kita buka itu supaya masyarakat bisa masuk ke pantai tidak kesulitan. Setelah itu, aktivitas yang ada di watu kodok itu kita berikan tiga pedukuhan yaitu dukuh kelor lor, kelor kidul, kanigoro, inikan supaya masyarakat yang ada disana tidak menjadi penonton wisata lain, tetapi memiliki aktivitas meningkatkan perekonomian, dan dia selaku masyarakat memiliki pantai ko tidak bisa mengelola. Nah, setelah itu berkembang menjadi sekarang, watu kodok rame sepanjang rame itukan kita punya olah-olah pemikir-pemikir kita supaya masyarakat itu tidak kesulitan meningkatkan perekonomian.

Pantai Sepanjang

CLW 13

<i>Nama</i>	<i>: Priyo Subiyo</i>
<i>Tempat, Tanggal lahir</i>	<i>: -</i>
<i>Yuswa</i>	<i>: -</i>
<i>Alamat</i>	<i>: Nglaos, Kemadang Kecamatan Tanjung Sari, Gunung Kidul.</i>
<i>Jenis Kelamin</i>	<i>: Laki-laki</i>
<i>Status</i>	<i>: Ketua Pokdarwis Sepanjang</i>

Transkrip pawicantenan wisata alam pantai sepanjang

P : “nuwun sewu pak, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsu mula bukanipun pantai sepanjang, menapa bapak mangertosi kados pundi asal-usulipun saged dipunparingi nama pantai sepanjang ?”

I : “ kronologi pantai sepanjang, jadi dulu pantai sepanjang ini bukan lahan pertanian mba. Statusipun tanah SG (sultan ground) tanahnya gubernur. Dulu itu lahan pertanian, ketika dipergunakan untuk lahan pertanian itu kan, kalau musim kemarau seperti ini kan kekeringan, sehingga masyarakat kami di pantai ini posisinya miskin, nganggur, pokoknya ya terlantar. Ketika melihat seperti itu, saya berpikiran untuk menjadikan pantai sepanjang ini sebagai tempat wisata saja. Pantai sepanjang ini dibuka tahun 1993. Sementara baru jalan setapak, setelah diberi jalan setapak, lama-lama itu ada pengunjung yang datang, sehingga kita tidak memikirkan parkir untuk roda dua saja, tetapi dibuatkan roda empat, walaupun sifatnya baru sementara. Setelah lama-lama sini kan rame, akhirnya pantai sepanjang betu-betul dibuka obyek wisata. Dulu itu hanya yang sebelah timur belum sampe barat sini mba, tapi karena ada pengembangan ada peningkatan jumlah penduduk semakin banyak aktivitas semakin banyak dan berjualan semakin laku. Mula-mula dulu pantainya tidak sepanjang ini mba, hanya sebagian saja, dan dulu itu namanya bukan sepanjang mba, tapi pantai panjang. Tapi bapak tambahi awalan se- itu maksudnya dari ujung sampai ujung jadi satu bagian satu wilayah. Kita beri awalan se- menjadi sepanjang dan kita tambahi lestari menjadi lestari. Dulu anggota pantai sepanjang hanya 13 orang, lalu sesudah dibuka dan diberi kesempatan berjualan ternyata menjadi 260. Alhamdulillah dari lahan pertanian dan sekarang dijadikan tempat wisata dapat meningkatkan perekonomian warga kami yang dulu nganggur.

P : “Lajeng, makna saking nama sepanjang lestari menika menapa nggih pak?”

I : “kalau nama sepanjang lestari itu mengandung harapan mba, dari sepanjang dulu ya mba, sepanjang itu mengandung harapan dari panjangnya pantai 1km ini supaya menjadi satu kubu pokdarwis pantai sepanjang. Sedangkan lestari, semoga dari sekian hari ini dan sampe kapanpun ada pelestarian, peningkatan, dan kelanjutan yang sifatnya lestari, jadi tidak punah, tidak rusak dan tidak berdampak pencemaran.

Pantai Pok Tunggal

CLW 14	
<i>Nama</i>	: <i>Surahyo</i>
<i>Tempat, Tanggal lahir</i>	: <i>Gunungkidul, 27 Mei 1957</i>
<i>Yuswa</i>	: <i>62 taun</i>
<i>Alamat</i>	: <i>Tepus, kecamatan Tepus, Gunung Kidul</i>
<i>Jenis Kelamin</i>	: <i>Laki-laki</i>
<i>Status</i>	: <i>wakil ketua Pokdarwis</i>

Transkrip pawicantenan wisata alam pantai Pok Tunggal

P : “nuwun sewu pak, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsu mula bukanipun pantai pok tunggal, menapa bapak mangertosi kados pundi asal-usulipun saged dipunparingi nama pantai pok tunggal ?”

I : “Pertama pantai itu disebut pantai pok tunggal itu sekitar abad 16, jadi dulu daerah tepus ini masih daerah yang sangat dalam. Jauh dari informasi dan istansi, karena di jaman itu daerah tepus merupakan salah satu daerah pusat pelarian di jaman majapahit di abad 14. Ada satu sesepuh dulu yang menghuni, dan pantai belum dibuka karena angker. Nah ketemu tuk nya, tuk airnya sumber airnya, terus ada pohon satu yaitu pohon duras yang sangat tua. Diberi nama pok tunggal karena pohonya cuma satu itu dan sangat tua.

P : “lajeng menapa sumber air saking wit menika wonten manfaatipun kangge masarakat dugi sakmenika pak?”

I : “masih mbak, sumber air itu digunakan untuk penghidupan masyarakat sekitar tepus. Karena ketika kemarau panjang itu, warga tepus mengambil air dari pok tunggal. Dari jaman dulu begitu mbak.

6. SIDOHARJO

Pantai Brubusan Temanten, Sili, Sadranan, saha Sundak

CLW 15	
<i>Nama</i>	: <i>Cipto</i>
<i>Tempat, Tanggal lahir</i>	: <i>-</i>
<i>Yuswa</i>	: <i>-</i>
<i>Alamat</i>	: <i>Sidoharjo</i>
<i>Jenis Kelamin</i>	: <i>Laki-laki</i>
<i>Status</i>	: <i>Juru Kunci</i>

Transkrip pawicantenan wisata alam pantai sadranan, brubusan temanten, saha sundak

P : “nuwun sewu mbah, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsu mula bukanipun pantai sadranan, brubusan temanten, saha sundak, menapa mbah Cip mangertosi kados pundi asal-usulipun saged dipunparingi nama pantai sadranan, brubusan temanten, saha sundak?”

I : “nek saking kilen piyambak sarangan, terus krakal, nomer tiga slili, sekawan sadranan, terus ngandong, ngandong niku asline andong wulung, gek terus sundak, sundak nama asline wedhi bedhah, gek saged dijenengi sundak ki mergane riyen niku wonten wong buron alas, gek asu ngoyak landak ngoten lo mba, gek nyemplunge ning luweng sundak. Kulon sundak niku wonten pulangsawal ning sampun wilayah tepus lajeng tenggule lajeng wetane malih watu lawang gek sing wetan piyambak niku pok tunggal”.

P : “lajeng kangge sejarahipun kados pundi pak ?”

I : “nek sarangan niku sakjane jenenge ki brubusan temanten, sejaraha riyen wonten manten anyar dereng suwe gek pun mrika, ting pantai mrika gek ndilalae alangan pun ngoten mawon ilange ting mriku niku panggenane ting sarangan niku, dadi manten urung mangsane lunga ning dolan-dolan, mulane dijenengi brubusan temanten, gek mapane ting sarangan. Gek krakal slili mboten wonten napa-napa. Nek sadranan niku saben tahun dianakake pesta laut, nyadran niku lo mba, niku karena mriku petilasan. Riyen niku sik jenenge guru Pak Tugeno niku kan ilang, la mestine dipadose mboten ketemu, Pak Tugeno niku jalane sik ketemu dicantelke nika sik ngge nyadranan nika niku, neng lolose niku le semare niku ting gua slili”.

P : “dados pun paringi nama sadranan menika amargi kangge acara nyadran niku nggih pak ?”

I : “nggih, nggih niku sejaraha Pak Tugeno biasa golek iwak ning kok ora bali-bali mulih, ndilalae digoleki sing ketemu niku jalane sik dicantelake nggon watu, mulane nek nyadranan nika sok dicanteli jala panjang ilang niku. La nek sing ngetan niku ngandong, ngandong wulung niku jane gandhengane kalih

- Sokowati, niku cara carane pintu masuke nggen laut niku lak ting Sokowati niku. Mulane dijenengi andong wulung sokowati. La nek Sundak nika lak jeneng asline wedhi bedhah, ning karana priyantun-priyantun nek golek buron alas niku mlebet ting gua Sundak dados diarani Sundak, saka tembung asu ngoyak landak. La nek watu lawang nggih setiap taun kangge nyadran priyantun tepus”.*
- P : “Lajeng pun paringi nama watu lawang menika kados pundi pak ?”.*
- I : “karana niku kan, nek wong nyadran niku nglumpuke ting ngisor gua dados kados dene lawang niku mbak, mlebeta wonten mriku niku, sik do sodakoh wonte mriku niku”.*
- P : “ingkang pantai sadranan kalawau, ingkang pun maksud lolose menika menpa nggih mbah ? lajeng goa slili menika ingkang maksutaken dados petilasanipun Pak Tugeno ? menkaten mbah?”*
- I : “lolose menika ilang mba, Pak guru ingkang pun asmani Pak Tugeno menika rak lolose utawa ilange menika wonten goa slili menika, dados goa slili menika pun dadosake petilasanipun. Wonten gua slili menika pun dadosaken priyantun kangge nyeyuwun. Mboten namung masarakat Gunung Kidul mawon malah dugi DIY ingkang sami nyenyuwun wonten mriku.”*
- P : “Kathahipun sami nywonyuwun menapa mbah?”*
- I : “Ha nggih kathah mba, ngantos mboten saged pun etang. Nek sing kathah niku pun lancaraken hasil tani, mergane nek wong desa mriki lak kathahipun tani, terus digampangke jodho, nek wong kutha nika sami nyuwun jabatan, ngoten mba”.*
- P : “Lajeng, wonten acara nyadran menika kados pundi acaranipun mbah, menapa kemawon ubarampenipun?”*
- I : “Acarane nggih nika pun pasang jala panjang ilang nika ting watu riyen pun temokaken, kaliyan pun paringi sajen, sajene nggih kados biasane mawon, kados kembang telon, menyan, rokok. Nek acarane niku saben minggu pahing mba. Mangke ndalune wonten ledhek. Mergane ingkang pun senegi ledhek. Ledheke e nggih le njoged kedah madhep ngidul mba, soale mboten pareng ngungkuri, mangke ingkang sami gadhah panyuwunan utawa gadhah sakit, sami pun njoged sareng ledhek menika, njuk ngenjange saged mantun mba. Nggih*

percaya mboten percaya ning kapitadosanipun kados mekaten. Ning nek sik sami gadhah panyuwunan, adatipun pun kabulaken paling mboten ngentosi wayah nyadran malih. Gendhing kang ngiringi nggek kedah gangsal niku mba lan kedah urut.

P : “kenging menapa kedah gendhing niku mbah ? lajeng, kangge penari saged sinten mawon dados ledhek menapa wonten kriterianipun mbah?”

I : “Kudu gendhing niku mboten saged pun rubah, jumbuh kaliyan panyuwunane Pak Tugeno, Pak Sarijo, saha Kanjeng Nyai Kidul. Nek ingkang dados ledhek mboten sembarangan mba, menika asli Semin ingkang pun biasa dados ledhek ket riyen”.

P : “lajeng mbah, kalawau asal-usulipun pantai Sundak, kenging menapa saged asu ngoyak landak, wonten pantai kathah asu kalih landak menapa kadospundi mbah?”

I : “nggih wonten mriki kathah landak mba, ning nek niku mergane riyen wong buron alas nika lak mbeta asu kangge buron luwak, la dugi pesisir asune weruh landak terus dionyak mlebu goa ting pantai sudak nika, njuk ical. Mulane dugi semanten pun asmani sundak, asu ngoyak landak”.

P : “priyantun mriki asring buron napa mbah? Luwkipun kangge pun sade mbah?”.

I : “mboten mbak, namung dados konsumsi pribadi, warga mriki sok masak daging luwak, turene eco ngoten”.

P : “Dados pun adatipun desa mriki buron alas nggih mbah?”

I : “nggih mbak, riyen nek ting mriki sedaya griya gadhah asu mba, nggih kangge buron niku, sakniki mawon sampun jarang”.

P : “lajeng menawi brubusan temanten kalawau mbah, menapa nggih sampun dados adatipun priyantun mriki, menawi manten anyar mboten pareng tidak-tindak rumiyen ?”

I : “nggih mba, nek ting mriki nek manten dereng wonten sepasaran niku mboten pareng wonten pundi-pundi riyen, dados wonten mriki mboten wonten manten ingkang wantun ting pundi-pundi sakderenge sepasaran”.

7. PURWODADI

Pantai Timang, Nglambor, Jogan, saha Siung

CLW 16

<i>Nama</i>	: Saido
<i>Tempat, Tanggal lahir</i>	: Gunung kidul, 3 November 1967
<i>Yuswa</i>	: 52 taun
<i>Alamat</i>	: Wuluh, Purwodadi, Tepus, Gunung Kidul
<i>Jenis Kelamin</i>	: Laki-laki
<i>Status</i>	: Ketua Pokdarwis Siung

Transkrip pawicantenan wisata alam pantai timang, nglambor, jogan, saha siung

P : “ngeten Pak, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsas asal - usulipun nama pantai timang, nglambor, jogan, saha siung. Menapa Pak Saido mangertosi kados pundi mula bukanipun pantai siung menika?”

I : “nek siung niku saking tembung hasihing biyung ingkang tegesipun rasa tresnane wong tua karo anak”.

P : “Cariyosipun priipun kados pundi pak?”

I : “ceritane, dadi putra demang kedadang ajeng dijodoke putrane demang paliyan, nek jaman semanten rak bocah rung temu ning wis dijodojodoke. Saengga putra demang kedadang sing pawestri namane Surti niku mboten gelem tetep mbadal dhawuhe ramane. Piyambake matur Rama pokoke aku ragelem nek dijodoke karo putrane demang Paliyan, timbange aku dijodoke aku trimo mati wae, piyambake mlajar ngidul la terus dibujung, sarehne wis sawetara lunga, ditututi karo punggawa kademangan. Ki demang dhawuh saiki tututono Surti ning ngendi playune. Do ditutui ngidul ting arah mbaron nika, digoleki mboten ketemu ngantos sedinten sedalu mboten ketemu lajeng matur kalih ki demang, ki demang surti mboten kepanggih kepara sampun ngayu tuwuh (bunuh diri) diker punggawa kademangan Surti ki jegur segara. La nganti wis wilujengan (slametan) nganti tekan geblage nganti sewu dina, ngriku wis tenang. Nah, kawusanane Surti lak menggok kiwa malah ting arah watu lawang niku. Dugi jogan, piyambake kepanggih kalih priyantun sepuh, piyambake

cerita. Lajeng Surti ken adus kalih priyantun sepuh amargi erang-erange wong tuwa menawa nampik wong lanang niku bakal angel entuk jodho. La adus ning ngendi? Aduse ning grojogan kono. La saksampunipun bar siram, priyantun sepuh menika ngendika “yowes kanggo pengeleng-ngeleng lakumu nduk, tlatah kene tak jenengi jogan merga oleh banyu grojogan tak gawe siram jamas, kanggo guwang sarak”. Dadi jogan kuwi seka tembung grojogan. Lajeng Surti tindakipun ngetan dumugi watu lawang wonten pasar mriku, watu lawang niku sing jedake jembatan niku. La sing ting mriku mbah lantur, la ana bocah ning pasar ko ora bali-bali omahmu endi nduk?” kula mboten gadhah nggen mbah yen kepareng kula badhe dherek nyambut damel kalih simbah. Tanpa bosa-basi bocah mau dijak ning omahe, saksampunipun dijak ting mriku ora suwi meneh, si Guna putrane Pawira saking gunung Batur lak seneng kalih si Surti. Akhire pada-pada senenge, bar wis seneng dijodoke kalih wong tuane si Surti diajak ting Gunung Batur. Selang pinten-pinten taun, jaman mataram lama ingkang ratunipunpanembahan sinopati rak ngutus sunan kalijaga masang tapal bates pajang kaliyan mataram. Nalika semanten bebungahe Suta Wijaya niku rak dinei bupi pati kaliyan alas mentaok. La sing bumi pati dadi mataram, la alas mentaok dados pajang. Saksampunipun nanem bates, ko sunan kalijaga ngliwati desa sik gedhe banget iki ki melu sapa, kamangka urung ngasok ulu peti ning mataram ngaten. Saengga wonten mriku dicedaki-cedaki jare riyen sejaraha ngge pendherek Prabu Brawijaya ngaten. Saksampunipun, ko olah pepolatanmu ora cocok karo kahanan. Sebab ten mriku ngepasi adu jago, la saksampunipun di adu jagone, nek sik jenenge Pawira lak kondang pintere dadi saben adu jago, jagone sapa wae sik dilabruk mesti pecah ndase gek mati. La sunan Kalijaga, jago-jago sing matu wau ditumbasi. Sunan Kalijaga rak mboten piyambakan, didhereke namine kadak. La digeguyu ana bangke-bangke kanggo ngapa. La terus jago mau disiram seka sumber sik ana ning kono, barang wis disiram jagone urip meneh, kui merga patine ora seka sing kuasa, patine mergo seka manungsa. Nah, warga kana ngrasa dienyek wong urung kenal ko isa ngalahi kadigdayan, akhire do tukaran. Sakmpune tukaran akhire balane Pawira sik adu jago mau kae kalah. Yowes koe jenengmu sapa aku wis nungkul sik penting aku

sakanca aja dipateni. Aku ra bakal gawe pepati sik baku kowe nuruta dalam sik bener. La sik bener piye? Wis lerena kowe sik pada adu jago lan liya-liyane. Saiki pada manembah marang Gusti Allah. Saksampunipun do ngumpul, piye carane ayo ododo gawe tata cara sing anyar, dadi ora adu jago ning among tani lan manembah marang Gusti Allah. Saksampunipun ngoten, yo ben kena nggo pangeleng-eleng anak putune sesok, panggenan sing digawe adu jago merga kasektene Pawira jagone niku menyek watu lak tilas bercek-bercek nika dadi bekas nika lo, nah akhire gunung kalawau dijenengake gunung bercek, merga men kelingan ora baleni meneh tumindake Pawira sing gawe ulah ksekten tumrape jago nika wau rak terus dijenengi gunung bercek. La jago sing digabyok nganggo banyu nganti iso urip meneh men dadi pengeleng-eleng tak jenengi alas gebyok. Saksampunipun ngaten, si Pawira merga kasektene punjul saka liyane, ben duwe rasa percaya diri rumangsa dihormati tak kei jeneng kaki Pawira sekti merga kasektene punjul saking kancane. Saksampunipun diwenahi ajaran agama, sunan Kalijaga sakderenge kondur dateng mataram dhawuh lamun dadi desa ing kene iki ora reja merga panggenane kurang jembar, dadi saiki babato alas sakcedake kayu cempaka, kuwi bakalan dadi desa sing rejo. Guna sak rencange sik anake Pawira, akhire babatane ken ngindangi sunan Kalijaga. Kanjeng sunan tindak mriku mirsani kawontenan lan dhawuh, babatanmu wis katun wangun disawang yen lamun dadi desa jenengana desa winangun. Akhire wong-wong do pindah mriku. Ning karena silsilah pamarintahan kuwi kudune ana lurah, carik, bekel, lan demang sepiturute, kuwi kudu saranane kudu ana lurahe. Ning desa kuwi kudu ana lurahe, kamangka nek ora trah lurah utawa trah demang kuwi ora isa dadi lurah. La terus Surti matur, janjane kanjeng Sunan kula niku putra demang Kemadang sinaoso rencang-rencang niki dereng sami pirsane. Nah terus demang Kemadang diaturi apa cocok iki anaku, nah demang Kemandang kaget la terangane anaku jeh urip, la dicocoke terus saestu disengkake dadi lurah niku si Surti niku dai lurah wedok, kanthi gelar mbah kancing, merga diwenahi surat kekancingan saking ngarso dalem. Saksampunipun diwenahi kekancingan diurus ning kaki demang, janjane kowe melu sapa ko dadi kaya ngene. Kula pinanggih mbah lantur rama, wonten

tlatah watu lawang. La ning ndi ayo diparani rana, pethuk mbah lantur karo Surti Ki demang karo pendhereke saka kademangan. Yowis sineksenana tlatah kene tak jenegi siung merga hasihing biyung lantur karo nini surti.

P : “Kalawau grojogan ing pantai jogan toyanipun saking pundi nggih pak?”

I : “banyune saking mulut goa, goa mendala saking pinten-pinten sumber. Sumber goa mendala, goa mudal, lajeng sungai bawah tanah”.

P : “sakniki nggih taksih wonten grojogane pak?”

I : “nggih taksih, nek musim ngeten niki alit ning nek rendheng nika nggih kathah, soale kan banyune kangge kecukupan warga le mendhet ngge tengki nika, gek banyune mboten sempet nggrojog pun dipendheti”.

P : “lajeng, kalawau grojoganipun dipunginakaken kangge nolak sarik, menapa sakmenika ugi taksih pun percayani kados mekaten?”

I : “nggih seperangan taksih, dadi menawi mireng riwayat, cahcah do seneng adus ning ngisor grojogan, gen enteng jodhone, lare-lare pun asmani grojogan manten”

P : “lajeng menawi pantai nglambor menika nggih wonten gayutipun pak ?”

I : “Rumiyan ceritane wonten temanten sik dereng wonten sepasaran niku rak do ning segara nglambor, kamangka sampun do diandani aja ning segara nglambor nek temanten anyar. Durung ana limang dina pun mriku kan akhire keseret ombak. La sing ana pinggirane ki bengok-bengok nek ning kene ki bengor-bengor. Gek si para pejabat desa kan do tindak mriku nggoleki si temanten wau. La akhire temanten ketemu amargi sakderenge kepanggih lak nebake tembung si lurahe lamun isih kalap kalu gawene kanggo ning pemerintah, temanten iki bakalan tak anakake suka pari suka, arak dianake seneng-seneng. Nek jaman semanten kan tayuban, la saengga ngantos sakniki taksih tayuban. Nek setaun sepisan wonten acara tayuban ting nglambor niku. Nglambor niku saking tembung bengar-bengor mingan.

P : “Kepercayaan manten boten paring medal sakderengipun sepasaran menapa taksih pun percaya dugi semanten?”

I : “Taksih seperangan, yen le tindakan ting segara. Nek mboten ting segara mboten menapa-menapa”.

P : “Wekdalipun kapan pak? Dhasaripun menapa ?”

I : “Niku mboten mesti, mados wuku kalih wulan ingkang sae nganggo pathokan”.

P : “Lajeng pun ngetang sinten pak?”

I : “Sareng-sareng mba, perwakilan saking dusun sinau bareng dados setunggal wonten griya kula”.

P : “Menawi timang menika mula bukanipun kados pundi pak ?”

I : “Timang niku sarehne anake Pawira si Guna arep dijodoke kalih adhine manggala niku rak dadi permasalahan. Dadi anake si Pawira sik jenenge Guna ki yo waune ajeng dijodhoke adhine manggala sing asli saking Majapahit ning si Guna ora gelem malah ngepek si Surti. Akhire sik adhine manggala niku rak gela. Akhire ketemu kalih ki Buyut Sari, ki Buyut Sari niku sak ler pantai Timang desane niku. Ketemu mrika, gek nganake perjanjian rehne adhine manggala wau nangis ting Kabuyutan Sari ngepase wonten segara timang, niku rak do pirembagan do timbang-timbang, gek akhire nten watu sing kangge lungguhan do timbang-timbang. Kepiye golek solusi, yen kira ngono yo jodhoke wae karo anaku, si ki buyut sari kan ngoten. La akhire adhine manggala wau mlayu ngulon melu kabuyutan sari, akhire adhine manggala di pek karo anake ki buyut sari ning mergo saking rasa welas gek nganti do timbang-timbang. Nganti niku sumpah prastya sakderenge “sak derenge wonten dalan tembus sak anake turune Pawira kalih adhine Manggala bakalan ora akur nganti sakniki. Akure niku nggih sakwontene dalan tembus sing mubeng ngoten, arah timang ting danggolo”.

8. JEPITU

Pantai Wedhi amba, Jungwok, Greweng, Sedhahan, Dhadhapan, saha

CLW 17	
<i>Nama</i>	<i>: Suroso</i>
<i>Tempat, Tanggal lahir</i>	<i>: -</i>
<i>Yuswa</i>	<i>: -</i>
<i>Alamat</i>	<i>: Jepitu</i>
<i>Jenis Kelamin</i>	<i>: laki-laki</i>
<i>Status</i>	<i>: Masyarakat asli</i>

Ngusalan

Transkrip pawicantenan wisata alam pantai greweng, dadapan, wediombo, jungwok, sedhahan, saha ngusalan

P : “nuwun sewu mbah, kula enggar saking UNY badhe nyuwun pirsu mula bukanipun pantai greweng, dadapan, wediombo, jungwok, sedhahan, saha ngusalan. Menapa mbah Surasa mangertosi kados pundi asal-usulipun saged dipunparingi nama pantai greweng, dadapan, wediombo, jungwok, sedhahan, saha ngusalan ?”

I : “oh nggih, dados ngeten nduk, miturut nenek moyang, namine greweng riyen menika alas tutupan, anker. Dadi paribasane sapa mara mati merga saking wingite. Jaman nenek moyang ndisik ki pun kulina disaba sing asli mriki amargi wonten tepi menika wonten pertapan. Kulinane damel tapa-tapa. Malah priyantun saking jogja solo sami mriku. Rumiye wonten priyantun kutha ingkang mriki namanipun Pak Tadi ning pun tilar, kulinane tigang dinten tigang ndalu kepara ngantos pitung dinten pitung dalu. Ning rumiye greweng taksih rungkut mboten wonten sinar amargi saking rungkutipun kayu. Dangu-dangu mriki niku ditutup kangge hutan kayu jati nalika jaman penjajah. Sareng pun merdika kathah ingkang nyolong, senajan sampun wonten aturanipun menawi kecekel nalika nyolong nggih pun ukum, nek mboten nggih bebas mawon. Amargi kathah ingkang dicolongi, dangu-dangu kayune telas, ingkang sisanipun pun tebangi kaliyan masarakat umum. Barang mriki pun padhang, greweng menika taksih wutuh. Paribasan wonten mriki wingit, mangke mriki dipadoske wong tua sik ngerti, lakune angin mangke diguwang ing greweng niku, dados nglumpuk mriku ngantos anget ting mriku. Dangu-dangu wonten priyayi sik gadhah cekelan, lajeng nebak greweng niku, nalika nebak priyayine nggih slamet mboten napa-napa, mula dados padhang dugi sakmenika. Nah, menapa dipunparingi nama greweng amargi ing tegalan menika kathah gua-gua, batu-batu ingkang dhuwur-dhuwur growang-growong dados greweng.

- P : “Dados greweng menika amargi kathah gua kaliyan watu ingkang growong wonten pantai menika, lajeng sanesipun greweng ting jepitu wonten pantai menapa malih nggih mbah ?”*
- I : “Kathah, mriki niku nggih sing wonten pasire wiwit wedhiamba, jungwok, ngusalan, greweng, sedhahan, dhadhapan”*
- P : “lajeng asal-usulipun saking nama pantai menika, mbah Surasa mangertos mboten nggih?”*
- I : “nek miturut sejarah simbah, kados dene ngusalan nika, amargi laute kathah usale.”*
- P : “usal niku napa mbah ?”*
- I : “usal niku seperti keong ning tutupe atos, nah rehne kathah bangsa usal niku, dadi disebutne usalan, terus nek sedhahan, sedhahan niku miturut sejarah niku kathah wit suruh. Nek wong tua ning ndesa iki rak isih okeh sik do nyedhah, mula dijenengi sedhahan, nyedhah ki padha dhene nginang. Terus mangke nek dadapan, ning sandhing laut menika kathah dadape dadi dijenengi dhadhapan”.*
- P : “menawi wit dhadhap menika ugi pun manfaataken mbah ?”*
- I : “menawi dhadhap sreng ki kangge ngedhunke panas kae lo mba, nek wong jaman mbiyen kan rung kenal dokter, carane isih tradisional, yo kuwi nek ana cah cilik awake panas, le ngobati nganggo dhadhap sreng”*
- P : “lajeng menawi wedhiamba kaliyan jungwok menika kados pundi mbah ?”*
- I : “nek wedhiamba ki, miturut sejarah simbah, tekne pasire ki amba, cara carane dijenengi wedhiamba, nek jungwok kula malah mboten pati mangertos sejarah, ket riyen jenenge ki wis jungwok”.*

Lampiran 4. Dokumentasi

DOKUMENTASI

“Toponimi Nama Pantai wonten ing Kabupaten Gunung Kidul (Kajian Etnolinguistik)”



Gambar 1. Pantai Parangendog (sumber : google image)



Gambar 2. Pantai Kesirat



Gambar 3. Pantai Wohkudu



Gambar 4. Pantai Gesing



Gambar 5. Pantai Buron (sumber : google image)



Gambar 6. Pantai Nguyahan



Gambar 7. Pantai Ngobaran



Gambar 8. Pantai Ngrenehan



Gambar 9. Pantai Widodaren (sumber : google image)



Gambar 10. Pantai Kayu Arum (sumber : google image)



Gambar 11. Pantai Baron



Gambar 12. Pantai Kukup



Gambar 13. Pantai Ngrawe



Gambar 14. Pantai Watu Kodok



Gambar 15. Pantai Sepanjang Lestari



Gambar 16. Pantai Ngrumput



Gambar 17. Pantai Drini (sumber : google image)



Gambar 18. Pantai Krakal (sumber : google image)



Gambar 19. Pantai Pok Tunggal (sumber : google image)



Gambar 20. Pantai Sarangan (Brubusan Temanten) (sumber : google image)



Gambar 21. Pantai Sadranan (sumber : google image)



Gambar 22. Pantai Sundak (sumber : google image)




Gambar 23. Pantai Watu Lawang (sumber : google image)



Gambar 24. Pantai Timang (sumber : google image)



Gambar 25. Pantai Nglambor



Gambar 26. Pantai Jogán (sumber : google image)



Gambar 27. Pantai Siung



Gambar 28. Pantai Watu Lumbung (sumber : google image)



Gambar 29. Pantai Wedhiamba



Gambar 30. Pantai Sedhahan (sumber : google image)



Gambar 31. Pantai Dhadhapan (sumber : google image)



Gambar 32. Ngusalan (sumber : google image)



Gambar 33. Pantai Greweng (sumber : google image)